



Reproduksi GOLDEN LETTERS Writing Traditions of Indonesia, 1991-94

1991
1992
1993
1994
1995
1996
1997
1998
1999
2000
2001
2002
2003
2004
2005
2006
2007
2008
2009
2010
2011
2012

Astungkara Media

Dukuh, Tangkilan, Sidoarum
Godean, Sleman, Yogyakarta 55564
Telepon 0274 - 786 3130




KOMPREHENSI TULIS

Kaimpun dening Hesti Mulyani

Astungkara
media
2013

KOMPREHENSI TULIS

Kaimpun dening Hesti Mulyani



Reproduksi ILLUSTRATIONS The Writing Traditions of Indonesia, 1996-199

Astungkara
media

KOMPREHENSI TULIS




Ketentuan pidana Pasal 27 UU No. 19 tahun 2002

1. Barangsiapa dengan sengaja dan tanpa hak melakukan perbuatan sebagaimana dimaksud dalam Pasal 2 ayat (1) atau Pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dipidana dengan pidana penjara masing-masing paling sedikit 1 (satu) bulan dan/atau denda paling sedikit Rp. 1.000.000,00 (satu juta rupiah), atau pidana penjara paling lama 7 (tujuh) tahun dan/atau denda paling banyak Rp. 5.000.000.000,00 (lima miliar rupiah)
2. Barang siapa dengan sengaja menyiarakan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran Hak Cipta atau Hak Terkait sebagaimana dimaksud pada ayat (1), dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 (lima) tahun dan/atau denda paling banyak Rp. 500.000.000,- (lima ratus juta rupiah)

Hesti Mulyani

KOMPREHENSİ TULIS



(Kapethik Saking K.G.P.A.A. Mangunagara, 1953:105)

Penerbit



Yogyakarta 2015

PRAWACĀNĀ

KOMPREHENSİ TULIS

Oleh: Hesti Mulyani

AP 961 03. 09

All right reseved

© Penerbit Astungkāra Media
Dukuh, Tangkilan, Sidoarum, Godean, Sleman
Yogyakarta 55564
Phone : 0816 426 3130

Desain sampul: Spika Astungkāra Desain
Layout: Astungkāra

Diterbitkan pertama kali oleh
Penerbit Astungkāra Media

Hak cipta dilindungi oleh undang-undang
Dilarang mengutip atau memperbanyak sebagian atau
seluruh isi buku ini tanpa izin tertulis dari Penerbit

Perpustakaan Nasional Republik Indonesia: Katalog Dalam Terbitan (KDT)

ISBN 978-602-17858-0-5

Hesti Mulyani

Komprehensi Tulis --- Yogyakarta: Penerbit Astungkāra Media
Komprehensi Tulis, Cetaka Pertama, Juni 2013.
Cetaka Kedua, Juli 2015
ix + 168 hlm.; 15 x 20 cm

Dicetak oleh Astungkāra Offset Yogyakarta
isi diluar tanggung jawab percetakan

Alhamdulillah wa Sukurillah konjuk dhumatēng Allah SWT ingkang tansah paring lumubèring rahmat, barokah, sâhâ hidayah dhatêng kulâ. Kanthi pêparanganing Allah SWT dhatêng kulâ ménikå, saénggå buku kanthi irah-irahan *Komprehensi Tulis* sagêd maujud tanpa pambéngan ingkang damêl rerebeting lampah.

Buku *Komprehensi Tulis* ménikå katujokakên dhatêng pamaos, inggih masarakat umum, ingkang kêpéngin mangrêtos sâhâ nguri-uri bab kawruh aksârâ Jâwâ, kawruh bâsâ, kawruh sastrâ, sâhâ, kawruh budâyâ. Munggwing pârâ siswâ sâhâ mâhâsiswâ, buku ménikå kaangkah sagêdå migunani kanggé gêgaran sinau mangrêtos wujuding aksârâ Jâwâ ngantos dumugi mangrêtos tâtâ panyératipun wonten ing kawruh bâsâ, kawruh sastrâ, sâhâ, kawruh budâyâ Jawi.

Buku ménikå kasusun kanthi andharan ingkang magêpokan kalihan katrampilaning bâsâ. Déné katrampilan bâsâ ménikå kapérang dados sêkawan, inggih ménikå mirêngakên, nyêmak, maos, sâhâ nyérat mawi aksârâ Jâwâ sâhâ Latin. Wondéné urut-urutaning andharan ingkang kasusun wonten ing buku ménikå dipunwiwitı saking andharan bab kawruh bâsâ, wujud, jinis, caranipun maos, sâhâ tâtâ panyérating aksârâ Jâwâ, ngantos dumugi kadospundi mênggah caranipun damêl alih tulis aksârâ Jâwâ dados aksârâ Latin, ngrimbag têmbung-têmbung ngamâncå (*etimologi*), damêl parafrase mliginipun *teks* ingkang kasérat kanthi dhapukan sêkar macapât, damêl alih bâsâ utawi *terjemahan*-ipun, sâhâ kadospundi mênggah caranipun mangrêtos sâhâ paham isining *teks* miturut ngèlmu bâsâ, sastrâ, sâhâ budâyâ Jawi.

Têmputu kémawon buku ménikå dèrèng sagêd kawastanan saé ménâpâ malih sampurnå. Pramilâ awit saking ménikå, sok-sintêna ingkang kêrså paring wawasan, bab ménâpâ ingkang prêlu dipun-éwahi,

dipuntambahi, utawi dipunkirangi badhé katampi kanthi lègå-lègåwaning manah. Bab ménikå kaantu-antu sangêt supados ing têmbé buku ménikå sagêd sâyå murakabi. Amin.

Ngayogyåkartå, Jumat Wagé, 25 Januari 2013

Hesti Mulyani

PRATÉLAN ISI

IRAH-IRAHAN.....	i
PRÄWACÄNÄ.....	v
PRATÉLAN ISI.....	vii
SISTEM EJAAN.....	ix
BAB I KAWRUH AKSÅRÅ JÅWÅ.....	1
1. Purwåkå.....	1
2. Dêntåwyånjånå.....	3
3. Pathokan Panyérating Aksårå Jåwå.....	27
4. Têtengêr wonten ing Sératan.....	29
5. Bab Panyérating Têmbung-têmbung mawi Aksårå Jåwå.....	32
6. Bab Aksårå Latin sâhå Caranipun Maos Aksårå Jåwå.....	34
7. Pratélan Waosan.....	39
BAB II KAWRUH BÅSÅ.....	41
1. Titi-swårå.....	41
2. Titi-fembung sâhå Titi-ukårå.....	43
3. <i>Ungkapan</i> utawi <i>Idiom</i>	45
4. Båså Limrah sâhå Båså Éndah.....	46
5. Pratélan Waosan.....	54
BAB III KAWRUH SASTRÅ SÅHÅ KAWRUH BUDÅYÅ....	57
1. Kawruh Sastrå.....	57
2. Kasusastran sâhå Pujånggå Kasusastran Jawi.....	58
3. Sêkar Måcåpat.....	66
4. Caranipun Maos <i>Teks</i>	71
5. Kawruh Budåyå.....	77
6. Bab ingkang Gégayutan kalihan Ringgit.....	93
7. Pratélan Waosan.....	98

BAB IV ALIH TULIS TEKS SÂHÅ PARAFRASE.....	101
1. Alih Tulis Teks.....	101
2. <i>Transliterasi</i>	102
3. <i>Metode Transliterasi Diplomatik</i> sâhå <i>Metode Transliterasi Standar</i>	102
4. <i>Transkripsi</i>	106
5. <i>Metode Transkripsi Diplomatik</i> sâhå <i>Metode Transkripsi Standar</i>	106
6. <i>Parafrase</i> sâhå <i>Terjemahan Teks</i> Dhapukan Sékar Sératan Aksårå Jåwå.....	109
7. Pratélan Waosan.....	112
LAMPIRAN.....	114
I. Panutup.....	114
II. Waosan.....	116
III. Nâmå-namaning Wêkdal.....	130
IV. Cårå Anggènipun Nyérat Carakan.....	133
V. Kawruh Wujud sâhå Céngkok utawi Gambaraning Ringgit.....	144

SISTEM EJAAN

Sistem ejaan ingkang dipun-ginakakén, kanggé båså Indonesia sadayanipun ngginakakén *Ejaan Bahasa Indonesia yang Disempurnakan (EYD)*. Déné kanggé båså Jawi sakêdhik radi nyébal saking *Ejaan Bahasa Jawa yang Disempurnakan*, inggih ménikå aksårå e (pépêt) ngginakakén tåndhå è kanggé nyérat *fonem /ə/* ungêlipun è kados ing témbung lêbêt 'dalam', sénêng 'senang'; aksårå e (*taling*) ngginakakén tåndhå è kanggé nyérat *fonem /e/* ungêlipun è kados ing témbung lélé 'ikan lele', dhéwé 'sendiri'; sâhå aksårå e (*taling*) ngginakakén tåndhå è kanggé nyérat *fonem /æ/* ungêlipun è kados ing témbung èlèk 'jelek', bëbék 'itik'. Sasanèsipun ménikå aksårå a (légénå) ngginakakén tåndhå å kanggé nyérat *fonem /ɔ/* ungêlipun å kados ing témbung **båså** 'bahasa', **swårå** 'suara'.

Irah-irahaning *naskah* sâhå pêthikan-pêthikan abåså Jawi ngginakakén *Ejaan Bahasa Jawa yang Disempurnakan* kanggé nggampilakén panyératipun. Ananging, kanggé aksårå e (pépêt) ngginakakén tåndhå è kanggé nyérat *fonem /ə/*, aksårå e (*taling*) ngginakakén tåndhå è kanggé nyérat *fonem /e/*, aksårå e (*taling*) ngginakakén tåndhå è kanggé nyérat *fonem /æ/*, sâhå aksårå a (légénå) ngginakakén tåndhå å kanggé nyérat *fonem /ɔ/*.

Sadåyå irah-irahaning buku ingkang kasérat mawi aksårå Latin ingkang ngginakakén ejaan sadèrèngipun *EYD*, têtêp kasérat ménápå wontenipun murih têtêp kajagi aslinipun, ugi supados botén nuwuhakén salah tapsir. Kanggé irah-irahaning buku utawi *naskah* sératan aksårå Jåwå utawi Carakan kajumbuhakén kalihan *EYD*.

BAB I

KAWRUH AKSÅRÅ JÅWÅ

1. Purwåkå

Têmbung *komprehensi* makatêن asli saking båså Inggris, inggih saking têmbung aran *comprehension* (Echols, 1981: 134) têgêsiplen pangrêtosan, pamahaman; têmbung kaananipun dados *comprehensive* têgêsiplen wiyar, ngéngingi mawarni-warnining bab. Déné ingkang dipunkajêngakên têmbung *tulis* inggih ménikå sadåyå anggitan ingkang sinérat kanthi båså Jawi, mawi aksårå Jåwå, sâhå aksårå Latin. Inggih anggitan ingkang sinérat kanthi dhapukan gancaran (*prosa*) ménåpå déné anggitan ingkang sinérat kanthi dhapukan sêkar (*puisi*). Dados, têmbung *komprehensi tulis* têgêsiplen sadåyå anggitan ingkang sinérat ingkang ngandharakên bab pangrêtosan utawi pamahaman ngéngingi mawarni-warnining bab. Inggih ngéngingi pangrêtosan utawi pamahaman bab ingkang gêgayutan kalihan bab båså, sastrå, sâhå budayaning masarakat rumiyin ingkang dipunlêstantunakên sarånå sinérat.

Têtilaraning tiyang sêpuh, lêluhur utawi nènèk-moyang ingkang awujud sératan ménikå dipunsêbut *naskah* utawi *manuskrip*. *Naskah* utawi *manuskrip* Jawi têgêsiplen anggitan ingkang sinérat, ingkang taksih asli ménåpå déné salinanipun, ingkang ngandharakên bab-bab tartamtu, sinérat kanthi båså Jawi (Jawi Kina, Jawi Pertengahan, Jawi Anyar), mawi aksårå Jåwå sâhå aksårå Latin, ingkang kasérat mawi dlancang (*kertas*). *Naskah* utawi *manuskrip* makatêن wonten warni tigå, inggih ménikå (1) *naskah* utawi *manuskrip* lésan, (2) *naskah* utawi *manuskrip* sératan tangan (carik), sâhå (3) *naskah* utawi *manuskrip* sératan cithak.

Naskah utawi *manuskrip* lésan ménikå têgésipun sadåyå andharan ingkang kawahyakakén sarånå lésan ingkang dipunlésanakén kanthi turun-tumurun saking tiyang kinå-kinå dumugi masarakat samangkénipun. Contonipun cariyos utawi dongèng kanggé sarånå nilémakén laré. *Naskah* utawi *manuskrip* sératan tangan (carik) makatén ngandharakén bab manékå warni. Tuladhanipun bab andharan ingkang magépokan kalihan bab båså, agåmå, sejarah, såråsilah, kukum såhå pranatan, ringgit, sastraning ringgit, sastrå, piwulang såhå suluk, primbon såhå pawukon, *musik*, bêksan, *adat-istiadat*, *lain-lain* (Behrend, 1997: x-xii). Wondéné *naskah* utawi *manuskrip* sératan cithak ménikå kados déné ingkang sératan tangan (carik) namung kémawon sératanipun sampun kacithak.

Wontén ing buku *Komprehensi Tulis* ménikå bab-bab ingkang badhé karémbag wontén warni ênêm. Déné urut-urutaning rëmbag, inggih ménikå (1) kawruh ,aksårå Jåwå (2) kawruh båså, (3) kawruh sastrå, (4) kawruh budåyå, (5) alih tulis, såhå (6) *parafrase*. Ananging sadérèngipun lumampahing bab rëmbag ingkang kapisan prêlu kaandharakén langkung rumiyin kawruh bab aksårå Jåwå såhå aksårå Latin ingkang kaginakakén kanggé ngandharakén båså Jawi, kados ing pérrangan 2 ngandhap ménikå.

Prakawis ingkang dados bêbakuning rëmbag wontén ing bab caranipun maos såhå nyérat mawi aksårå Jåwå (dédé aksårå **Jawi**, awit aksårå **Jawi** ménikå aksårå Arab kanggé nyérat båså Mélanyu: *hikayat*) makatén warni-warni. Ananging, ingkang kawrat wontén ing sératan ménikå namung réringkésan kémawon adhêdhasar puståkå sawatawis (Adisasmita, 1955; Antunsuhono, 1956: 7-13; Arintaka, 1983; Padmosoekotjo, 1989; Poerwadarminta, 1953: 121-132; Sadjiyo Prawiradisastra, 1992; Tim Penyusun, 1994; S. Padmosoekotjo, 1960; såhå Riyadi, 2002). Wondéné prakawis ingkang badhé kaandharakén inggih ménika bab dêntåwyanjåna utawi urut-urutaning aksårå Jåwå,

pathokan panyératipun, têtêngér ing sératan, panyérating têmbung-têmbung, kadospundi anggènipun nyérat mawi aksårå Latin, såhå kadospundi mènggah anggènipun maos waosan ingkang sinérat mawi aksårå Jåwå.

Kauningåna, bilih aksårå Jåwå ing sératan ménikå ngginakakén pawadan ingkang sampun kalimrah lumampah ing sawatawis wékdal kêténgkér. Bab ménikå kapratélakakén, supados botén nuwuhabkén pradondining pamanggih. Sawatawis tulådhå makatén, panyérating têmbung-têmbung *ਮान्यमान्यता* kalatinakén **kacang lanjaran** botén kasérat *ମାନ୍ୟମାନ୍ୟତା* supados botén kasérat utawi kawaos **kacang lanjaran**.

Déné ginå paédahing aksårå Jåwå ingkang pokok inggih ménikå minångkå pirantos kanggé sésulihing sambêt raos-pangraosing manungsa mliginipun masarakat Jawi, ing salébeting bêbrayan. Sasanésipun ménikå inggih kanggé sarånå mahyakakén gagasan sarånå sinérat, kados tå kanggé nyérat sérat ibér, *naskah* utawi buku, lsp. Adhêdhasar andharan kasébut nélakakén bilih pangrêtosan bab aksårå Jåwå makatén migunani sangêt kanggé sarånå mbêdhah isining *naskah* utawi buku ingkang kasérat mawi aksårå Jåwå utawi kanggé mahyakakén gagasan. Kanthi makatén pangrêtosan bab aksårå Jåwå prêlu sangêt kanggé pårå pamaos murih aksårå Jåwå têtêp lêstantun, langkung-langkung prayogi sangêt kawulangakén dhatêng pårå putra utawi siswå ing pamulangan murih sagêd katampi sartå kadarbé. Wondéné andharan bab aksårå Jåwå kados ing sératan salajêngipun.

2. Dêntåwyanjåna

Dêntåwyanjåna, inggih ménikå carakan utawi urut-urutaning aksårå Jåwå. Miturut panalitènipun pårå sarjåna, ing jaman rumiyin, aksårå Jåwå ménikå asalipun saking aksårå *Dévanägarī*. Aksårå *Dévanägarī* ménikå kanggé nyérat båså Sansékêrta, inggih basanipun tiyang India. Déné wujudipun kados ing ngandhap ménikå (kapêthik


wétah saking buku *A Sanskrit Primer* anggitanipun Perry, kacithak 1953 kåcå 1-2).

		Vowels		
		short	long	
simple	palatal	॥ a	॥ ā	
	labial	॥ i	॥ ī	
	lingual	॥ u	॥ ū	
	dental	॥ r	॥ ī	
diphthongs	palatal	॥ e	॥ ē	
	labial	॥ o	॥ ō	
Visarga : ॥				
Anusvāra : ̄ n or ̄ m				
Consonants				
Mutes	surd	surd asp.	sonant	sonant asp.
	guttural	॥ k	॥ kh	॥ g
	palatal	॥ c	॥ ch	॥ j
	lingual	॥ t	॥ th	॥ d
	dental	॥ t̄	॥ th̄	॥ d̄
	labial	॥ p	॥ ph	॥ b

Perry Sanskrit Primer

1

Manawi miturut cariyos babad Jawi aksårå Jåwå ménikå saking dongèng **Dorå-Sembådå** ing jamanipun Ajisåkå. Andharanipun kados ing ngandhap ménikå (Riyadi, 2002; Antunsuhono, 1956: 7).



Aksara Jåwå ménikå anggènipun nyérat saking kiwå manêngén, papanipun wonten ing sangandhaping garis, ménawi dlancangipun wonten garisipun. Aksårå Jåwå asipat silabik, tégésipun sabén satunggal aksårå nggambarakén satunggal wandå. Bédå kalihan aksårå Latin ingkang *fonemis*, tégésipun sabén satunggal aksårå nggambarakén satunggal *inti bunyi*. Aksårå Jåwå ménikå ugi asipat *konsonantal*, tégésipun sabén satunggal aksårå ingkang dipunpasangi utawi dipunpangku nggambarakén satunggal *konsonan* utawi aksårå ingkang botén madéng piyambak tanpa aksårå swårå (tuladhanipun nyérat témbung kawaos=wonten). Déné panyératipun aksårå Jåwå ménikå botén milah-milahakén antawisipun témbung satunggal sâhå satunggalipun, dados kasérat lajéngan kémawon. Sératan makatén ménikå kasébut *scriptio-continuo* (kagambarakén makatén=). Bédå kalihan aksårå Latin ingkang milah-milahakén sabén témbungipun (kagambarakén makatén=). Tuladhanipun nyérat ukårå

kalatinakén dados **Kulå sinau nyérat aksårå Jåwå**. Wondéné caraning nyérat sâhå wujuding aksårå Jåwå kapriksanåå ing pérrangan lampiran.

Aksårå Jåwå ménikå ingkang baku wonten kalih dåså, inggih kalih dåså aksårå ingkang asipat *silabik* sâhå kalih dåså pasanganipun ingkang ndadosakén aksårå Jåwå asipat *konsonantal*. Pasangan aksårå Jåwå ménikå wonten ingkang kasérat jèjér kalihan aksårå Jåwå ingkang dipunpasangi, wonten ingkang kasérat ing sangandhaping aksårå Jåwå ingkang kapasangan. Wondéné déntåwyayanjanipun kados ing ngandhap ménikå (Antunsuhono, 1956: 7-13; Arintåkå, 1983: 2-9; Padmosoekotjo, 1989; Poerwådarmintå, 1953: 121-132; Sadjyo Prawirådisastrå, 1992; Tim Penyusun, 1994).

a. Aksårå Jåwå sâhå Pasanganipun

Aksårå Jåwå	Pasanganipun			
åm	å			
åm	m			
åm	m			
åm	m			
hå	nå	cå	rå	kå
då	tå	så	wå	lä
på	dhå	jå	yå	nyå
må	gå	bå	thå	ngå
pasangan	åm	dipunwastani	å	gandhul utawi gondhèl
pasangan	åm	dipunwastani	å	kembang
pasangan	åm	dipunwastani	å	gembung
pasangan	åm	dipunwastani	å	pincang


Aksårå murdå utawi aksårå *mahaprana*, inggih ménikå aksårå

ingkang pancènipun kêdah kaucapakén kanthi abab ingkang kathah. Kosok-wangsulipun aksårå *alpaprana*, inggih ménikå aksårå ingkang kêdah kaucapakén limrah (kanthi abab sakêdhik). Aksårå murdå ménikå salérêsipun ungêlipun bédå kalihan ingkang limrah, jalaran rumiyinipun aksårå ménikå piridan saking båså Sansékerta. Ananging, tumraping båså Jawi dipunanggêp sami kémawon. Ginanipun kémawon ingkang bédå, inggih ménikå kanggé nyérat têmbung-têmbung saking båså ngamåncå sâhå kanggé tåtå-prunggu utawi pakurmatan.

Aksårå murdå ménikå botén kénging kanggé sêsigêging wåndå. Ingkang limrah kasérat nganggé aksårå murdå ménikå asmaning pårå luhur, jéjuluk, sâhå padununganipun inggih namung satunggal aksårå kémawon sabén têmbung kaurutakén saking ngajêng. Manawi urutaning aksårå ngajêng piyambak botén wonten lajêng wingkingipun utawi urutaning aksårå ingkang nomér kalih, manawi botén wonten lajêng aksårå ångkå tigå, Isp. Kajawi manawi nyérat têmbung **Gusti Allah** limrahipun aksårå murdå ingkang wonten kasérat sadåyå.

Aksårå murdå ménikå cacahipun wonten wolung aksårå, inggih ménikå: Nå, Kå, Tå, Så, På, Gå, Bå, Jñå. Déné wujudipun kados ing ngandhap ménikå.

Aksårå



Pasanganipun



Tulådhå panganggéning aksårå murdå kanggé nyérat:

1. asmanipun pårå luhur, jéjulukipun, sâhå padununganipun
 - a. Kangjêng Susuhunan Pakubuwânå ing Suråkartå Hadiningrat.
 - b. Dèwi Sintå putrané putri Prabu Janåkå Ratu nagårå Mantili kagarwå Prabu Råmå.

وَالْمُنْتَهِيُّ بِهِ الْحَقُّ هُوَ الْعَلِيُّ الْمُكَفِّلُ
وَالْمُنْتَهِيُّ بِهِ الْحَقُّ هُوَ الْعَلِيُّ الْمُكَفِّلُ

2. Saménikå jaman *demokrasi*. Prayoginipun sadåyå asmaning tiyang såhå titah ingkang tåtå-caraning gësang kados manungså, kados tå rasékså, wanårá lsp. ingkang kasébut ing cariyos padhalangan lss., kasérat mawi aksårá murdå cêkap satunggal aksårá kémawon. Tuladhanipun kados ing ngandhap ménikå.

- a. *دِيَپَارَوا* = Dipåprawirå
- b. *ضَرِيقَةَ الْمَرْأَةِ* = Prawiråmartåyå
- c. *بُوْغُورُورَاتِرِي* = Bu Guru Nurratri
- d. *فَطَرَةَ الْمَنْتَرِي* = Pak Mantri Aripin
- e. *راَدِينْ أَجِئِنْ كَارْتِينِي* = Radèn Ajêng Kartini

Aksårá rékan utawi aksårá damêlan ménikå kanggé mujudakén aksårá ngamåncå, langkung-langkung aksårá Arab. Aksårá rékan ménikå kathahipun wonten gangsal, inggih ménika: khå, dzå, få, zå, ghå, wujudipun makatén:

خَارِجٌ خَارِجٌ خَارِجٌ خَارِجٌ خَارِجٌ

Tulådhå:

- 1. *خَاتِبٌ* = *Khatib*, kåtib 'punggåwå mësjid andhahanipun pengulu'
- 2. *ذِكْرٌ* = *dzikir*, dikir, dhikir 'nyébut "Laillah hailallah" bola-bali

- | | |
|-------------------|--|
| 3. <i>سَاهَمٌ</i> | = <i>faham</i> , paham 'ngréti bangêt' |
| 4. <i>زَكَاتٌ</i> | = <i>zakat</i> , jakat 'dånå sapéranganing barang darbéké' |
| 5. <i>غَائِبٌ</i> | = <i>ghaib</i> , gâib 'samar, winadi' |

Manawi aksårá rékan karakétan sandhangan pêpêt, cêcakipun tigå kasérat ing salébétipun pêpêt. Déné yén karakétan sandhangan wulu, layar utawi cêcak, cêcakipun tigå kasérat ing sakiwanipun. Tuladhaninun:

- | | | | |
|--------------------|-----------------|---------------------|------------------------------|
| 1. <i>فِطْرَةُ</i> | = <i>fitrah</i> | 3. <i>دَوْلَةُ</i> | = <i>dwifungsi</i> |
| 2. <i>فَارِلُ</i> | = <i>farlu</i> | 4. <i>فِرْمَانُ</i> | = <i>Firman'sabda Allah'</i> |

Aksårá swårá ménikå sajatosipun namung wonten gangsal, inggih ménikå a, i, é, u, o. Ananging aksårá rê sâhå lê kalébétakén wonten aksårá swårá (piridan saking aksårá *Dévanágärī*, kapriksanåna kåcå 4 ngajéng), milanipun wonten ingkang mastani bilih aksårá swårá ménikå wonten pitu (milå ing sangkalan "swårá" awatak 7), inggih ménikå:

- 1) *أَكَارَاءُ* (a-kårá, i-kårá, é-kårá, u-kårá, o-kårá)
- 2) *لَهْلِيْرُ* (rê/på cêrek), lêlirunipun *لَهْلِيْرُ* pasanganipun *لَهْلِيْرُ*, *لَهْلِيْرُ* (lê/ngå lêlêt), lêlirunipun *لَهْلِيْرُ* pasanganipun *لَهْلِيْرُ*, *لَهْلِيْرُ*

Aksårá swårá ménikå ginanipun kanggé mujudakén aksårá ngamåncå, langkung-langkung aksårá Arab. Tuladhanipun:

- | | | | |
|------------------------|---------|-----------------------|---------|
| 1. <i>أَغْسُطُ</i> | Agustus | 4. <i>أَكْتُوبَرُ</i> | Oktober |
| 2. <i>إِبْرَاهِيمُ</i> | Ibrahim | 5. <i>أَعْشَانُ</i> | Usman |

3. *Esprès*

6. *Inggris*

Aksârâ swârâ ménikâ botên kénging dados pasangan. Manawi dumunung ing sawingkinging wandâ sigêg, aksârâ sêsigêging wandâ kêdah kapangku. Tuladhaipun:

1.	<i>wulan April</i>
2.	Pak Idris
3.	Pangkat Opsihtér
4.	Malêm Rêbo
5.	Mas Umarsaid
6.	mangan lêpêt

Aksârâ swârâ ménikâ botên kénging dipunsukani sandhangan swârâ. Pramilâ botên lérêspun manawi nyérat

<i>lérêspun</i>	<i>lérêspun</i>	= Imam
<i>lérêspun</i>	<i>lérêspun</i>	= Umar
<i>lérêspun</i>	<i>lérêspun</i>	= ès

b. Sandhangan

Sandhangan inggih ménikâ praboting aksârâ Jâwâ kanggé mbédakakén ungêling wandâ ing bâsâ Jawi. Sandhangan ing aksârâ Jâwâ wonten warni tigâ kados ing ngandhap ménikâ.

1) Sandhangan swârâ

kasêbut wulu (ulu), tulâdhâ = iki pipi

1.	kasêbut suku, tulâdhâ	<i>dudu kuku</i>
2.	kasêbut taling, tulâdhâ	<i>kéréné réné</i>
3.	kasêbut taling tarung, tulâdhâ	<i>coroné</i>
4.	kasêbut pêpêt, tulâdhâ	<i>sêgå pêrâ sêpå</i>

2) Sandhangan panyigêging wandâ

1.	kasêbut wignyan, gantosipun sigêg	tulâdhâ = gajah
2.	kasêbut layar, gantosipun sigêg	tulâdhâ = kurmå
3.	kasêbut cêcak, gantosipun sigêg	tulâdhâ = rênggang

3) Sandhangan wyanjânâ

1.	kasêbut câkrâ, gantosipun panjing	tulâdhâ = kråså
2.	kasêbut kérêt, gantosipun câkrâ pêpêt	tulâdhâ = prêlu
3.	kasêbut péngkal, gantosipun panjing	tulâdhâ = kopyah

b. 1 Ungêling Aksârâ sâhâ Sandhangan Swârâ

- 1) Aksârâ sâhâ sandhangan swârâ ménikâ tumrap ing têmbung satunggal kalihan satunggalipun, ungêlipun botên temtu sami. Aksârâ upaminipun, wonten ingkang ungêlipun kanthi *abab kathah*, wonten ingkang mawâ *abab mandâ-mandâ*. Aksârâ ingkang dados sêsigêg, ungêlipun wonten ingkang *antêb* sâhâ wonten ingkang *ampang*. Aksârâ lêgénâ, wonten ingkang ungêlipun *jéjég* sâhâ wonten ingkang *miring*. Sadåyå andharan ménikâ, katranganipun badhé kapratélakakén ing andharan salajêngipun.

2) Sok wonten ingkang nyérat

<i>ŋasərat</i>	kasérat klèntu
<i>ŋasərat</i>	utawi <i>ŋasərat</i>

Ingkang njalari klènta-klèntuning panyératipun ménikå, jalaran namung dèrèng mangrêtos saèstu dhatêng ungêling *aksårå lègénå* ingkang dumunung ing satunggal-satunggaling témbung sâhå dèrèng lêbdå dhatêng ungêling satunggal-satunggaling *sandhangan swårå*. Milanipun prêlu sangêt mangrêtosi saèstu dhatêng ungêling *aksårå lègénå* sâhå ungêling satunggal-satunggaling *sandhangan swårå*.

b.2 Ungêling Aksårå Lègénå

Ungêling aksårå lègénå jéjéng namung dumunung ing

1) wandå wêkasan ingkang mèngå (botén sigêg), kados tá:

<i>mì liyå</i>	<i>liyå</i>	<i>liyå</i>	= liyå
<i>mì têkå</i>	<i>têkå</i>	<i>têkå</i>	= têkå
<i>mì kuthå</i>	<i>kuthå</i>	<i>kuthå</i>	= kuthå
<i>mì lungå</i>	<i>lungå</i>	<i>lungå</i>	= lungå

ingkang nyébal: *ŋasərat* = ora, boyá

2) sangajênging wandå wêkasan ingkang mèngå tanpå sandhangan swårå sâhå botén kadunungan sandhangan péngkal utawi panjingan

C kados tá:

<i>ŋåtrå</i>	= yåtrå	<i>ŋanå</i>	= danåwå
<i>cåkrå</i>	= kåkrå	<i>ŋanåm</i>	= kancåna
<i>supåå</i>	= supåå	<i>ŋanåm</i>	= taksåkå

3) wandå wiwitan ing témbung camboran tumrap asmaning tiyang ingkang dipunwancah, kados tá:

<i>(Rê)Sådipå</i>	<i>(Rê)Sådipå</i>
<i>(Har)Jådråna</i>	<i>(Har)Jådråna</i>
<i>(A)Swåtåmå</i>	<i>(A)Swåtåmå</i>

<i>rénéå</i>	= rénéå
<i>nganggoå</i>	= nganggoå
<i>ngåsåkåna</i>	= golèkåna

b.3 Ungêling Aksara Lègêna miring, manawi dumunung wonten ing:

1) wandå sigêg, kados tá:

<i>pang</i>	= pang	<i>ŋasərat</i>	= préntah
<i>Dal</i>	= Dal	<i>ŋasərat</i>	= cukat
<i>sigar</i>	= cigar	<i>ŋasərat</i>	= jranthal
<i>blumbang</i>	= blumbang	<i>ŋasərat</i>	= trêngginas

2) wandå mēngå sangajêngipun wandå wêkasan ingkang sigêg, kados tå:

lawèt	= lawèt	wanuh	= wanuh
séjarah	= séjarah	sumaput	= sumaput
kêmamang	= kêmamang	riwayat	= riwayat
sêdhakêp	= sêdhakêp	lêmbayung	= lêmbayung

3) wandå mēngå sangajêngipun wandå wêkasan ingkang ugi mēngå sartå kadunungan sandhangan swårå, sandhangan péngkal utawi panjungan (wå gembung), kados tå:

ayo	= ayo	kadyå	= kadyå
jaré	= jaré	samyå	= samyå
sangu	= sangu	lagyå	= lagyå
kapwå	= kapwå	bagyå	= bagyå

4) purwaning témbung tigang wandå ingkang botén dipunucapakén mawi pépêt(kapriksanåna b.2 pérangan 2 nginggil)

5) atér-atér ingkang botén luluh kalihan purwaning témbung ingkang dipunatér-atéri, kados tå:

rahayu	= rahayu
raharjå	= rahařjå
rahajêng	= rahajêng

6) atér-atér ingkang arimbag tanggap, kados tå:

kagåwå	= kagåwå	kasampluk	= kasampluk
kabéktå	= kabéktå	kapikut	= kapikut
kajarag	= kajarag		

7) atér-atér kados tå:

aklambi	= aklambi	agiyak-giyak	= agiyak-giyak
aclåna	= aclåna	agombyok	= agombyok
amakuthå	= amakuthå	apéparab	= apéparab

b.4 Ungeling Sandhangan Wulu

1) Tumrap ing wandå mēngå, sadåyå sandhangan wulu aswanten jéjég, kados tå:

iki siji	= iki siji	dadi kyai	= dadi kyai
ngati-atí	= ngati-atí	wingi bêngi	= wingi bêngi
ngadi-adi	= ngadi-adi	ngêmi-êmi	= ngêmi-êmi

2) Tumrap ing wandå sigêg aswanten jéjég, manawi sandhangan wulu dumunung ing:

a. wandå sigêg aksårå irung ingkang dédé wandå wêkasan, kados tå:

timbå	= timbå	jingga	= jingga
pintêñ	= pintêñ	sinjang	= sinjang

	= bindhêng		= timpuh
	= inggil		= kinjêng
	= simbar		= plinthêng

b. têmbung namung sawandå ingkang kalêbêt têmbung pangungun, kados tå:

	= pis		= cit
	= sit		= crit
	= prit		

c. wandå wêkasan sigêg, kawuwuhan panambang

	utawi		kados tå:
	ungêlipun wulu miring.		

Ananging têmbung-têmbung ing ngandhap menikå

	ungêlipun sandhangan wulu jêjêg.
--	----------------------------------

3) Tumrap ing wandå sigêg aswantên miring, manawi dumunung wonten ing

a. têmbung namung sawandå ingkang dédé têmbung pangungun, kados tå:

	ing		ting		sir
	sing		pring		pir
	ping		wit		tir

b. wandå wêkasan, kados tå:

	bêcik		jinjit
	kêris		blimming
	murid		

c. sasanèsipun wandå wêkasan, manawi sêsigêgipun dédé aksåra irung, kados tå:

	siswå		patikbra
	suwignyå		sulistyå
	widigdåyå		

b.5 Ungêling Sandhangan Suku

1) Tumrap ing wandå mëngå, sadåyå sandhangan suku aswantên jêjêg, kados tå:

	tuhu		brutu		puthu
	wulu		banyu		
	lunyu		laku		

2) Tumrap ing wanda sigêg aswantên jêjêg, manawi dumunung ing:

a. têmbung namung sawandå ingkang kalêbêt têmbung pangungun

ମୁହଁ	hus	ଶୁର୍	sur
ମୁଣ୍ଡି	wut*	ଚାର୍	cur
ମୁଣ୍ଡି	nyut		

b. wandå sigêg aksârâ irung ingkang dédé wandå wêkasan, kados ta:

ମୁଣ୍ଡି	= bumbung	ମୁଣ୍ଡି	= cumplung
ମୁଣ୍ଡି	= tumbal	ମୁଣ୍ଡି	= srundèng
ମୁଣ୍ଡି	= sunduk	ମୁଣ୍ଡି	= jumblêng
ମୁଣ୍ଡି	= bundêr	ମୁଣ୍ଡି	= blumbang

c. wandå wêkasan ingkang kawuwuhan panambang

ମୁଣ୍ଡି ମୁଣ୍ଡି ମୁଣ୍ଡି
ମୁଣ୍ଡି ମୁଣ୍ଡି ମୁଣ୍ଡି utawi, ମୁଣ୍ଡି

kados ta ungêling sandhangan suku miring:

ମୁଣ୍ଡି ମୁଣ୍ଡି ମୁଣ୍ଡି ମୁଣ୍ଡି

Ananging ingkang ungêlipun sandhangan suku jêjêg, inggih ménikâ

ମୁଣ୍ଡି	= nyabunâ	ମୁଣ୍ଡି	= sinabunan
ମୁଣ୍ଡି	= nyabuni	ମୁଣ୍ଡି	= sabunanipun

ମୁଣ୍ଡି = sabuné ମୁଣ୍ଡି = sabunané

ମୁଣ୍ଡି = sabunan ମୁଣ୍ଡି = sabunê

3) Tumrap ing wanda sigêg aswantên miring, manawi sandhangan suku dumunung ing:

a. têmbung namung sawandå ingkang dédé têmbung pangungun, kados ta:

ମୁଣ୍ଡି	mung	ମୁଣ୍ଡି	bun	ମୁଣ୍ଡି	tur
ମୁଣ୍ଡି	bung	ମୁଣ୍ଡି	pun		
ମୁଣ୍ଡି	bur	ମୁଣ୍ଡି	jun		

b. wandå wêkasan, kados ta:

ମୁଣ୍ଡି	= sampaun	ମୁଣ୍ଡି	= nglumpruk
ମୁଣ୍ଡି	= mancur	ମୁଣ୍ଡି	= nyampluk
ମୁଣ୍ଡି	= ambruk	ମୁଣ୍ଡି	= pagêblug
ମୁଣ୍ଡି	= sampyuh	ମୁଣ୍ଡି	= nyêmplung

c. sasanèsipun wandå wêkasan, manawi sêsigêging wandå ménikâ dédé aksârâ irung, kados ta (duksinâ, suksmâ, purnâmâ, trusthâ, Suryatmâjâ, murni):

ମୁଣ୍ଡି ମୁଣ୍ଡି ମୁଣ୍ଡି ମୁଣ୍ଡି
ମୁଣ୍ଡି ମୁଣ୍ଡି ମୁଣ୍ଡି

b.6 Ungêling Sandhangan Taling

1) Tumrap ing wandå mèngå aswantên jêjêg, manawi sandhangan taling ménikå dumunung wonten ing:

a. témbung namung sawandå, kados tå:

<i>ŋan</i>	é	<i>• amənəŋ ɻ̥</i>	taun Jé
<i>ŋna</i>	lé	<i>amənəŋ ɻ̥</i>	taun Bé

b. wandå wékasan, kados tå:

<i>amənəŋ</i>	katé	<i>amənəŋ</i>	jaé	<i>əŋŋəŋ</i>	suwé
<i>amənəŋ</i>	saté	<i>əŋŋəŋ</i>	résé		
<i>ŋŋəŋ</i>	gulé	<i>ŋŋəŋəŋ</i>	kowé		

c. purwaning témbung tigang wandå, kados tå:

<i>ŋŋəŋ</i>	= kéråtå	<i>ŋŋəŋəŋ</i>	= réwåndå
<i>ŋŋəŋ</i>	= kewålå	<i>ŋŋəŋəŋ</i>	= séwåkå
<i>ŋŋəŋəŋ</i>	= kémawon	<i>ŋŋəŋ</i>	= béråwå

d. sangajênging wandå wékasan ingkang mèngå lègénå, utawi mawi sandhangan sasanèsipun wulu utawi suku, kados tå:

<i>ŋŋəŋəŋ</i>	<i>ŋŋəŋ</i>	<i>ŋŋəŋ</i>
<i>ŋŋəŋəŋ</i>	<i>ŋŋəŋəŋ</i>	<i>ŋŋəŋəŋ</i>

e. sangajênging wandå wékasan ingkang sigêg tanpå sandhangan swårå, utawi mawi sandhangan swårå sasanèsipun pêpêt utawi taling, kados tå:

<i>ŋŋəŋ</i>	= éram	<i>ŋŋəŋŋəŋ</i>	=kéyok
<i>ŋŋəŋŋəŋ</i>	= cébol	<i>ŋŋəŋ ŋ̥</i>	=kèrid
<i>ŋŋəŋ ŋ̥</i>	= tépas	<i>ŋŋəŋŋ̥</i>	=kéyong

2) Tumrap ing wandå mèngå aswårå miring, manawi dumunung wonten ing:

a. wandå mèngå ing sangajênging wandå wékasan ingkang ugi mèngå mawi sandhangan wulu utawi suku, kados tå (kéri, bëji, tèji, cèkli, pèni, mèlu, kècu, kèlu):

ŋŋəŋ ŋ̥ *ŋŋəŋ ŋ̥* *ŋŋəŋ ŋ̥* *ŋŋəŋ ŋ̥* *ŋŋəŋ ŋ̥*

ŋŋəŋ ŋ̥ *ŋŋəŋ ŋ̥* *ŋŋəŋ ŋ̥*

b. wandå mèngå ing sangajênging wandå wékasan ingkang sigêg sâhå mawi sandhangan pêpêt utawi taling, kados tå (mèsêm, kwélém, lèrèn, sèmèk, kèrêm, rèmbès, clérèt, gèpèng):

ŋŋəŋ ŋ̥ *ŋŋəŋ ŋ̥* *ŋŋəŋ ŋ̥* *ŋŋəŋ ŋ̥* *ŋŋəŋ ŋ̥*

ŋŋəŋ ŋ̥ *ŋŋəŋ ŋ̥* *ŋŋəŋ ŋ̥* *ŋŋəŋ ŋ̥* *ŋŋəŋ ŋ̥*

3) Tumrap ing wandå sigêg aswanten jêjêg, manawi dumunung wonten ing:

a. wandå sigêg aksårå irung ing sangajênging wandå wékasan ingkang mèngå tanpå sandhangan swårå, utawi mawi sandhangan swårå sasanèsipun wulu utawi suku, kados tå:

éndra

éndra

méndrá

éndhå

- b. wandå sigêg aksårå irung ing sangajênging wandå wêkasan ingkang sigêg tanpå sandhangan swårå, utawi mawi sandhangan swårå wulu utawi taling-tarung, kados tå:

kéndhang

kéndhang

jénggot

énjing

énjing

bénjing

kémpol

béngkong

- 4) Tumrap ing wandå sigêg aswantên miring, manawi dumunung wonten ing:

- a. témbung namung sawandå, kados tå (hèh, tèh, mèh, rèk, jrës, crët, grëg, blèg):

éndhå éndhå éndhå éndhå

éndhå éndhå

- b. sangajênging wandå wêkasan ingkang mêngå mawi sandhangan wulu utawi suku, kados tå (jèngki, èstu, èstri, kèksi, bëndhi, brëndhi, klèntu):

éndhå éndhå éndhå éndhå

éndhå éndhå

- c. sangajênging wandå wêkasan ingkang sigêg mawi sandhangan pêpêt utawi taling, kados tå (këndêl, kèngsér, pëndèng, grènjèng, mèncêp):

éndhå éndhå éndhå éndhå

éndhå

- d. wandå wêkasan ingkang sigêg, kados tå (dumèh, jogèd, blêdhèg, godhèg, gramèh, benthèt):

éndhå éndhå éndhå éndhå

éndhå

b.7 Ungêling Sandhangan Taling-Tarung

- 1) Tumrap ing wandå sigêg aswantên jéjêg, manawi dumunung ing:

- a. témbung namung sawandå, kados tå (ho, wo, so, lo):

éndhå éndhå éndhå éndhå

- b. wandå wêkasan, kados tå (sinyo, ngaso, bidho, Rêbo, saoto, gêndruwo):

éndhå éndhå éndhå éndhå

éndhå éndhå

- c. purwaning témbung tigang wandå, kados tå (Koråwå, (alas) Lodhåyå, lokéndrå):

éndhå éndhå éndhå éndhå

- d. sangajênging wandå wêkasan ingkang mêngå tanpå sandhangan swårå, utawi mawi sandhangan sasanèsipun wulu utawi suku, kados tå (krodhå, sêmbojå, moté, bodho, rowå, horé):

η_mο_mω_m = η_mο_mη_mη_m = η_mο_mη_mη_m
η_mο_mη_mη_m

2) Tumrap ing wandå mēngå aswantén miring, manawi dumunung ing:

- a. wandå ing sangajênging wandå wêkasan ingkang mēngå mawi sandhangan wulu utawi suku, kados tå (topi, mori, wolu, roti, bolu, kolu, gori, kopi):

η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_mη_mη_mη_m
η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_m

- b. wandå sangajênging wandå wêkasan ingkang sigêg mawi sandhangan pêpêt utawi taling-tarung, kados tå (coplok, krodhong, kobér, orêg, kopyor, botén, bosén, topong):

η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_mη_mη_mη_m
η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_mη_mη_m

3) Tumrap ing wandå sigêg aswantén jéjêg, manawi dumunung ing:

- a. wandå sigêg aksârâ irung ing sangajênging wandå wêkasan ingkang mēngå sâhå mawi sandhangan swârâ taling utawi taling-tarung, kados tå (kondhé, ngombé, rondhé, blondho, conto, tlondho):

η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_mη_mη_m
η_mο_mη_mη_mη_mη_m

- b. wandå sigêg aksârâ irung ing sangajênging wandå wêkasan ingkang ugi sigêg tanpå sandhangan swârâ utawi mawi

sandhangan sasanèsipun pêpêt utawi taling-tarung, kados tå (plonthang, komplang, kontit, kondhang, krompyang, tomprang):

η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_mη_mη_m
η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_m

- c. wandå wêkasan ingkang sigêg kawuwuhan panambang utawi kados tå:

η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_mη_mη_m
ungêling taling-tarung miring. Ananging:
η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_mη_m
ungêling taling-tarung jéjêg.

η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_mη_m
η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_m

4) Tumrap ing wandå sigêg aswantén miring, manawi dumunung ing:

- a. têmbung namung sawandå, kados tå (lor, dom, moh, loh, kor, jlog, brol):

η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_mη_mη_m
η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_m

- b. wandå wêkasan, kados tå (adoh, babon, jéblog, dhéyog):

η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_mη_mη_m
η_mο_mη_mη_mη_mη_mη_m

- c. wandå sigêg aksârâ irung ing sangajênging wandå wêkasan ingkang mēngå tanpå sandhangan swârâ, kados tå (åmbå, nångkå,

cåndrå, råndhå, kåncå, tåmbå, tåndhå, jänggå, gåndå, plångkå, kåndhå, mångså):

ग्रान्ड्रा रान्द्हा कांचा तांबा तांद्हा जांग्गा गांदा प्लांग्का
कांधा मांग्सा:

Taling-tarung ing têmbung-têmbung nginggil ménikå ingkang limrahipun dipunwastani **taling-tarung palsu**. Dipunwastani makatén, jalaran manawi têmbungipun rinakétan panambang ménápå kémawon, taling-tarungipun ical. Kéjawi manawi kawuwuhan panambang $\text{m} + \text{n}$ Tuladhanipun: $\text{m} + \text{n}$
(१३१९६१) = (२००८)

d. wandå sigêg aksårå irung ing sangajênging wandå wêkasan ingkang mèngå mawi sandhangan swårå sasanèsipun taling utawi taling-tarung, kados tå (jongki, kongsi, tongki):

ग्रान्द्रा रान्द्हा ला॒ ना॒ ग्रान्द्रा ला॒

e. wandå sigêg aksårå irung ing sangajênging wandå wêkasan ingkang sigêg mawi sandhangan swårå pêpêt utawi taling-tarung, kados tå (sontén, kontén, lombok, lonthong, gombyok, plonthos, brongkos, kroncong, brondong):

ग्रान्द्रा रान्द्हा ला॒ ना॒ ग्रान्द्रा ला॒ ना॒ ग्रान्द्रा ला॒ ना॒
ग्रान्द्रा ला॒ ना॒ ग्रान्द्रा ला॒ ना॒ ग्रान्द्रा ला॒ ना॒

3. Pathokan Panyérating Aksårå Jåwå

Pathokan panganggénung aksårå Jåwå wonten ing sératan sarta ångkå kados andharan ing ngandhap ménikå.

- Aksårå Jåwå ingkang limrah ménikå kajawi kanggé nyérat kados samêsthinipun, ugi kéging kasilih kanggé nyérat ångkå. Wujuding ångkå Jawi, inggih ménikå:

० १ २ ३ ४ ५ ६ ७ ८ ९ १० ११ १२ १३

Trapipun kados ångkå Walåndå, upami:

१३ = २०६१ १९६१ = २००८ = २००८

Mèggah panyératipun supados boten cawuh, kédah dipunélét-éléti pådå pangkat, nanging manawi wonten pådå lingså utawi lungsi pådå pangkatipun namung ing ngajêng kémawon, upaminipun (Sataun wonten 12 wulan.; Sawulan ménikå 30 dinten.; Taun Mašehi saménikå 2008):

१३१९६१ = २००८
१३१९६१ = २००८
१३१९६१ = २००८

Ångkå Jåwå ménikå prayogi ugi kasérat wonten ing uruturutaning bab utawi titi-mångså. Upaminipun:

- Pasangan ménikå kapasang wonten ing sawingking utawi sangandhaping aksårå ingkang kasigêg miturut papanipun piyambak-piyambak, upaminipun: रान्द्रा ला॒ ना॒

रान्द्रा ला॒ ना॒ ग्रान्द्रा ला॒ ना॒ ग्रान्द्रा ला॒ ना॒

pasangan manawi papanipun sêjak (mèpèt) kenging dipunsérat wonten ing sangandhapipun.

- c. Aksarå rékan ménikå namung kanggé nyérati témbung-témbung ngamåncå. Aksarå rékan ménikå botén wonten pasanganipun, kajawi. Dados, aksarå ingkang mati kédah kasigéng mawi tåndhå pangkon, upaminipun:

ماناواي پانينپون سېجاك
نگینه دیپونسرات وونتن این سانگاندھاپین

Déné yén sêsigéipun awujud aksarå rékan trapipun barès kémawon, kados tá:

ماناواي تا نگینه دیپون سېجاك
نگینه دیپون سېجاك

Aksarå rékan ménikå ménawi angsal sandhangan: wulu, layar, pêpét, cêcak, cêcêkipun tigå kasèlèh ing sakiwanipun sandhangan wau, upaminipun: ٹانگ

- d. Aksarå murdå kanggé: asmaning pårå luhur såhå misuwur, pangkat luhur, tiyang ingkang dipun-aosi, lsp., upami:

ماناواي ٹانگ
نگینه دیپون سېجاك

- e. Aksarå swårå ménikå namung kanggé nyérati témbung-témbung ngamåncå ingkang botén wonten pasanganipun, upaminipun:

ماناواي ٹانگ
نگینه دیپون سېجاك

Déné ٹانگ ménikå gantosipun
نگینه دیپون سېجاك

pasanganipun dados ٽانگ / ٽانگ

Wangsul dhatêng asalipun, inggih ménikå^{ٽانگ}
upaminipun:

ماناواي ٹانگ
نگینه دیپون سېجاك

- f. Pasangan ٽانگ ménikå ugi dados panjingan ingkang kaungélakén sarêng kalihan aksarå ingkang dipunpanjingi, samantén ugi ٽانگ ugi kenging kapanjingakén. Aksarå ingkang mawi panjingan ménikå yén dumunung sawingkingipun wandå sigéng botén kenging kapasangakén dados wandå wau lajéng kasigéng ing pangkon, upaminipun:

ماناواي ٹانگ
نگینه دیپون سېجاك

- g. Tåndhå ٽانگ pangkon (patèn) ménikå kanggé tåndhå yén aksarå ingkang dipunpangku ical namung kantun swanténipun, tuladhanipun:

ماناواي ٹانگ
نگینه دیپون سېجاك

Pangkon ugi dados sêsuiliing pådå lingså:

ماناواي ٹانگ
نگینه دیپون سېجاك

Pangkon kawuwuhan pådå lingså dados sêsuiliing pådå lungsi:

ماناواي ٹانگ
نگینه دیپون سېجاك

4. Têtêngêr Wonten Ing Panyêratipun

Mënggah têtêngêr ingkang kanggé ing sératan aksarå Jåwå, inggih ménikå:

- a. ٽانگ liså (lingså), kanggé misah gâtrå utawi ukårá. Dados, pådå lingså ménikå kaginakakén kanggé napasing pamaos, kanggé misah ukårá utawi gâtrå ing témbung. Ménawi napasan utawi andhêganing waosan sampun wonten pangkonipun, ménikå kaanggêp pådå lingså, upaminipun:

||गंडां दुर्वाला निरोग इति गृह्णाते शशीला यज्ञा १०३२

- b. **pâdâ lungsi** ménikâ kanggé misah ukârâ kang botên nunggal. Dados, pâdâ lungsi ménikâ minangkå êlêt-êlêt wasananing pamaos. Yèn sampun wonten pangkonipun, padanipun namung satunggal kémawon. Tuladhanipun:

||हीँ अहीँ जूँ गोवा॒॥

Pâdâ ménikâ botên kénging pisah kalihan aksârâ ingkang kantun piyambak. Tuladhanipun:

||मौर्या गोवा॒ नारायण नारायण नारायण नारायण

botên kénging kasérat:

||मौर्या गोवा॒ नारायण नारायण नारायण नारायण

॒

- c. **pâdâ pancak**, ménikâ kanggé panutup ing wasananing cariyos ingkang sampun têlas utawi ing pungkasaning sérat (ibêr), malah yèn taksih sêla dipunrangkêp, makatén:

मौर्या॒ मौर्या॒ मौर्या॒

- d. **pâdâ pangkat**, kaginakakén kanggé:

- 1) ngêlêt-êlêti ångkå Jåwå supados botên cawuh kalihan sératan sanèsipun,

||मौर्या॒ गोवा॒ नारायण नारायण नारायण नारायण
नारायण नारायण नारायण

- 2) kanggé milah cariyos kalihan katérangan ingkang nyêthakakén

||मौर्या॒ गोवा॒ नारायण नारायण नारायण नारायण

- 3) kanggé milah cariyos kalihan ukârâ pacêlathon,

||गंडां दुर्वाला निरोग इति गृह्णाते शशीला यज्ञा
दीर्घा॒ गोवा॒ १०३२

- 4) kanggé napasan utawi andhêgan ing sêkar agêng

||हीँ अहीँ जूँ गोवा॒ १०३२

- e. **adêg-adêg** (ådå-ådå) kanggé ing purwaning ukârâ wiwitan, utawi kanggé ing purwaning ukârâ yèn gantos larikan:

||मौर्या॒ गोवा॒ नारायण नारायण नारायण नारायण
मौर्या॒ गोवा॒ नारायण नारायण

- f. **pâdâ guru** (ugér-ugér), kanggé pépucuking sérat gancaran, sérat kintunan sasampunipun ådåwiyah, sérat dhawuh, lsp.

- g. **pâdâ luhur** ménikâ ginanipun kanggé unggah-ungguh ing sérat kintunan ingkang katujokakén dhatêng sor-soran (tiyang aném)

||मौर्या॒ गोवा॒ नारायण नारायण नारायण

- h. **pâdâ madyâ**, kanggé sasami-sami, upami: pâdâ madyâ ugi kanggé pâdâ agêng ing sêkar, sartâ adêg-adêg ing sérat adèn-adèn.

||मौर्या॒ गोवा॒ नारायण नारायण नारायण नारायण

- i. **pâdâ andhap**, tumrap dhatêng panginggil, kados tâ:

||मौर्या॒ गोवा॒ नारायण नारायण नारायण नारायण

- j. **purwâ pâdâ**, tégésipun pâdâ wiwitan, ménikâ kanggé pépucuking sératan dhapukan sêkar. Pramilâ ing pâdâ wau mêngku

kajêng ingkang sinamar:

= såhå ing pêpêthan:

k. madyå pådå, tégésipun pådå tengahan, wonten ing sékar kaginakakén kanggé têténgér gantosipun jinising sékar. Madyå pådå ménikå mèngku suraos utawi têbih, tégésipun sékaripun taksih wonten lajéngipun, dèrèng rampung, kasamun ing

l. wasanå pådå, inggih ménikå pådå pungkasan. Pådå ménikå minångkå nanutuping sérat dhapukan sékar, ingkang mèngku suraos: (makatén cariyosipun, tamat) ingkang kasamun ing

m. | | tåndhå kurung ménikå sambutan saking têténgér ngamåncå (Walåndå), kanggé nérangakén ménawi ingkang dipunsukani kurung ménikå pilah kalihan ukårà-ukårà ing riku. Dados, namung dumunung katrangan kémawon, upaminipun:

Rp 25

5. Bab Panyérating Têmbung-têmbung mawi Aksårå Jåwå

a. Têmbung linggå makatén limrahipun kadhapuk saking kalih wandå. Ingkang wandånipun langkung saking kalih inggih wonten. Déné anggènipun nyérat satunggal-satunggaling wandå botén kénging rinangkép. Tuladhanipun:

Botén kénging ngrangkép aksårå, upami:

ingkang nyébal: botén kasérat

b. botén kasérat manut pakêcapanipun: lsp.

c. Têmbung linggå ingkang nigang wandå såhå wandå ingkang ngajéng sigéng aksårå irung, panyératipun manut pakêcaping têmbungipun:

d. lsp. botén kénging kasérat nganggé pêpêt layar. Ananging, namung têmbung ngamåncå ingkang kacéthakakén kénging kasérat nganggé pêpêt layar, upaminipun:

e. Panjing kados tá: botén kénging kaulur:

kajawi ménawi prêlu, upaminipun kanggé ing sékar.

f. Samantén ugi sésêlan kasérat manut pangrimbagipun,

upami:

g. Panyérating têmbung ngamåncå manut pakêcapanipun, botén prêlu manut salérêspun, upaminipun:

(kantoor)

(maatschappij)

(aandeel)

(baggage)

- h. Rérakétaning témbung ingkang kakanthèkakén ing témbung ingkang apurwå botén luluh, kados tå:

ingkang nyébal:

- i. Aksårå Arab, Latin dalah angkanipun, yèn kasérat saréng kalihan sératan aksårå Jåwå, kédah kajèjér. Dados, dumunung ing sangandhaping garis. Déné yèn aksårå Jåwå sumélå ing sératan Latin, inggih kédah jèjér nanging dumunung ing sanggingiling garis, upaminipun:

- j. Ångkå Rum kéng kanggé ing sastrå Jawi, aksårå Latin kéng kasilih kanggé ångkå urut-urutan.

6. Bab Aksårå Latin såhå Caranipun Maos Aksårå Jåwå

Panyérating témbung Jawi mawi aksårå Latin ménikå sawatawis wontén paugéranipun piyambak, kados ing ngandhap ménikå.

- a. Saking dêntåwyayanjånå inggih ménikå: hå, nå, cå, rå, kå, då, tå, så, wå, lå, på, dhå, jå, yå, nyå, må, gå, thå, ngå. Déné anggénipun maos [h , n , c , r , k , d , t , s , w , l , p , d , h , j , y , ny , m , g , b , th , ng].

- b. Aksårå murdå utawi aksårå mahaprana, inggih ménikå: Nå, Kå, Tå, Så, På, Gå, Bå, Jña, dipunwaos [N , K , T , S , P , G , B , Jñ]
- c. Aksårå rékan inggih ménikå: cha/å, dza/å, gha/å, fa/å, za/å, dipunwaos [a] utawi []
- d. Aksårå swårå inggih ménikå: 1) a/å, i, u, é, o
2) rå, lê
- e. Sandhanganing aksårå Jåwå murih sagêd mungêl, botén namung nglégnå kémawon. Sandhangan aksårå Jåwå ménikå wontén warni gangsal inggih ménikå:
- 1) pêpêt, kawaos [hø] utawi [ø], upami gégér
 - 2) wulu, kawaos [hi] utawi [i], upami siji
 - 3) taling, kawaos [hl] utawi [I]. upami lélé [hæ] utawi [æ], upami gégér
 - 4) taling tarung, kawaos [ho] utawi [o], upami ora
 - 5) suku, kawaos [hu] utawi [u], upami dudu
- f. Sandhangan panyigéging wandå (swårå) inggih ménikå:
- 1) layar, kawaos [har] utawi [ar], upami wartå
 - 2) wignyan, kawaos [hah] utawi [ah], upami gajah
 - 3) cêcak, kawaos [hang] utawi [ang], upami anglo

Aksårå *hå* ménikå kaggénipun namung yèn pangucapipun *hå* cêthå, kados tå: *håwå, tuhu, sâhå, nglåhå*.

Ananging yèn swanténipun ampang inggih namung kasérat **a i u é è o**, kados tå: *aku, iku, uwis, élok, èmbèr, ora, lss.*

g) Sandhangan wyanjåñå, wonten warni tigå, inggih ménikå:

1) cåkrå, kawaos [kr], upami kråmå

2) kérêt, kawaos [prə], upami prêlu

3) péngkal, kawaos [kya], upami kyai

h) Panjingan ménikå wonten warni kalih, inggih ménikå:

1) panjing wå , kados tå kawaos /kw /, upami kwali

2) panjing lå , kados tå kawaos /kl /, upami klåpå

Sawingkingipun aksårå *d, t, n*, kagantos *y*, kados tå: *sédyå, sétyå, sunyå*.

Aksårå agéng (*kapital*) kaggénipun kados ingkang kalimrah ing båså Indonésia, inggih ménikå kaggé pêpucuking ukårå, sawingkingipun tåndhå titik/pådå lungsi ing sératan dhapukan gancaran, namaning tiyang, sésébutan, araning lèpèn, rêdi, kithå, nagarå, lsp.

Tétêngér ingkang kaginakakén ing sératan aksårå Latin, wonten warni sångå. Wondéné tétêngér kasébat kados andharan ing ngandhap ménikå.

1) . titik, ing sératan aksårå Jåwå sami kalihan pådå lungsi (ing

andharan gancaran).

- 2) , komah, ing sératan aksårå Jåwå sami kalihan pådå lingså (ing andharan gancaran).
- 3) ; titik komah, kaginakakén kaggé mèdhøt gêgandhènganing ukårå ingkang sampun sigéng namung ukaranipun dèrèng rampung. Upaminipun: *Nalikå aku ményang Sålå mampir omahé Sutå; aku disuguh mangan nganti warèg.*
- 4) pådå pangkat (kapriksanåna ing pérangean 4.d)
- 5) "..." pådå pambukå sâhå panutup, kaggé nyingga utawi nêngéri ukårå ingkang nérangakén paginéman utawi nyingga têtembungan ingkang dipun-prêlokakén, upaminipun: *Wangsulané Saridin: "Inggih, Béndårå, mila kulå ingkang lêpat." Nalikå kulå dhatêng Bali numpak kapal "Mérapi".*
- 6) ! pådå pakèn, kaggé panutuping têmbug utawi ukårå pakèn, upami: *Lungåå! Tukuå sègå, Din!*
- 7) ? pådå pitakèn, kaggé panutuping ukårå pitakèn, upami: *Panjénêngan putranipun sintén?*
- 8) () kurung, kaggé nyukani tåndhå yèn isinipun sami kalihan ngajéngipun, upami: *Têmbug kaanan (sipat).*
- 9) „ idhém, kaggé nyukani tåndhå yèn isinipun sami kalihan ingkang kasébut ing nginggilipun, upami:
Anak kalih jalér sadåyå namanipun ugér-ugér lawang.
„ „ estri „ „ kembang sépasang.

Prêlu kauningan, bilih wêwaton panyérating aksårå Jåwå ing jaman rumiyin wonten bédanipun kalihan ing jaman saménikå. Manawi jaman rumiyin (Padmosoekotjo, 1989: 9-10) panyératipun kados ing ngandhap ménikå.

1. Aksara ing sawingkingipun wandå måwå sandhangan layar

kêdah kasérat ^m kados tå: *ə́m̥ m̥ə́ r̥éj̥ ə́m̥*

Ananging saménikå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́m̥*

2. Aksârâ ^{əŋ} ing sawingkingipun wandå måwå sandhangan layar

kêdah kasérat ^{n̥} kados tå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥*

Ananging saménikå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥*

3. Aksârâ ^{əŋ} ingkang kapasangan ^ə kêdah kasérat ^{əŋ}

kados tå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥*

Ananging saménikå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥*

4. Aksârâ ^{əŋ} ingkang kapasangan ^ə utawi ^{m̥} kêdah kasérat

kados tå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥*

Ananging saménikå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥*

5. Têmbung aran apurwå ^{əŋ} ingkang karumiyinan têmbung ^{əŋ}

purwå ^{əŋ} ménikå kêdah kasérat ^{əŋ} kados tå:

ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥

Ananging saménikå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥*

6. Atér-atér anuswårå ingkang luluh kalihan purwaning têmbung

ingkang dipunatér-atéri kasérat mawi ^{əŋ} kados tå:

ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥

Ananging saménikå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥*

7. Têmbung mawi sésêlan ^{əŋ} kasérat nganggé pasangan ^ə kados tå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥*

Ananging saménikå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥*

8. Têmbung mawi sésêlan ^{əŋ} kasérat nganggé pasangan ^ə kados tå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥*

Ananging saménikå: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥*

9. Têmbung "punikå, puniki, puniku" dipun-anggêp saking "pun + ika, pun + iki, pun + iku", milanipun ing jaman rumiyin kasérat nganggé pasangan ^{m̥} | ^ə: *ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥*

Ananging ing jaman saménikå:

ə́n̥ ə́n̥ə́ r̥éj̥ ə́n̥ ə́n̥ə́ n̥

lajêng dados

Manut owah gingsiring kawontenan dangu-dangu têmbung "punikå, puniki, puniku" dados têmbung pacakan utawi rinênggå, têmbung limrahipun dados "ménikå".

Èstunipun taksih kathah rêmbag bab aksârâ Jåwå ingkang kanggé ing pamulangan ingkang prêlu dipunsumêrepi, murih sâyå sugih kawruh bab aksârâ Jåwå. Èwå samantên kasumanggakakén anggèn Panjénêngan sadåyå badhé ngangsu kawruh kasébut.

7. Pratélan Waosan

Adisumarta, Sumidi. 1955. *Tatanan Nyérat Aksara Djawi*.

Ngajogjakarta: Tjabang Bagian Bahasa Djawatan Kebudajaan Kementerian Pendidikan Pengajaran dan Kebudajaan.

Antunsuhono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa I*. Djogdja: Hien Hoo Sing.

Arintaka, B. 1983. "Bab Wêwangunanipun Aksara Jawa". Makalah disampaikan pada Acara Sarasèhan Basa lan Sastra Jawi di Pendapa Wiyata Praja Dinas P dan K Prop. DIY pada hari Sénèn Légi, 4 Juli 1983.

Behrend, T.E. dan Pudjiastuti. 1997. *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara: Museum Sonobudoyo Yogyakarta*. Jilid I. Jakarta: Djambatan.

Echols, John M dan Hassan Shadily. 1981. *Kamus Inggis - Indonesia*. Cetakan X. Jakarta: Pt. Gramedia.

Padmosoekotjo, S. 1989. *Wêwaton Panulisé Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

Perry, Edward Delavan. 1953. *A Sanskrit Primer*. New York: Columbia University Press.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastrā Djawa*. Groningen, Batavia: J.B. Wolters' Uitgevers-Maatschappij N.V.

_____. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Djakarta: Noordhoff-Kolff N.V.

Prawiradisastra, Sadijo. 1987. "Kawruh Basa". Sératan kanggé Garan Panataran Guru Bahasa dan Sastra Jawa ing Kantor Wilayah Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Propinsi Jawa Tengah Semarang.

Sastrawardaya, Mas Samud. 1950. *Campur-bawur*. (Sératan Aksárå Jåwå). Djakarta: J.B. Wolters' Uitgevers-Maatschappij N.V.



KAWRUH BÅSÅ

Båså ménikå isi ukårå-ukårå, pamédharing budi, inggih ménikå gagasan ingkang laras kalihan raosing manah. Saugér gagasan laras kalihan raosing manah, kawédharakên dados båså inggih dados bêcik, laras, sâhå runtut. Båså ingkang botén cêthå, ruwêd, ménikå tåndhå manawi raos-gagasaning tiyangipun: botén runtut, botén laras, sâhå ruwêd. Anggégulang èdining båså ménikå ugi dados sarånå nglélantih nåttå gagasan sâhå raos. Lair ménikå utusaning batos, sâhå batos ménikå asal-usuling lair. Dados, anggladhi bêciking ingkang kalair, ugi tumånjå dhatêng tumataning batosipun (Hadiwidjana, 1967). Bab ménikå dados dhasaring kawruh nggilut båså.

Miturut padatan ingkang sampun lumampah, ancasing wulangan kawruh båså ménikå wontén warni tigå. Wondéné andharaning ancas wulangan kawruh båså ménikå makatén, 1) nambahi sartå ngiyatakên kawruh båså, 2) nambahi sugihing têtembungan, *ungkapan*, *idiom*, paribasan, bêbasan, salokå, sâhå 3) *ragam* båså, unggah-ungguhing båså. Miturut andharan ing *Tata-Sastra* (1967), kawruh båså ménikå kapérang dados warni sakawan, inggih ménikå titi-swårå sâhå aksárå, titi-têmpong, titi-ukårå, tuwin titi-båså. Ing pérlangan salajéngipun kawruh båså kaandharakên kanthi rēringkésan makatén.

1. Titi-swårå

Titi-swårå inggih ménikå swantén kêdaling tutuk (lésan) ingkang ngêmu suraos sâhå ngêmu ancas tartamtu (Hadiwidjana, 1967; Prawiradisastra: 1987/1988). Tumraping båså Jawi wontenipun adat

båså inggih ingkang nêdahakêñ bilih bédaning swantên ing salêbêting têmbung sumpun ngêmu raos båså. Raos båså ing salêbêting têmbung sumpun nêdahakêñ wontênipun unggah-ungguhing båså Jawi, inggih ménikå *ragam* ngoko - kråmå. Kagatosnå tuladha sawatawis ing ngandhap ménikå.

abang	- abrit	gampang	- gampil
bangêt	- sangêt	ilang	- ical
cêkêl	- cêpêng	jågå	- jagi
dadi	- dados	kirå	- kintén
étung	- étang	lêmu	- lêmå

Wontênipun *diksi* inggih pamilihing têmbung adhêdhasar swantên ménikå, cak-cakan rérakitaning têtêmbungan ing ukårå lajêng kapirêng sâhå karaosakêñ nuwuhakêñ raos sakécå, mranani. Pramilâ pamilihing swantênipun têtêmbungan ménikå wigatos sangêt tumraping kasusastran Jawi. Bab ménikå dados éwoning rênggå båså ingkang kawastanan purwåkanthi. Purwåkanthi guru swårå, purwåkanthi guru sastrå, sâhå purwåkanthi lumaksitå (båså) ménikå wontênipun awit saking runtuting swantên ing têtêmbunganipun. Upaminipun:

åñå rinå åñå upå, åñå wêngi åñå rêuiki, åñå awan åñå pangan
éntek golèk kurang amèk, tunå satak bathi sanak
åñå catur mungkur, anak polah båpå kapradhah

Purwåkanthi kados ing nggingil ménikå têmtu kémawon pinanggih ing rêriptan sêkar. Awit andharan dhapukan sêkar makatêñ kariptå saking pamilihing têmbung ingkang *puitis*, kalêbêt purwåkanthi. Dhapukan sêkar ingkang ngêwrat purwåkanthi, kados ing ngandhap ménikå

mingkar-mingkuring angkårå / akaråñå karênan mardi siwi /
sinawung rësmining kidung / sinubå sinukartå / mrih krêtartå

pakartining ngèlmu luhung / kang tumrap nèng tanah Jåwå /
agåmå agêming aji //

(*Sérat Wédhåtåmå*)

2. Titi-têmbung sâhå Titi-ukårå

Kawruh utawi sêsérêpan bab titi-têmbung (Hadiwidjana, 1967; Prawiradastra: 1987/1988) ménikå dados rémbag ing péranganing paråmåsastrå. Paråmåsastrå inggih ménikå péranganing kawruh båså ingkang ngrêmbag bab dhapukaning têtêmbungan utawi bab rimbag-pangrimbag, kados déné: têmbung linggå, têmbung andhahan, jinising têmbung, sartå kadospundi dumadosipun têtêmbungan ménikå maujud. Namung kémawon, sêsérêpan utawi pangrêtosan bab rimbag-pangrimbaging têmbung ménikå dèrèng nêmtokakêñ (*menjamin*) sagêd ngginakakêñ båså ingkang lêrës tur saé manawi boten kagladhi ngêcakakêñ.

Pangrêtosan bab têtêmbungan (*kosakata*) ménikå boten namung gêgayutan kalihan kathahing têmbung-têmbung, nanging ugi gêgayutan kalihan têgés sâhå maksudipun. Tiyang badhé mahyakakêñ gagasan, mêdharakêñ ciptå-råså-karså-karyanipun ménikå têmtu milih sâhå ngracik têtêmbungan dados reroncëning ukårå ingkang gampil tinampi ing ngasanès, inggih kanthi saråñå lésan ménâpå déné sératan.

Milih têtêmbungan lajêng karacik dados ukårå ménikå boten gampil. Awit, têmbung-têmbung ménikå ngêmu têgés warni-warni. Wontêñ têmbung ingkang atêgés éntar sâhå wantah (lugu), atêgés pokok (*denotasi*) --atêgés simpang(-an) (*konotasi*), wontêñ ugi ingkang atêgés *leksikal-gramatikal*. Kajawi ménikå mënggahing båså Jawi taksih kawêngku ing råså båså sâhå adat båså. Wontênipun unggah-ungguhing båså Jawi ménikå inggih kêdah dipun-gatosakêñ ing salêbêting mêdhär sabdå-ngracik båså.

Inggih amargi wontênipun råså båså murugakêñ wontênipun tåtå cårå adat anggènipun ngêtrapakêñ têtêmbungan ing salêbêting ukårå. Adat båså kasébut ugi nêmtokakêñ têmbung ingkang sami

têgésipun nanging panganggénipun bédå-bédå. Kados tå:
ayu - bagus - bêcik - pèni - èdi - élok - apik - éndah.

Têtembungan ménikå sami têgésipun, nanging racikanipun bédå badhé botén sami têgésipun, tuladħa:
adol ayu - adol bagus, ålå-bêcik, èdi- pèni, élok témenan.

Makatén ugi têmbung ngoko, kråmå, sâhå têmbung hurmat témptu kémawon anggènipun ngétrapakén ugi bédå. Upaminipun têmbung-têmbung:

wêruh = sumérêp = sumurup = prikså = uningå
wènèh = suka = caos = atur = paring
nggåwå = mbéktå = ngampil = ngastå

Cak-cakaning têmbung-têmbung kados makatén témptunipun inggih botén sami. Makatén ugi awit saking wontenipun råså båså sâhå adat båså, tiyang lajeng sagéð mbédak-bédakakén têgésing: atér-atér, séselan, panambang, pangrangkép, camboran, sâhå éwah-éwahaning swantén ing salébeting ukårå utawi andharan, kados tå:

padhang	madhangi	madhangaké	pêpadhang	padhang-padhang
	kapadhangan	pinadhangan	padhangana	padhangna
	padhang-padhangan		kapadhangân	
	padhang ulaté	golèk dalan padhang		padhang jingglang

Amargi wontenipun adat båså ménikå murugakén têmbung **gadhèn** saking rimbaging **gadhé + an** bédå têgésipun kalihan **gadhéan**; **karamèn - karaméan**; **kadadèn - kadadéan**, lingga sâhå imbuhanipun sami, nanging dodosing wujud bédå. Makatén ugi têgés sâhå cak-cakanipun ugi bédå.

3. *Ungkapan utawi Idiom*

Rêrangkèning têtembungan sâhå racikaning têmbung-têmbung ingkang kanggé mahyakakén cipta-råså-karså-karyaning tiyang ménikå wonten ingkang dipun-sébut *ungkapan* utawi *idiom*. Têmbung *ungkapan* utawi *idiom* ménikå ngemu têgés ingkang wiyar têbanipun. Miturut pamanggihipun Prawiradisastra (1987/1988), saben båså ménikå wonten *ungkapan* utawi *idiom*-ipun piyambak-piyambak tur inggih bédå-bédå. Upaminipun makatén

Bâså Jawi	Bâså Indonesia
adol bagus	jual tampang
métu dalan gêdhé	lewat jalan raya
métu godhongé	tumbuh daunnya
pamêtuné lumayan	penghasilannya lumayan
sawêngi natas	semalam suntuk
srêngéngé mléthèk	matahari terbit
untu åndhå	anak tangga

Ungkapan utawi *idiom* ing ngginggil awujud têtembungan sâhå racikaning têmbung ingkang ngemu têgés sâhå maknå (maksud) tartamtu, inggih ménikå ingkang ngemu têgés éntar, irib-iriban (pêpindhan), paribasan, bêbasan, salokå, sanépå, cåndrà, sêngkalan, lsp. Dados, pancèn têbaning kawruh båså ménikå wiyar sangêt.

Prêlu kauningan bilih miturut pamanggihipun pårå winasis båså baku ménikå ciri-cirinipun sampun gumathok, inggih ménikå

- 1) paråmåsastranipun sampun mapan, bausastrå utawi *kamus*-ipun wonten;
- 2) båså ingkang mandhiri, inggih sampun madéð piyambak, botén namung båså ênggèn-ênggènan;
- 3) sejarah sâhå kasusastranipun wonten, cêthå, wiwit abad IX dumugi

sapriki boten wonten pêdhōtipun;

- 4) kaginakakén déning tiyang kathah, wiwit jaman kinå sampun kaginakakén déning sapérangan agéng bângså Indonesia ingkang kathahipun yutan.

4. Bâså Limrah sâhå Bâså Éndah

Gagasan utawi ciptå-riptå ingkang kalairakén sarânå bâså (dédé ingkang sarânå sasmitå utawi sarânå solah-båwå), ménikå wonten ingkang caranipun nglairakén namung sarânå bâså limrah kémawon, saugér sok-sinténå ingkang miréng utawi maos sagénd mangrétos dhaténg maksud kajéngipun ingkang dipunwédharakén. Ananging, wonten ingkang caranipun nglairakén mawi bâså ingkang dipuntåtå saé, runtuut, ngantos dumugi bâså ingkang éndah (Padmosoekotjo, 1953).

Makatén ugi tiyang nyérat sérat ibér, tiyang nganggit, wonten ingkang namung nêngénakén isinipun kémawon. Manawi isinipun sampun sagénd dipumangrétoni déning tiyang ingkang maos kémawon, inggih sampun cêkap. Ananging wonten kémawon ingkang nggatosakén basanipun, ngudi kanthi saëstu supados dhapukaning basanipun sagénd trép kalihan kasusastran, inggih ménikå sagénd mujudakén bâså ingkang isi kaéndahan. Ing ngandhap ménikå tulâdhå bâså limrah sâhå bâså éndah, inggih bâså ingkang trép utawi nglénggahi kasusastran.

No.	Bâså Limrah	Bâså Éndah
1.	Wiwit isih bocah cilik, (aku) tansah ngalami ora kapénak, kérêp nêmu cilakå.	Cilik mulå, uripku tansah kétulâ-tulâ kétali.
2.	Kékarépan kang ora bêcik, manâwå diujå, biså njalarí rusaking uripé.	Sédyå álå, yèn dèn ujå, biså mbabar dadi rubédå kang ngrérêbêdi.

No.	Bâså Limrah	Bâså Éndah
3.	Kandhamu kang mangkono iku rak biså marakaké élingé marang panggawé sing kurang prayogå	Kandhamu kang mangkono iku, nggêgalak racak, nêngati kêmréki, ngungkat-ungkat singgat.
4.	Saiki aku wis tuwå, umurku wis luwih sâkå saténgah tuwuuh.	Saiki aku wis tuwå, mungguhå sréngéngé, wis adoh sâkå pléthéké, cédhak marang surupé.
5.	Ora ånå sabab åpå-åpå, ujug-ujug Pak Guru kok banjur dukå.	Ora ånå udan ora ånå barat, Pak Guru kok dukå dadakan.
6.	Wataké si Sutå, yèn wis mbréngkunung ora kénéñ diéluç, yèn kâbénér gampang, lah dipréntah åpå baé yå tumandang.	Wataké si Sutå iku yèn kaku kâyå alu, yèn lémés kénéñ ginawé tali.
7.	Kowé kok banjur wêdi iku généyå tå?	Wêdi-wêdi, åpå kang dadi wadimu, tå?
8.	Yèn uripmu niru kâyå kulonan mësthî bakal nandhang ora kapénak, prayogå nganggoå carané bangsamu dhéwé, supåyå biså têñtrém uripmu.	Manâwå parammu mangulon, aran marani pépéteng, prayogå mangétanå, margå ing sisih wétan iku sangkaning pépadhang.
9.	Guru ménikå kêdah gadhah manah sabar, agéng pangapunténipun.	Guru punikå kêdah awatak sabar, maklum, momot, sâhå mëngku.
10.	Boten ngintén babar pisan manawi rëmbagipun tiyang ménikå badhé mëncla-mëncle.	Boten nyåna boten ndipé bilih rëmbagipun tiyang punikå badhé mëncla-mëncle, bêbasan énjing kêdhêlé, sonten témpé.
11.	Piyambakipun ménikå milå sampun boten kénging dipuncriyosi, manahipun boten pasah ing pitutur.	Piyambakipun boten sagénd mëndhå déning têmbung manuhârå, boten sagénd luntur déning pitutur.

No.	Bâså Limrah	Bâså Éndah
14.	Guru pintér, adatipun dipun-gêgå cariyosipun.	Guru sugih kawégigan, ginégå sagung ginémipun.
15.	Sénengå têtulung marang liyan.	Di mulung asung pitulung.
16.	Åjå susah yèn diacad, åjå bungah yèn dialém.	Åjå gélâ cinédå, ingalém aywå macucu.
17.	Cilik (alus) bangêt.	Lêmbut tan kênå jinumput.
18.	Bisâ tiwikrämå lan biså ngilang.	Sagéd dados saklangkung agéng, lêmbat botén kasat mripat.
19.	Luwih sâkå sapâdhå-pâdhå.	Punjul ing apapak.
20.	Gêgaman sâkå wési.	Tapak paluning pandhé, sisaning guréndå.

Tuladhå ing nginggil ménikå awujud ukårà-ukårà, wonten ingkang ngoko, wonten ingkang krämå. Ing ngandhap ménikå tuladhå ingkang awujud cariyos ingkang isi bâså ingkang nglênggahi kasusastran, inggih ingkang awujud gancaran lan ugi ingkang sinawung ing sékar.

1. Jun iku yèn lukak, kocak. Sapi yèn sérû lan agor swarané, sathithik puwangé. Wong ålå rupané, solahé digawé-gawé. Wong sêpi ing kawruh, kasar gunêmé, sérû ora ngrèsépaké.
2. Wong bêcik atiné, pêpindhané wit cêndhânå, dadi pangungséné ulå, nglékér ånå ing ngisoré. Pang-pangé disâbå ing manuk, kembangé rinubung ing kombang. Manåwå kayuné diwadung, awèh gândå wangi, mulék tanpå kêndhat. Mangkono ugå pambékané pandhitå linuwih, tansah ngudi kaslamêtaning liyan, mêtû sâkå ati suci.

(kapéthik saking Sérat Nitisastro)

wijiling kang wêwaton winarni / malém Slåså Kliwon / Bakdåmulud ping salikur lèké / sâyå ngësthi murtining ngaurip / sasi Januari / tanggal ping nêm-likur // dadi tåtå dalané linuwih / mrih ménés tur maton / prå nupikså pinintå kritiké / kritik ingkang tuhu mikantuki /

sagéd murakabi / bâså Jawi maju // yèn wêwaton kang nyåtå wigati / titå maton yêktos, prå pêmudhå-pêmudhi pan badhé / katêtangi paréntuling ati/ngudi bâså Jawi/gumrégah gumrégut//

a. Sandi-asma

Sandi utawi *sandhyā* ménikå atêgés sambung utawi *gandhèng*. *Sandi-kâla* utawi *sandhyâkâla*, atêgés *kâla* (wêkdal) ingkang nyambung utawi nggandhèng wêkdal siyang kalihan wêkdal dalu, inggih ménikå ing *kâla* (wêkdal) mèh suruping srêngéngé. Dados, têmbung *Sandi-kâla* atêgés wêkdal mèh suruping srêngéngé 'senjakala'.

Ing jaman saménikå têmbung sandi limrahipun dipuntégési **wados**. Sandi-sastrå atêgés sastrå ingkang *winados*, *sinamun*, *sinamar* utawi *kode*. Wondéné sandi-asma atêgés asma ingkang *sinandi*, ingkang *sinamun*, *sinamar*. Asma ingkang botén katêdahakén kanthi mèlok, botén kanthi cêthå. Asma ingkang katêdahakén, nanging *sinamar*, *sinamun* ing salêbeting anggitan. Limrahipun, ing salêbeting anggitan ingkang sinawung ing sékar.

Ingkang ådå-ådå migunakakén sandi-asma warni-warni ménikå *swargi* R.Ng. Ranggawarsita. Inggih Sang Pujånggå *swargi* R.Ng. Ranggawarsita ménikå ingkang migunakakén sandi-asma warni-warni ingkang rumiyin piyambak. Sang Pujånggå R.Ng. Ranggawarsita *swargi* ménikå caranipun mapanakén sandi-asma wonten warni nénêm, inggih ménikå: (1) ing sabén wiwitinan pupuh, (2) ing sabén wiwitinan pådå, (3) ing sabén wiwitinan gâtrå, (4) ing pêdhotaning gâtrå, (5) ing sawingkinging pêdhotan, sâhå (6) ingkang namung dumunung ing gâtrå satunggal.

Déné warni-warnining caranipun mapanakén sandi-asma ménikå sampun kasérat wonten ing sawatawis anggitanipun R.Ng. Ranggawarsita. Tuladhå panyérating sandi-asma wonten ing sawatawis anggitanipun R.Ng. Ranggawarsita kados ing ngandhap ménikå (Padmosoekotjo, 1960).

1) Dumunung ing wiwitaning pupuh (pinanggih ing *Sérat Ajipamåså*, lsp)

Ra	- sikaning sarkårå kaësthi (pupuh Dhandhanggulå)
ha	- sasmitå wadyanirå (pupuh Sinom)
dyan	- cêpu kinon ningali (pupuh Asmårådåñå)
Nga	- wu-awu ing pamuwus nguwus-uwus (pupuh Pucung)
bé	- lå tampaning wardåyå (pupuh Pangkur)
i	- yêg tyas sabiyantu (pupuh Gambuh)
Rong	- prakårå pilihen salah satunggal (pupuh Durmå)
ga	- gat bangun angun-angun ing pråjå gung (pupuh Mégatrüh)
war	- nanén tanah ing sabrang (pupuh Pangkur)
si	- rå Sang Prabu kalihnyå (pupuh Giriså)
ta	- litining wong abêcik (pupuh Asmårådåñå)

2) Dumunung ing wiwitaning pådå (pinanggih ing *Sérat Sabdåtåmå, Ajipamåså*, lsp.)

Ra	- saning tyas kayungyun
dèn	- samyå amituhu
Nga	- japå tyas rahayu
bé	- då kang ngaji mumpung
i	- lang budayanipun
Rong	- astå wus katékuk
ga	- lap-gangsuling témbung
war	- tining pårå jamhur
si	- daning Kålåbêndu
ta	- tanané tumruntun
ing	- antårå sapangu
Kê	- mat isarat lêbur
dhung	- kari gunung-gunung
Kol	- longaning kaluwung
Su	- páyå pådhå émut

ra	- sané wus karasuk
kar	- taning tyas katuju
ta	- tuné kabèh tuntum
A	- mung pådhå tinumpuk
di	- raning durtå katut
ning	- gal pakarti dudu
ngrat	- tani sapråjå gung

3) Dumunung ing wiwitaning gåträ (pinanggih ing *Sérat Ajipamåså*)

Rasikaning sarkårå kaësthi / dènnyå mamardi mardåwå / Ngajåwårå puwarané / bélå-bélaning kalbu / inukartå nis kartèng gati / Rongas rëhing ukårå / gagaranirantuk / wartå wasitaning kunå / sinung têngranjanmå trus kaswarèng bumi (1791) / talitining caritå //

4) Dumunung ing pêdhotaning gåträ (andhêgan napas)

songsong gora candraning artati / lwir winidyan sarosèng parasdyå / ringå-ringå pangriptané / tan darbé lêbdèng kawruh / anguruhi wênganing budi / kang mirong ruharèng tyas / jägå angkårå nung / mintå luwar ing duhkitå / aywå kongsi kéwan lukitèng kintekå / kang kåtå ginupitå // (*Sérat Cemporet*)
aywå pêgat ngudiå ronging budyayu / margané såkå basuki / dimèn luwar kang kinayun / kalis ing panggawé sisip / ingkang tabêri prihatos // (*Sérat Sabdajati*)

5) Dumunung ing sawingkinging pêdhotaning gåträ

yéktènåñå rong windu åñå dhuma wah / pulunganå kang sajati / wartaning kang pårå jamhur / iku sidaning kadadin / dadining tapå kang manggon // (*Sérat Jakalodhang*)

6) Dumunung ing gâtrå satunggal, dados salarik (*Sérat Kalatidha*)

sagêdå sabar santoså / mati sajroning aurip / kalis ing röh uru-årå / murkå-angkårå sumingkir / tarlèn méleng malatsih / sanityasèng tyas mématush / badharing sapu-dhêndhå / antuk mayar sawatawis / borong angga suwårgå mèsi martayå//

Kajawi dumunung ing rëriptan ingkang sinawung ing dhapukan sêkar, sandi-asmå ugi pinanggih wonten ing anggitan **gancaran**. Tuladhanipun, kados tå ing sérat gancaran *Hidayatjati*, cobi dipunwaspadakakén!

Rongkop rukading badan, kalingan déning solah susilå. Galap-gangsuling lésan, kalingan déning wiraos manis. Warni awon, kalingan déning manah sarèh. Sipat kuciwå, kalingan déning nétya sumèh. Taliti sudrå, kalingan déning bérbudi båwå-laksåna.

b. Sêngkalan

Tembung **sêngkalan** ménikå asalipun saking tembung **śaka** sâhå **kâla**. **Śaka** utawi **Çaka** ménikå namaning bângså India. **Śakakâla** inggih ménikå rikålå wonten golonganing ratu śaka (**Çaka**) ingkang juméneng ing India sisih kidul, dipun-pèngêtî taun śaka 1, ing taun Masèhi 78. Taun Saka sâhå tahun Masèhi ménikå sami déné adhêdhasar pétangan lampahing suryå. Taun Saka ménikå taksih kanggé pétangan ing Bali ngantos sapriki (Prawiradisastra, 1987/1988; Padmosoekotjo: 1960).

Sêngkalan ménikå unèn-unèn kanggé mèngêtî angkaning taun. Caranipun nyuraos sêngkalan ménikå bédå kalihan nyuraos ukårå limrah, inggih ménikå kawiwitán saking **ékanipun**, lajêng **dasan**, **atusan**, sâhå **éwonipun**. Tembung-tembung ingkang wonten ing sêngkalan ménikå ingkang dipun-anggêp ngêmu watak wilangan.

Kanthy ringkés wataking tembung kapratélakakén ing ngandhap ménikå.

1) Watak satunggal

Barang (pérrangan angganing manungså utawi kéwan) ingkang cacahipun namung satunggal, barang ingkang awangun bundér, janmå utawi manungså. Utawi sagêd ngginakakén tembung kanthy dhasar sarânå **guru dåsånamå**, inggih ménikå tembung ingkang sami tégésipun dipun-anggêp sami watak (aji) wilanganipun. Kados tå: pratiwi, pratålå, bantålå, kismå, bumi, cåndrå, ratu, lsp.

2) Watak kalih

Barang ingkang cacahipun temtu kalih. Utawi sagêd ngginakakén tembung kanthy dhasar sarânå **guru sastrå**, inggih ménikå tembung ingkang nélakakén namaning barang kalihan pakartinipun (kanggénipun) kaanggêp sami watak wilanganipun, upaminipun: mripat - mandêng, tangan - nyembah, pakså (swiwi), karnå, lsp.

3) Watak tigå

Latu, inggih sadåyå barang ingkang mawi latu. Utawi sagêd ngginakakén tembung kanthy dhasar sarânå **guru dåsånamå**, inggih ménikå pawåkå, upêt, bahni, dahånå.

4) Watak sakawan

Toyå, inggih sadåyå tembung ingkang atégés toyå utawi wujud toyå. Upaminipun: wédang, jaladri, waudadi, warih, hèr, pancuran, sumbér, tlågå, udan, barunå, tirtå, wé, ranu, tåwå, lsp.

5) Watak gangsal

Butå, panah (jêmparing), angin. Tembung-tembung ingkang atégés butå, panah (jêmparing), sâhå angin. Upaminipun: yakså, danåwå; sârå, warayang; barat, sêmilir, sêmbrabit, sindhung, lsp.

6) Watak nénêm

Araning raos (lègi, kêcut, pêdhês, pait, asin, gurih; gêtir, sêpêt, langu, lêtêng), tembung ingkang ngêmu suraos ébah (obah, oyog, oyag,

moyag-mayig), sâhâ têmbung ingkang måwå têgés sadpådå (walang, tawon, kinjêng, kumbang)

7) Watak pitu

Pêndhitå gunung pitu nunggang jaran. Têgésipun têmbung ingkang awatak pitu ménikå: pêndhitå (= rësi, wong suci, bagawan, lsp.); gunung (= ardi, prawåtå, rëdi, aldåkå, lsp.); pitu (= saptå, sastrå swårå: a, i, u, é, o, rë, lë, lsp.); nunggang (= numpak, nitih, lsp.); jaran (= turånggå, kudå, kapal, titihan), lsp.

8) Watak wolu

Gajah (=èsthi, liman, dwipånggå, lsp); kéwan rumangkang (*reptil*) (=någå, sawér, salirå, bunglon, cêcak, lsp.) utawi sagêd ngginakakêñ têmbung kanthi dhasar sarånå **guru sastrå**, inggih ménikå têmbung ingkang panyératipun sami, sanadyan bédå têgésipun watak wilanganipun dipun-anggêp sami. Kados tå: èsthi atêgés sêdyå sami kalihan èsthi atêgés gajah ménikå awatak 8, lsp.

9) Watak sångå

Têmbung ingkang atêgés déwå (jawåtå, bathårå, apsårå, lsp) sâhâ barang-barang ingkang kaanggêp bolong (gapurå, lawang, wiwårå, dwårå, guwå, babahan, rong, song, lsp.

10) Watak das (0)

Têmbung-têmbung ingkang ngêmu suraos **botên wonten**: sunyå, suwung, langit, gêgånå, bomantårå, awang-awang, sirnå, ilang, têlas, adoh, tan, das, mokså, oncat, nir, brasthå, rusak, lsp.

5. Pratélan Waosan

Adisumarta, Sumidi. 1955. *Tatanan Nyérat Aksara Djawi*. Ngajogjakarta: Tjabang Bagian Bahasa Djawatan Kebudajaan Kementerian Pendidikan Pengadjaran dan Kebudajaan.

Antunsuhono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa I*. Djogdja: Hien Hoo Sing.

Arintaka, B. 1983. "Bab Wêwangunanipun Aksara Jawa". Makalah disampaikan pada Acara *Sarasèhan Basa lan Sastra Jawi* di Pendapa Wiyata Praja Dinas P dan K Prop. DIY pada hari Sênen Légi, 4 Juli 1983.

Jasawidagda, Ki & Ki Hadiwidjana. 1954. *Sasana Sastra*. Jogjakarta: Dwidaja.

Hadiwidjana. 1967. *Tata-Sastra*. Jogjakarta: U.P. Indonesia.

Padmosoekotjo, S. 1958. *Ngéngréngan Kasusastra Djawa I*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

_____. 1960. *Ngéngréngan Kasusastra Djawa II*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

_____. 1989. *Wêwaton Panulisé Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

Perry, Edward Delavan. 1953. *A Sanskrit Primer*. New York: Columbia University Press.

Poedjowardojo, S. 1958. *Petikan Manca Warna*. Bandung, Djakarta: Ganaco N.V.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastrå Djawa*. Groningen, Batavia: J.B. Wolters' Uirgevers-Maatschappij N.V.

_____. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Djakarta: Noordhoff-Kolff N.V.

Prawiradisastra, Sadjijo. 1987/1988. "Kawruh Basa". Sératan kanggé Garan Panataran Guru Bahasa dan Sastra Jawa ing Kantor Wilayah Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Propinsi Jawa Tengah Semarang.

Riyadi, Slamet. 2002. *Ha-na-ca-ra-ka (Kelahiran, Penyusunan, Fungsi, dan Makna)*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama.

Sastrawardaya, Mas Samud. 1950. *Campur-bawur*. (Sératan Aksara Jawa). Djakarta: J.B. Wolters' Uitgevers-Maatschappij N.V.



KAWRUH SASTRÅ SÅHÅ KAWRUH BUDÅYÅ

1. Kawruh Sastrå

Tembung sastrå ménikå asli saking båså Sansekerta, inggih ménikå saking woding tembung çäs utawi säs tégésipun 'mulang' såhå tra atêgés 'pirantos'. Dados, tembung sastrå tégésipun pirantos utawi sarânå kanggé mulang. Pirantos utawi sarânå kanggé mulang ménikå sagêd kaléasanakên utawi ugi sagêd kasérat. Wohing pamikir såhå pangraosing manungså minangkå piwulang sagêd dipundadosakên sarânå kanggé mulang. Bab ménikå ingkang lajêng kawarisakên dhatêng masarakat Jawi ing jaman saménikå. Warisan piwulanging pårå lêluhur ingkang sinérat mawi astå (carik) menikå ingkang dipunwastani *naskah*. Andharan ingkang wonten ing salêbêting *naskah* dipunsêbut teks.

Teks, inggih ménikå isining *naskah* utawi ménâpå kémawon ingkang kawrat ing salêbêting *naskah*. *Naskah*, inggih ménikå anggitan ingkang taksih sinérat mawi astå (sératan carik), inggih ingkang taksih asli ménâpå déné salinanipun (Onions, 1974; Darusuprata, 1984). *Naskah Jawi*, inggih ménikå anggitan ingkang taksih sinérat mawi astå (sératan carik), inggih ingkang taksih asli ménâpå déné salinanipun, ingkang kasérat kanthi båså Jawi, inggih båså Jawi Kinå, båså Jawi Madyå (*Jawi Pertengahan*), såhå båså Jawi Gagrag Anyar, saéngga wonten *naskah* Jawi Kinå, *naskah* Jawi Madyå (*naskah Jawi Pertengahan*), såhå *naskah* Jawi Gagrag Anyar. Tigå-tiganing *naskah* ménikå ngginakakên båså gancaran såhå båså sêkar utawi båså ingkang *puitis*, sanès båså padintenan. Dados, wonten *naskah gancaran* Jawi

Kinå (*prosa Jawa Kuno*) sâhå *naskah sêkar* Jawi Kinå utawi *kakawin*, *naskah gancaran* Jawi Madyå (*prosa Jawa Pertengahan*) sâhå *naskah sêkar* Jawi Madyå (*prosa Jawa Pertengahan*) utawi *kidung*, sartå *naskah gancaran* Jawi Gagrag Anyar sâhå *naskah sêkar* Jawi Gagrag Anyar utawi *mâcâpat* (Darusuprata, 1991), ugi *teks* ingkang dhapukan **pawicantênan** (*drama*).

Wohing pamikir sâhå pangraosing pârâ lêluhur ingkang sinérat utawi naskâh ménikå ingkang kaéwokakén ing kagunan adi-luhung. Kagunan adi-luhung ingkang kalairakén sarânå éndahing utawi édi-pènining bâså Jawi dipunwastani **kasusastran Jawi**. Wondéné ingkang kalêbêt kasusastran Jawi ménikå sadâyå kagunan adi-luhung ingkang isi mawarni-warnining kawontênan ingkang naté wonten ing panggésanganing masarakat jaman rumiyin, ingkang kawayakakén kanthi kaéndahaning bâså Jawi.

2. Kasusastran sâhå Pujånggå Kasusastran Jawi

Kasusastran Jawi sasanèsipun ingkang sampun kaandharakén ing nginggil, ugi kalêbêt ingkang dipun-lésanakén, upaminipun wonten ing sêsurah, padhalangan, sâhå sanès-sanèsipun. Témptu kémawon wontenipun kasusastran Jawi sinérat ménikå wonten ingkang nyérat. Panyérat kasusastran Jawi ménikå dipunsêbut pujånggå, kawindrå, kawitânå, kawiwårå, utawi kawiswårå.

Ingkang kalêbêt pujånggå babagan kasusastran Jawi, inggih ménikå Èmpu Kanwa, Èmpu Triguna, Èmpu Managuna, Èmpu Darmaja, Èmpu Panuluh, Èmpu Tan Akung, Prapanca, Èmpu Tantular, Èmpu Widâyåkå, R.Ng. Yâsâdipurå I, R.Ng. Yâsâdipurå II, R.Ng. Rånggåwarsitå, sâhå sanès-sanèsipun. Pujånggå utawi kawindrå, kawitânå, kawiwårå, sâhå kawiswårå ménikå kasinungan kalimpadan warni wolu, kados ing ngandhap ménikå.

1) **Paramèngsastra**, ménikå tiyang ingkang ahli ing bab sastrå sâhå ahli bâså.

- 2) **Paramèngkawi**, ménikå tiyang ingkang ahli ing bab rëriptan utawi ahli nganggit.
- 3) **Awicaritå**, ménikå tiyang ingkang limpad utawi ahli ndongèng utawi cariyo ingkang nêngsêmakén.
- 4) **Mardåwå-lagu**, ménikå tiyang ingkang pintér bab sêkar sâhå gêndhing. Mardåwå ménikå tégésipun alus.
- 5) **Mardåwå-bâså**, ménikå tiyang ingkang ahli migunakakén bâså ingkang ngrêsépakén, ingkang njalari trênyuhing manah, ingkang mahanani gembirå, ingkang nêngangi sih-wilåså, sâhå sanès-sanèsipun.
- 6) **Måndràgunå**, ménikå tiyang ingkang limpad utawi wasis sangêt ing bab kagunan.
- 7) **Nawungkridhå**, ménikå tiyang ingkang alus pangraosipun ngantos sagêd nanggapi krêntêging manahipun tiyang sanès.
- 8) **Sambégåñå**, ménikå tiyang ingkang utami sangêt gésangipun.

Cêkak aosisipun, **pujånggå** ménikå tiyang ingkang kasinungan kalimpadan utawi linangkung lair-batosipun. Tégésipun, tiyang ingkang kagungan kawruh kabudayan-lairipun sampun pinunjul, inggih nyélaki tiyang ingkang 'sampurnå'. Wonten ing kawruh kabudayan-batos ugi pêng-pêngan. Manawi ngantos sampun dumugi bontos panggiluting kabudayan-batos, pujånggå ménikå limrahipun sagêd mirêng *ākâśawâkyâ* utawi *ākâśâśabda* (swantêning langit, swantêning logos). Bab ménikå njalari pujånggå sagêd nganggit sérat "jångkå", inggih ménikå sérat ingkang isi pamêcå lêlampahan utawi kawontênan ingkang badhé kalampahan. Tiyang ingkang kasinungan kalimpadan ménikå limrah kawastanan **sidik** utawi "wêruh sadurungé winarah".

Samantén inggiling ukuranipun **pujånggå** ing kasusastran Jawi. Amargi saking ménikå, ing kalangan bângså Jawi, botén kathah tiyang ingkang sinébut pujånggå. Sasampunipun R. Ng. Rånggåwarsitå sedå ngantos saménikå, botén wonten pujånggå Jawi. Dados, R. Ng.

Rånggåwarsitå ménikå kénging kawastanan pujånggå Jawi ingkang wékasan.

Riwayatipun pujånggå sawatawis

1) R. Ng. Yåsådipurå I

Nalika taksih timur, R. Ng. Yåsådipurå I ménikå asmanipun **Bagus Banjir**, wiyoanipun ing dinten Jémuwah Paing tanggal kaping 6 Mulud, taun Jimakir 1654 (taun Saka), utawi 30 Septembér 1720. Sédanipun rikålå dinten Sénèn Kliwon 24 Dulkangidah, taun Bé 1728, utawi 26 April 1802. R. Ng. Yåsådipura I ménikå têdhakipun Sultan Pajang, milanipun wonten ing Suråkartå katêlah asmå **Yåsådipurå Tus Pajang**. Panjénênganipun ménikå pujånggå ingkang kapisan ing Suråkartå, inggih ménikå ing jamanipun Sinuhun Pakubuwåna III.

Ramanipun R. Ng. Yåsådipurå I ménikå asmanipun Tumênggung Padmånagårå, bupati Pêkalongan ingkang dipunbucal dhatêng Palémbang. Ananging, lajêng dipun-timbali déning Sri Sunan sâhå dipunpapanakén wonten ing kraton Kartåsurå apangkat Bupati-jakså. R. Ng. Yåsådipurå I ménikå éyang-buyutipun R. Ng. Rånggåwarsitå.

2) R. Ng. Rånggåwarsitå

Nalikå R. Ng. Rånggåwarsitå taksih timur asmanipun **Bagus Burhan**, wiyoanipun ing dinten Sénèn Légi 10 Dulkangidah, taun Bé 1728, sinangkalan: **bujånggå nembah pandhitå ji** (1728), utawi 14 Marét 1802. Sédanipun rikålå dinten Rêbo Pon 25 Dulkangidah taun Jimakir 1802, sinangkalan: **pakså mukså bujånggå nåtå** (1802), utawi 24 Désembér 1873, dipunsarèkakén ing dhusun Palar, tlatah Klathèn. Minångkå tandhaning pakurmatan, pamaréntah yåså rêcå-gupålå (rêcanipun R. Ng. Rånggåwarsitå) dumunung ing plataraning gêdhong **Radyå-puståkå** ing sawéstan kêbon-råjå Sriwedari, sâhå ugi mbangun pasaréanipun R. Ng. Rånggåwarsitå

ing dhusun Palar. Pembukaning rêcå-gupålå kanthi rësmi nalikå 11 Nopèmber 1953. Déné anggènipun rampung mbangun pasaréanipun ing dhusun Palar rikålå 10 Nopèmber 1955.

Nalikå taksih timur, Bagus Burham maguru ing pasantrèn pondhok **Gébangtinatar** (Pånarågå), pondhokipun Kyai Imam Bésari. Wonten ing pasantrèn, Bagus Burham kalêbêt murid ingkang bodho, nakal, sâhå mursal. Bagus Burham sampun naté lolos saking pondhok ngantos dumugi Madiun, sésrawungan kalihan R.A. Gombak, putranipun putri bupati Kédhiri. Inggih R.A. Gombak ménikå ingkang salajêngipun kagarwå Bagus Burham.

Dumugi wancinipun tinarbukå, kanthi linambaran laku 40 dinten 40 dalu, sadintenipun namung dhahar gêdhang saulér, sâhå sabén dalu kungkum ing lèpèn Krikil, Bagus Burham antuk parmaning Pangéran angsal wahyu kapujangan.

Såråsilahipun R. Ng. Rånggåwarsitå ménikå makatén (1) Sultan Hadiwijåyå (Jákå Tingkir) péputrå Sultan Banåwå, (2) Sultan Banåwå péputrå Pangéran Émas, (3) Pangéran Émas péputrå Pangéran Prabu Wijåyå, (4) Pangéran Prabu Wijåyå péputrå Kangjêng Jákå Radin, (5) Kangjêng Jákå Radin péputrå Pangéran Wiråmanggålå, (6) Pangéran Wiråmanggålå kapundhut mantu Sultan Mangkurat Tégalarum péputrå Pangéran Danuhupåyå, (7) Pangéran Danuhupåyå péputrå Radèn Padmånagårå, (8) Radèn Padmånagårå péputrå Radèn Ngabèi Yåsådipurå I, (9) Radèn Ngabèi Yåsådipurå I péputrå Radèn Tumênggung Sastrånagårå (Radèn Ngabèi Yåsådipurå II) utawi Radèn Pajangwasitå, (10) Radèn Tumênggung Sastrånagårå péputrå Radèn Pajangswårå, (11) Radèn Pajangswårå péputrå Bagus Burham (R.Ng. Rånggåwarsitå).

3) Ki Padmåsusastrå

Ki Padmåsusastrå ménikå putranipun Ki Ngabèi Bångsåyudå ing Suråkartå. Nalikå taksih timur botén sêkolah namung dipunwarahi maos sâhå nyérat déning bapakipun wiwit yuswå 6 taun. Yuswå 9

taun sampun nyambut damel dados abdi-dalêm wonten ing kraton, mawi asmå Ngabèi Kartadiranå. Sarêng minggah pangkat dados Mantri gêdhong-kiwå katêlah asmå **Mas Gus Bèi**, têgêspun "laré alit ingkang darbé pangkat Ngabèi". Lêt 10 taun malih dados Jakså-Anom, gantos asmå **Mas Ngabèi Bângsâyudå** (asmå nunggak sêmi bâpå). Boten lêt dangu malih dados Panèwu-Jakså, asmanipun gantos Kartipradâtå. Yuswå 43 taun lèrèh, nglajêngakên ngudi kasusastran, asmanipun gantos **Padmâsusastrâ**, ngrangkêp dados wartawan kålåwarti "**Jawikåndhå**" ing Sâlå. Taun 1820 dados Pangarså Radyå-Puståkå, asmanipun gantos M.Ng. Wiråpuståkå. Amargi saking tuntunanipun M.Ng. Wiråpuståkå, **Radyå-Puståkå** sagêd ngêdalakên kålåwarti "Såsådårå" sâhå "Cåndrâkånthå". Ing wêkdal ménikå M.Ng. Wiråpuståkå piyambak ngêdalakên kålåwarti "Wårådarmå". Rikålå taun 1910 minggah pangkat ingkang pungkasan, asmanipun gantos M.Ng. Prâjåpuståkå, nanging boten dangu pënsiyun. Wasånå sédå ing taun 1926, yuswanipun 86 taun.

4) P. Kusumådilågå

P. Kusumådilågå putranipun Kangjeng Gusti Mangkubumi ing Suråkartå, utawi wayahipun Sunan Pakubuwånå III. P. Kusumådilågå ménikå ahli gêndhing-gêndhing, ahli padhalangan, ahli bêkså, sâhå ahli kabatosan ing abad 19.

Tanggal miyosipun boten dipun-èngeti, sédanipun yuswå 65 taun. Nalikå taksih timur maguru kabatosan dhatêng kalih kyai, inggih ménikå Kyai Kasanminhad sâhå Kyai Jamsari. Sarêng sampun diwåså, P. Kusumådilågå dados gurunipun Sunan Pakubuwånå IX ing bab kabatosan sâhå filsafat.

Asmanipun pårå pujånggå sâhå buku-buku rëriptanipun
A. Ing jaman Indu (Sadérèngipun jaman Måjåpait)

1) **Rësi Abiyasa:** *Mahâbhârata* utawi *Asñadasaparwa* kasérat mawi bâså Sansékerta. Buku ménikå wonten ing tanah Jåwi sêsarêngan

kalihan ngajawinipun bângså Hindu. Dados, Rësi Abiyasa (Wiyasa) ménikå pujånggå bângså Hindu. Déné bâså Sansékerta ménikå basanipun tiyang Hindu ing jaman rumjiyin. Basanipun tiyang Hindu ing jaman saménikå dipunwastani bâså Urdu.

- 2) **Rësi Walmiki:** *Râmâyana* kasérat mawi bâså Sansékerta. Buku ménikå sagêd wonten ing tanah Jawi sêsarêngan kalihan ngajawanipun bângså Hindu. Rësi Walmiki ménikå pujånggå bângså Hindu.
- 3) **Prabu Darmawangsa-Teguh** (Ratu Jawi Wétan 991--1007): njarwakakên *Mahâbhârata* ngantos 9 *parwa* 'pérangan', inggih ménikå *Ädiparwa*, *Sabaparwa*, *Wirâtaparwa*, *Udyogaparwa*, *Bhismaparwa*, *Äśramawâsaparwa*, *Mosalaparwa*, *Prasthânikaparwa*, sâhå *Swargarohanaparwa*. Sasanèsipun ménikå Sang Prabu ugi njarwakakên sapéranganing buku *Râmâyana-Walmiki*, ingkang dipunsébut buku *Uttarakän.d.a*.
- 4) **Ëmpu (Mpu) Kanwa:** *Arjunawiâha* (jaman madêgipun Prabu Erlangga 1019--1042), pêthikan saking *Mahâbhârata parwa* III ingkang dipunjärwakakên.
- 5) **Ëmpu Triguna:** *Kṛṣṇâya* (jaman Kêdhiri ± 1104), isinipun ngéngingi Krêsnå mbradhat Dèwi Rukmini.
- 6) **Ëmpu Monaguna:** *Sumanasântaka* (jaman Prabu Warsajaya Kêdhiri ± 1104), isinipun nyariyosakên lairipun Dasarata ing Ayoda.
- 7) **Ëmpu Sëdah:** *Bhâratayuddha* (jaman Prabu Djayabaya Kêdhiri 1135--1157).
- 8) **Ëmpu Panuluh:** *Gañotkacâśraya* sâhå *Hariwangśa* (jaman Prabu Kertajaya Kêdhiri 1183).
- 9) **Ëmpu Dharmaja:** *Smaradahana* (jaman Prabu Kamèswara Kêdhiri 1115--1130).
- 10) **Ëmpu Tan Akung:** *Wr̥ttañcaya* sâhå *Lubdaka* (*Śiwarâtrikalpa*) (jaman Kêdhiri wêkasan).

B. Ing jaman Mâjâpait

- 1) **Ěmpu Prapańca:** nganggit *Nāgarakṛtāgama*.
- 2) **Ěmpu Tantular:** nganggit *Arjunawijaya* sâhâ *Sutasoma* utawi *Porusâdaśânta*.

C. Ing jaman Islam

- 1) **Sunan Bonang:** *Suluk Wujil*
- 2) **Sunan Panggung:** *Suluk Malangsumirang*
- 3) **Pangéran Karanggayam:** *Nitisruti*

D. Ing jaman Mataram

- 1) **Sultan Agung:** *Nitiprâjâ, Sastrâgêndhing*
- 2) **Pangéran Adilangu:** *Babad Pajajaran, Babad Mâjâpait, Babad Pajang, Babad Mataram*
- 3) **Carik Bâjrâ:** *Damarwulan* (sinawung ing sêkar), *Babad Kartâsurâ*
- 4) **Rånggåjanur:** *Prânâcitrâ, Dèwi Rêngganis*
- 5) **Sunan Pakubuwânå IV:** *Wulang-rêh, Wulang-sunu*
- 6) **Sunan Pakubuwânå V:** *Sérat Cénthini*
- 7) **Radèn Ngabèi Yâsâdipurâ I** (Yâsâdipurâ Tus Pajang): *Cébolèk, Babad Paképung, Babad Gyanti, Sérat Râmå, Sérat Déwåruci, Ambiyå, Tajusalatin, Joharmanik, Nawawi, Bustam, Wulang-sewâkå, Sérat Panitisastrâ, Sérat Lokâpålå*
- 8) **Radèn Ngabèi Yâsâdipurâ II** (Radèn Tumênggung Sastrânagårå): *Sasândânu, Wicârâkérå*
- 9) **Radèn Ngabèi Sindusastrâ:** *Arjunâsâsrâbau* (babon sérat Kåndhå), *Partâyagnyå* (lampahan Partâkrâmå), *Srikandhi Maguru Manah, Sumbâdrå Larung*
- 10) **K.G.P.A.A Mangkunagårå IV:** *Wédhåtâmå, Buratwangi, Sêndhonlangéñswârâ, Panêmbrâmå, Tripâmå, Salokåtâmå, Wiråwiyåtå, Rérêpèn*

- 11) **Radèn Ngabèi Rånggåwarsitå:** *Jayèngbåyå, Widyaþradånå, Suluk Hidayatjati, Jâybåyå, Purwakaning Sérat Pavukon, Pustâkârâjâpurwå, Rérêpèn Sêkar Têngahan, Sêjarah Parisawuli, Uran-uran Sêkar Gambuh warni 7, Panitisastrâ, Barâtâyudå Jarwå Sêkar Mâcâpat, Câkrâwarti, Sidåwakyå, Pawarsakan, Darmåsarånå, Yudåyånå, Budåyånå, Pustâkârâjâmadhyå, Ajipamåså, Witâradyå, Ajidarmå, Pambéganing Nåtå Binathârå, Kålåtidhå, Sariwahånå, Purusangkârå, Wédhåyatmåkå, Wédhârâgå, Cêmporèt, Wirid Hidayatjati, Paråmåyogå, Jåkålodhang, Sabdåtâmå, Sabdâjati*
- 12) **P. Kusumådilâgå:** *Sérat Balé Si Gålå-gålå, Jagal Bilåwå, Kartåpiyogå* (Éndhang Wrêdiningsih), *Jålådârå Rabi, Kurupati Rabi, Sérat Sastråmirudå, Sérat Partådewå*

E. Ing jaman Abad XX

- 1) **Ki Padmåsusastrâ:** *Tåtåcårå, Pathibåså, Paråmåbåså, Warnåbåså, Urabsari, Durcårâharjå, Rangsang Tuban*
- 2) **Mas Ngabèi Mangunwijâyå:** *Purwåkanthi, Trilaksitå, Jiwandånå, Asmårâlåyå, Lambangprâjå, Wuryålocitå*
- 3) **Radèn Ngabèi Sindupranåtå:** *Sawursari*
- 4) **Radèn Ngabèi Sastrâkusumå:** *Dongèng Kunå*
- 5) **Radèn Tumênggung Tåndhånanagårå:** *Pépéling, Baruklinthing*
- 6) **Radèn Mas Suryåsupartå** (K.G.P.A.A Mangkunagårå VII): *Kékésahan saking Tanah Jawi dhatêng nagari Walandi*
- 7) **Radèn Mas Sulardi:** *Riyantå, Sarwantå*
- 8) **Radèn Bråtåkésåwå:** *Cåndrâsangkålå*
- 9) **Wiradad:** *Calonarang*
- 10) **Mas Sukir:** *Abimanyu-kèrêm*
- 11) **Sastråsutarmå:** *Bancak-Dhoyok mbarang jantur*
- 12) **Mas Somåsêntikå:** *Butå Locånå*

3. Sêkar Måcåpat

Sêkar måcåpat ménikå salah satunggaling jinis dhapukaning *teks*. Miturut andharaning Saputra (2001), témbung måcåpat ménikå cêkakan saking "måcå papat-papat". Tégésipun, càrå maos *teks* ingkang mawi andhègan utawi pêdhutan ing sabén sakawan wandå sapisan ing sabén gatranipun.

Sêkar ingkang kalimrah kanggé nyérat bab kasusastran kathahipun wontén 15 (gangsal-wélas) warni. Urut-urutaning gangsal-wélas warnining sêkar ménikå makatén (Padmosoekotjo, 1953). Ingkang saking sêkar alit, wontén 9 (sångå), inggih ménikå Kinanthi, Pucung, Asmårådånå, Mijil, Maskumambang, Pangkur, Sinom, Dhandhanggulå, såhå Durmå. Ingkang saking sêkar tengahan, wontén 5 (gangsal), inggih ménikå Mégatröh (Dudukwuluh), Gambuh, Wirangrong, Balabak, såhå Jurudémung. Déné ingkang saking sêkar agêng wontén 1 (satunggal), inggih ménikå Giriså.

Wondéné ingkang lajêng dipun-éwokakên wontén ing sêkar måcåpat kathahipun wontén 11 (sawélas) warni. Déné urut-urutanipun makatén Kinanthi, Pucung, Asmårådånå, Mijil, Maskumambang, Pangkur, Sinom, Dhandhanggulå, Durmå, Gambuh, såhå Mégatröh (Dudukwuluh). Ngéngingi panganggéning sêkar måcåpat ing andharan kasusastran, mêsthi kémawon kédah kanti ngémuti "watak"-ing sêkar satunggal-satunggal. Mënggah watak satunggal-satunggaling sêkar måcåpat ménikå kados andharan ing ngandhap ménikå.

Kinanthi ménikå awatak "rêmén, asih, trésnå". Mathukipun kanggé mêdharañen piwulang, cariyos ingkang ngêmu suraos asih-trésnå såhå asmårå, gandrung-gandrung. Pucung ménikå awatak "kêndho, tanpa gréget-saut". Mathukipun kanggé wontén ing cariyos ingkang sajak namung sasékécanipun, tanpa kamêmpêngan. Asmårådånå ménikå awatak "sêngsém, sêdhîh, prihatos". Ananging sêdhîh utawi prihatos amargi saking kataman ing *lårå asmårå*. Mathukipun kanggé wontén ing cariyos ingkang isi suraos nawung

asmårå. Mijil ménikå awatak "wêdharing raos". Mathukipun kanggé ing cariyos ingkang isi pitutur, nanging ugi kéging tumrap ing cariyos gandrungan. Maskumambang ménikå awatak "nalångså kérântå-rântå". Mathukipun kanggé mêdharañen raos-pangraos ingkang ngérês, nggrêgés, nalångså kérântå-rântå. Pangkur ménikå awatak "sérêng". Mathukipun kanggé ing cariyos ingkang ngêmu suraos sérêng, sajak grégeten. Manawi pitutur, inggih pitutur ingkang sérêng sêmu srêngén, manawi gandrung, inggih gandrung ingkang sérêng, gandrung-gandrung kapirangu. Limrah ugi kanggé ing cariyos pérang. Sinom ménikå awatak, "gapyak, rênyah", cocog kalihan namanipun. Sinom, saking garbaning témbung "si + ênom". Mathukipun kanggé sésorah, cariyos ingkang isi pitutur. Dhandhanggulå ménikå awatak "luwés, rêsép". Tumrap ing cariyos ingkang ngêmu suraos kadospundi kémawon sagêd mathuk, mila inggih luwésan. Kanggé ing bêbukå prayogi, kanggé mêdharañen piwulang inggih kéging, kanggé cariyos ingkang isi gandrung-gandrungan ugi kéging, kanggé panutuping anggitan inggih limrah. Durmå ménikå awatak "galak, muntab'. Mathuk kanggé mêdharañen raosing manah népsu, manah kadêrêng sérêng, utawi kanggé ing cariyos pérang. Gambuh ménikå awatak "rumakêt, kulinå, wanuh-wani". Mathuk kanggé mêdharañen pitutur ingkang radi sérêng amargi sampun kêdugi, limrahipun nganggé båså ngoko, inggih basanipun tiyang ingkang sampun kulinå, rakêt sêsråwunganipun. Mégatröh (Dudukwuluh) ménikå awatak "sêdhîh-kingkin kaworan nglokro (*putus asa*)", kanggé mêdharañen raos gêgétun pungung-pungun, nalångså kérântå-rântå.

Sêkar måcåpat ménikå gadhah paugérän ingkang gumathok. Paugérän ingkang gumathok ménikå inggih wonténipun guru-gâtrå, guru-wilangan, såhå guru-lagu, ugi baliswârå sartå dâyåsastrå (Padmosoekotjo, 1953). Bab andharanipun kados ing ngandhap ménikå. Guru, atêgés 'ugér-ugér, paugérän, wêwaton, pathokan'. Guru-gâtrå, atêgés wêwaton gâtrå, inggih ménikå wêwaton cacahipun utawi kathahipun gatraning sêkar sabén sapâdå (*satu bait*). Sagâtrå ménikå

sapâdå-lingså, tumrap sêkar agêng dipunwastani sapâdå-pålå. Sapâdå ménikå salagu utawi satunggal sêkar utawi satêmbangan (*satu bait*).

Guru-wilangan, atêgês 'wêwaton wilangan', inggih ménikå wêwaton cacahipun utawi kathahipun wandå utawi kêcap ing satunggal-satungaling gatranipun sêkar. Déné guru-lagu, atêgês 'wêwaton lagu (dhong-dhing), inggih ménikå wêwaton dhawahing dhong-dhing (dhawahing swantên) ing pungkasaning satunggal-satungaling gâtrå. Sêkar macâpat ingkang kathahipun wonten 11 (sawêlas) warni kados ing nginggil, dhapukanipun (ikêtanipun) sami awêwaton guru-gâtrå, guru-wilangan, sahå guru-lagu. Menggah guru-gâtrå, guru-wilangan, sahå guru-laguning sêkar ménikå kados ingkang kapratélakakêng ing ngandhap ménikå.

NO.	NAMA TEMBANG	GURU GATRA									
		I GW GL	II GW GL	III GW GL	IV GW GL	V GW GL	VI GW GL	VII GW GL	VIII GW GL	IX GW GL	X GW GL
1.	KINANTHI	8 u	8 i	8 a	8 i	8 a	8 i	-	-	-	-
2.	PUCUNG	12 u	6 a	8 i	12 a	-	-	-	-	-	-
3.	ASMARADANA	8 i	8 a	8 e/o	8 a	7 a	8 u	8 a	-	-	-
4.	MUJIL	10 i	6 o	10 e	10 i	6 i	6 u	-	-	-	-
5.	MASKUMAMBANG	12 i	6 a	8 i	8 a	-	-	-	-	-	-
6.	PANGKUR	8 a	11 i	8 u	7 a	12 u	8 a	8 i	-	-	-
7.	SINOM	8 a	8 i	8 a	8 e	7 u	8 u	7 a	8 i	12 a	-
8.	DHANDHANGGULA	10 i	10 a	8 e	7 a	9 i	7 a	6 u	8 a	12 i	7 a
9.	DURMÅ	12 a	7 i	6 a	7 a	8 i	5 a	7 i	-	-	-
10.	GAMBUH	7 u	10 u	12 i	8 u	8 o	-	-	-	-	-
11.	MÈGATRUH	12 u	8 i	8 u	8 i	8 o	-	-	-	-	-

Wondéné baliswårå ing sêkar, inggih ménikå pamaliking témbung-témbung tumrap ing gatraning sêkar. Baliswårå ménikå dipunsérat amargi kanggé jumbuhakén pathokaning guru-lagu. Tiyang nganggit sêkar ménikå wênang nganggé témbung walikan. Bab ménikå cundhuk kalihan témbung "camboran-baliswårå", kados tå: råjå-putrå= putraning råjå, narpå-wandåwå= wandawaning narpå (krabating ratu, sadhèrekng ratu). Tulådhå panyérating baliswårå kados ing ngandhap ménikå.

Tumrap ing ukårå gancaran, kédah: "Anoman sampun malumpat". Kanggénipun gåträ ing sêkar, kénging: "Anoman malumpat sampun" (Kinanthi ing gåträ wiwitan). Wontén ing ukårå gancaran, kédah: "lamun tanpå sastrå, sépi kagunan". Tumrap ing sêkar, kénging: "lamun tanpå sastrå kagunan sépi" (gåträ kaping kalih ing Pangkur). Wontén ing ukårå gancaran, kédah: "Si ulå iku yèn nyakot ngéndélkên mandining wisa(né). Mungguhing gåträ ing sêkar, kénging: "si ulå ngéndélkên iku / mandining wiså yèn nyakot // (Gambuh kalih gåträ ingkang pungkasan).

Dåyåsastrå, inggih ménikå dayaning sastrå, dayaning aksårå. Aksårå ménikå dipun-anggêp gadhah dåyå mbrêngêngêng. Ananging, bab ménikå wontén namung tumrap aksårå Jåwå.

Atér-atér ingkang botén luluh kalihan purwaning linggå, tumrap témbung ingkang kasérat ing sastrå (aksårå) Jåwå, kédah dipunwaos kados wujuding atér-atér, botén kénging namung kawaos aksaraning irung sésigéging atér-atér ménikå kémawon. Samångså atér-atér ménikå njalari langkunging guru-wilangan, kédah dipunbucal kémawon. Tégésipun, sanadyan kédahipun témbung tanduk, botén prêlu mawi atér-atér anuswårå. Ananging, pamaosipun kédah kados pamaosing témbung ingkang mawi atér-atér anuswårå. Tuladhanipun: "bêdhah prâjå boyong putri", kédah kawaos "mbêdhah prâjå mboyong putri" (Pangkur gåträ pungkasan), "dhodhok dhêpipis tan katon", kédah kawaos "ndhodhok ndhêpipis tan katon" (Gambuh gåträ pungkasan),

"géndhong ténggok anyangking kêndhiné", kédah kawaos "ngéndhong ténggok anyangking kêndhiné" (Mijil gâträ ingkang kaping tigå).

4. Caranipun Maos Teks

Adatipun, saråna kanggé nyérat *naskah* ménikå mawi båså, inggih båså Jawi. Pérangan alit piyambak wontén ing ngèlmu båså Jawi, inggih ménikå huruf utawi aksårå, inggih aksårå Jåwå. Kanthi makatén, studi bab aksårå utawi sérataning *naskah* ménikå migunani sangêt sâhå pénting sangêt tégésipun. Maksudipun, bilih kanggé maos *teks* saking satunggaling *naskah*, mangrétos isinipun, sâhå mbêdhah maknanipun ménikå mbétahakén pangrétosan ngéngingi bab sipating aksårå Jåwå sâhå *tata tulis*-ipun (Darusuprasta, 1984: 1).

Manawi ngantos klèntu anggènipun maos *teks*, badhé klèntu ugi anggènipun damêl alih-tulis, damêl alih-båså utawi *terjemahan*, sâhå badhé klèntu anggènipun mbêdhah maknanipun. Dados, manawi ngantos klèntu anggènipun maos *teks* badhé ndadosakén makaping-kaping klèntu, ngantos dumugi klèntu anggènipun mbêdhah maknaning *teks* (Darusuprasta, 1984). Pramilå saking ménikå dipunbétahakén cåra nyambut damêl ingkang sabar, tliti, sâhå satiti.

Salajéngipun, Darusuprasta (1984) ngandharakén bilih adhêdhasar panalitén, dipunpanggihakén wonténipun warnå-warnining sératan sâhå wujud aksaraning *naskah* ménikå bédå-bédå. Tuladhanipun, wontén aksårå Jåwå ingkang pérségi (mbåtå-sarimbåg), wontén ingkang bundér (ngêtumbå), sâhå wontén ingkang lancip (mucuk-éri), wontén ingkang lêmå, wontén ugi ingkang kérå utawi alit-tipis, wontén ingkang kasérat jéjéng, wontén ugi ingkang miring. Wonténipun warnå-warnining sératan sâhå wujud aksaraning *naskah* ménikå sagéndhakén bilih *naskah* ingkang sératanipun makatén ménikå asalipun saking pundi, kålå ménápå kasérat, iss. Pangrétosan bab ménikå pénting sangêt munggwings panalitén *naskah*.

Lampahing panalitèn *naskah* ingkang rumiyin piyambak, inggih ménikå nêmtokakêñ *naskah* ingkang badhé dipundadosakêñ dhasaring panalitèn. Salajêngipun, maos *teks* saking *naskah* ingkang sampun dipuntêmtokakêñ. Ananging, langkung rumiyin dipunmangrêtosi kadospundi mênggah dhapukaning *teks*-ipun. Ménâpå *teks*-ipun kadhapuk *kanthi dhapukan gancaran, sêkar, ménâpå paginêman, ménâpå campuran. Manawi *teks*-ipun ménikå dhapukanipun gancaran, têgêspun *teks*-ipun kaandharakêñ kanthi rakitaning ukårå. *Teks* ingkang makatêñ prêlu kagatosakêñ bab *struktur* ukaranipun, inggih ménikå wontenipun jêjér, waséså, lésan, sâhå katrangan.

Teks dhapukan gancaran makatêñ pamaosipun dipundhasari pangrêtosan bab *struktur* ukårå ingkang *logis*. Kanthi makatêñ, ndadosakêñ lampahing panalitèn gampil, mliginipun anggènipun badhé mbêdhah isining *teks*. Manawi *teks*-ipun ménikå dipun-dhapuk kanthi dhapukan pawicantênan, bab ingkang prêlu dipungatosakêñ, inggih ménikå ménâpå *teks*-ipun dipun-andharakêñ kanthi dhapukan gancaran utawi sêkar. Manawi *teks* pawicantênan kaandharakêñ kanthi dhapukan gancaran, têmtu kémawon pamaosing *teks* adhêdhasar pangrêtosan bab rakitaning ukårânipun. Ananging, manawi *teks* pawicantênan kaandharakêñ kanthi dhapukan sêkar, pamaosing *teks* adhêdhasar pangrêtosan bab *struktur* sêkar. Ngéngingi pamaosing *teks* dhapukan sêkar, andharanipun kados ing ngandhap ménikå.

Satunggaling *naskah* ménikå anggènipun ngandharakêñ *teks*-ipun sampun ngêwrat têgêspun sâhå sampun mujudakêñ *sistem tanda-tanda*. Kanthi makatêñ, båså ingkang kaginakakêñ kanggé ngandharakêñ *teks* mujudakêñ *sistem tanda tingkat pertama* (*first order semiotics*). Têgêspun, båså ingkang kanggé ngandharakêñ *teks* ménikå sampun ngêwrat têgêsing têmbung-têmbungipun adhêdhasar têgêsing têmbung ing bausastrå (*kamus*). Déné sastrå ménikå mujudakêñ *sistem tanda tingkat kedua* (*second order semiotics*) (Preminger ing Pradopo,

2001 2). Têgêspun, sastrå ingkang kawrat ing andharaning *teks* ménikå ngêwrat têgêspun sêkar, inggih ménikå *meaning (artî)*, déné têgêsing sastrå inggih ménikå *meaning of meaning (artî dari artî)* utawi *significance (makna)*. Båså ménikå gadhah tatanan utawi pranatan (*konvensi-konvensi*), saénggå båså ménikå wonten têgêspun. Tuladhanipun, båså ménikå gadhah tatanan utawi *konvensi gabungan bunyi, konvensi kata, konvensi morfologi*, sâhå *konvensi struktur kalimat*. Makatêñ ugi, *teks* ménikå gadhah tatanan utawi pranatan (*konvensi-konvensi*) piyambak sasanèsipun *konvensi* båså. Kanthi makatêñ, *konvensi* sastrå dipunsébut *konvensi* tambahan, inggih ménikå *konvensi* ingkang dipuntambahakêñ ing *konvensi* båså (Preminger dalam Pradopo, 2001).

Konvensi sastrå ingkang ngêwrat maknå kasébut miturut Preminger (1974 ing Pradopo, 2001 2), antawisipun wonten ing *konvensi* sêkar, inggih ménikå *konvensi koherensi, konvensi momen epiphany* (minângkå satunggaling bab ingkang saé, èdi-pèni, ngrêsépakêñ, inggih wontenipun purwâkanthi guru swårå, guru sastrå, sâhå purwâkanthi wandå). Tuladhanipun, maos gêguritan ménikå boten kados maos gancaran, inggih mawi andhêgan, mêmbat-mêntuling swantên ingkang sagêd nuwuhakêñ têgêspun sêkar miturut Riffaterre, inggih ménikå *teks* ingkang mujudakêñ *ketidaklangsungan ekspresi* (Pradopo, 2001). Têgêspun, andharaning *teks* ingkang boten adhêdhasar urutaning ukårå, nanging adhêdhasar urutaning têmbung.

Riffaterre ing bukunipun *Semiotics of Poetry* (1982), ngandharakêñ bilih *naskah* Jawi ménikå mujudakêñ salah satunggaling

aktivitas båså. Ananging, awit anggitan dhapukan sêkar ménikå mujudakên *ekspresi tidak langsung*, têgésipun ngandharakên salah satunggaling bab kanthi maksud ingkang bédå, båså ingkang kaginakakên ugi bédå kalihan båså padintênan. Sadåyå ménikå sagêd dumados awit wontênpun *penggantian arti* (*displacing of meaning*), *penyimpangan arti* (*distorting of meaning*) saking båså padintênan, såhå *penciptaan arti* (*creating of meaning*).

Bab ménikå mujudakên *konvensi-konvensi tanda* ingkang ndadosakên *teks* dhapukan sêkar gadhah têgés utawi maknå. Båså padintênan ménikå asipat *mimetik* såhå *semiotik* saénggå ndhapuk têgés ingkang manéka warni (*ambigu*), *terpecah*, naning ugi ngéwrat têgés ingkang kêmpêl utawi gêmblêng, *memusat*, såhå *padat*. Makatêن ugi basaning sêkar ingkang asipat *semiotik* ménikå ugi ndhapuk maknå utawi têgés ingkang kêmpêl utawi gêmblêng, *memusat*, såhå *padat* (Teeuw, 1984; Faruk, 1996 25).

Kanthy wontênpun maknå utawi têgésing anggitan ingkang makatêن, anggènipun maos sagêd kalampahan saé kanthy dhasar *konvensi* båså (*pembacaan heuristik*). Wondéné kanggé mangrêtoси maknå isining *teks-ipun* kawaos kanthy dhasar *konvensi* sastra (*pembacaan retroaktif* utawi *hermeneutik*). Caranipun maos kanthy *pembacaan retroaktif* utawi *hermeneutik* ménikå, ugi prêlu dipungatosakên pérangeaning *teks* ingkang boten kasérat kanthy mêlok (*tekstual*), pérangeing ingkang kasébut *hipogramatik* ingkang asipat *potensial*, kados tå *presuposisi* (pangintêن-kintên kadadosan ingkang naté lumampah) ingkang kawrat ing *teks* lumantar båså ingkang dipunginakakên. Sasanècipun ménikå, sagêd ugi asipat *aktual* ingkang awujud *teks-teks* ingkang sampun wonten sadèrèngipun (*intertekstual*), ugi sagêd awujud mitos, anggitan sanès, Isp. Wonten ing lampahing pamaosing *teks*, *tanda-tanda* ingkang dipunpadosi, inggih ménikå *tanda-tanda* ingkang gêgayutan antawisipun *teks* satunggal såhå *teks* sanèsipun. Kanthy makatêن, lampahing pamaosing *teks* ingkang

langkung lêbêt ménikå sagêd nyêngkuyung lampahing wiwitaning maos *teks* ingkang dipunsébut boten nuhoni paråmåsastrå utawi *ilmu tatabahasa* (*ungrammatical*) (Faruk, 1996 29).

Kauninganå bilih maos *naskah* Jawi ménikå wonten mapintênpintêن jinis. Miturut Tarigan (2001), ingkang dipun-kajêngakên maos inggih ménikå sarânå kanggé mangrêtoси isining andharan ménâpå kémawon ingkang sinérat, inggih isining andharan ingkang kasérat ing *naskah* utawi kasébut *teks*.

Déné tujuan maos *teks* ménikå wonten warni kalih, inggih ménikå (1) tujuan *behavioral* (*instruksional*) utawi tujuan tertutup såhå (2) tujuan *ekspresif* utawi tujuan terbuka. Tujuan *behavioral* (*instruksional*) utawi tujuan tertutup, inggih ménikå tujuan maos *teks* kanggé mangrêtoси têgésing têmbung (*word attack*), kanggé mangrêtoси ngélmu ménâpå kémawon ingkang kawrat ing *teks* (*study skills*), såhå supados paham ngéngingi sadåyå bab ingkang gayut kalihan sarânå såhå isining andharan (*comprehension*). Tujuan *ekspresif* utawi tujuan terbuka, inggih ménikå gêgayutan kalihan kadospundi mënggah cårå anggènipun maos (*self-directed reading*), kadospundi mënggah pangénthå-éthaning wosipun *teks* (*interpretative reading*), såhå maos kanthy migunakakên kawasinan ing bab pangrêtosan sawarnining ngélmu ingkang kasérat ing *teks* (*creatif reading*). Andharan kasébut sagêd kagamarakên makatêن.

Membaca	Tujuan Ekspresif
<p><i>Tujuan Behavioral</i></p> <p>mangrêtos têgésing têmbung (<i>word attack</i>) mangrêtos ngélmu ménâpå kémawon ingkang kawrat ing <i>teks</i> (<i>study skills</i>) paham ngéngingi sadåyå bab ingkang gayut kalihan sarânå såhå isining andharan (<i>comprehension</i>)</p>	<p>kadospundi cårå anggènipun maos (<i>self-directed reading</i>) pangénthå-éthaning wosipun <i>teks</i> (<i>interpretative reading</i>) wasis ing bab pangrêtosan ngélmu (<i>creatif reading</i>)</p>

(Tarigan, 1994)

Tujuan behavioral ingkang andhasari pangrêtosan bab isining teks dhapukan sêkar inggih ngéngingi bab pangrêtosaning têgésing têmbung (*word attack*) ménikå jumbuh kalihan pamanggihipun Riffaterré (1982), inggih ménikå maos kanthi *heuristik*. Maos kanthi *heuristik* ménikå mujudakên cårå utawi *metode* maos ingkang gayut kalihan *tujuan ekspresif* (*self-directed reading*). Maos kanthi *heuristik* têgêspipun maos kanthi paråmåsastrå *normatif*, inggih ménikå gêgayutan kalihan *morfologi*, *semantik*, såhå *sintaksis*. Bab ménikå sagêd kalampahan kanthi migunakakên andharan têgésing têmbung wonten ing bausastrå (*kamus*). Asiling maos kanthi metode *heuristik* ménikå awujud têgésing têmbung (*meaning*) saking teks dhapukan sêkar miturut paråmåsastrå *normatif* ingkang jumbuh kalihan *sistem semiotika tingkat pertama* (*first order semiotics*). Wondéné *tujuan ekspresif* ingkang gêgayutan kalihan pangénthå-énthaning wosipun *teks* (*interpretative reading*) jumbuh kalihan maos kanthi *metode retroaktif*, inggih ménikå *teks* kawaos wongsal-wangsul sinartan ngénthå-énthå wosipun ménápå (*metode hermeneutik*) kagayutakên kalihan têgésing *teks* miturut kontekstual-ipun. Kanthi makatên pamaosing *teks* ngginakakên *metode retroaktif-hermeneutik* ménikå ingkang kawastanan maos adhédhasar *konvensi sastra*, inggih miturut *sistem semiotika tingkat kedua* (*second order semiotics*).

Sasanèsipun ménikå gêgaran kanggé maos *teks* ingkang baku inggih ménikå cêkapipun wawasan ngèlmu ingkang magêpokan kalihan bab båså, sastrå, såhå budåyå Jawi jumbuh kalihan sarånå kanggé ngandharakên *teks* såhå bab ngèlmu ménápå kémawon ingkang kawrat ing *naskah Jawi*. Kanthi makatên panaliti sagêd mbabar isining *teks* ingkang têbanipun wiyar inggih jumbuh kalihan bab ménápå kémawon ingkang kawrat ing *naskah Jawi*. Makatên mènggah lampahing panalitèn ing bab maos *teks*.

5. Kawruh Budåyå


Têmbung "budi" makatên asli saking têmbung Sansékêrta, inggih ménikå *buddhi* têgêspipun 'pangrêtosan, akal, nalar, pikir(an), pangraosing manah, maksud pamanggih, watak, sipat' (Mardiwarsito, 1981; Poerwadarminta, 1939:51). Pamanggih sanès nélakakêñ (Ki Hadjar Dewantara, 1994: 72), bilih "budi", inggih ménikå sipating jiå ingkang wêtah utawi jiwaning manungså ingkang sampun tuwåjuh. Kanthi makatên, ingkang pokok wonten ing têmbung "budi" ménikå wonten tigang kêkiyatán jiwaning manungså, inggih (1) pikiran, (2) raos, såhå (3) karsaning manungså.

Wohing pamikiring manungså ménikå awujud piwulang (*pendidikan, pengajaran*) såhå ngèlmu (*ilmu, pengetahuan*). Wohing raosipun manungså ménikå sagêd awujud sadåyå sipat kaéndahan såhå kaluhuraning batos (*estetika, etika*), ugi kalébêt adat-istiadat, kukum, sosial, agami, sartå sanès-sanèsipun (*humaniora*). Wondéné wohing karsaning manungså ménikå awujud sadåyå padamêlaning manungså, tuladhanipun pangudi ing babagan tétanèn, bêbakulan, *industri, bangun-bangunan* (*arsitektur*), såhå sanès-sanèsipun.

Têmbung andhahan "kabudayan" mèngku têgés 'ménápå kémawon ingkang gêgayutan kalihan "budåyå" utawi budining manungså inggih jiwaning manungså ingkang sampun tuwåjuh (madhêp, mantèp, tumêmén'). Kabudayan ménikå ugi dipunsêbut *kultur* ingkang atêgés '*buah usaha budi daya manusia*' sartå pangudi murih lêstantunipun såhå pangudi murih majêngipun (*memelihara dan memajukan*), saking sipat kodrati tumuju dhatêng sipat kabudayan (saking *natuur dados kultuur*) (Ki Hadjar Dewantara, 1994: 72).

Sasanèsipun ménikå, kabudayan ugi kapérang miturut wujudipun (Koentjaraningrat, 1996). Kabudayan ménikå mujudakên '*sistem gagasan-gagasan serta konsep-konsep*', såhå wujudipun minangkå '*rangkaian tindakan serta aktivitas manusia yang berpolâ*'. Miturut Koentjaraningrat (1996: 80-95), kabudayan ménikå kapérang-

pérang dados sakawan wujud ingkang kagamarakén arupi sakawan bundéran, inggih njawi piyambak bundéranipun agéng, ingkang lêbêtipun langkung alit, lêbêtipun malih langkung alit malih, ingkang paling lêbêt bundéranipun alit (kados ing gambar ngandhap ménikå).



Gambar ing nginggil ménikå mêngku têgés makatén.

- 1) Bundéran ingkang agéng piyambak nggamarakén bilih kabudayan ménikå minangkå *artifacts* utawi '*benda-benda fisik*', tuladhanipun: candhi, busanå, piring, gelas, méjå, kursi, sépédha, sâhå sanès-sanèsipun. Sadåyå *artifacts* ménikå mujudakén wohing pakaryaning manungså ingkang awujud utawi asipat *konkret*. Kabudayan ingkang awujud utawi *konkret* ménikå dipunsébut *kebudayaan fisik*.
- 2) Bundéran salêbêtipun nggamarakén bilih kabudayan ménikå minangkå *sistem tingkah laku dan tindakan yang berpola*, tuladhanipun: njogèd, ngendikan, gêgarapan utawi nindakakén

pakaryan, sâhå sanès-sanèsipun. Kabudayan ingkang makatén taksih asipat *konkret*, sagé dipunfoto, ugi sagé dipundamél film. Sadåyå tingkah polahing pakaryanipun manungså ménikå dipunlampahi wiwit rumiyin dumugi saménikå, mujudakén *pola-pola tingkah laku* adhêdhasar *sistem*. Kanthi makatén, kabudayan ménikå dipunsébut *sistem sosial*.

- 3) Bundéran lêbêtipun malih nggamarakén bilih wujud gagasan saking kabudayan ingkang kasimpén wonten ing sirah ingkang asipat *abstrak*. Kabudayan ingkang awujud gagasan ménikå ugi adhêdhasar *pola-pola* sâhå *sistem-sistem* tartamtu ingkang kasébut *sistem budaya*.
- 4) Bundéran lêbêt piyambak ingkang dipunsukani warni cêmeng, inggih ménikå gagasan-gagasan ingkang sampun dipunsinaoni déning wargå masarakat wiwit saking alit milâ lajêng sampun kajiwå kasalirå saénggå angèl éwahipun. Kabudayan makatén dados punjêring sadåyå kabudayan ing nginggil ingkang dipunsébut *nilai-nilai budaya*, ingkang némtokakén sipat, caranipun mènggalih, sâhå tingkah-lakuning manungså. Gagasan-gagasan ménikå ingkang ngasilakén mawarni-warnining pakaryaning manungså.

Salajêngipun, Koentjaraningrat (1996: 81) nélakakén bilih pérangan-péranganing kabudayan ing donya (*unsur-unsur kebudayaan universal*) ménikå wonten warni pitu. Pitung péranganing kabudayan ingkang sagéd kapanggihakén ing sadåyå bangså ing donyå, inggih ménikå (1) båså, (2) *sistem pengetahuan*, (3) *organisasi sosial*, (4) *sistem peralatan hidup dan teknologi*, (5) *sistem mata pencaharian hidup*, (6) *sistem religi*, sâhå (7) *kesenian*. Sabén péranganing kabudayan ménikå témptu kémawon gadhah tigang wujud kabudayan kados ingkang sampun kaandharakén ing nginggil (wujud ingkang kasébut *sistem budaya*, *sistem sosial*, sâhå péranganing *kebudayaan fisik*). Tuladhanipun, *sistem religi* gadhah wujud minangkå *sistem keyakinan* sâhå gagasan-gagasan ngéngingi Gusti Ingkang Akaryå

Jagad, pårå déwå, badan alus, naråkå, swargå, sähå sanès-sanèsipun. Ananging, ugi ingkang awujud upåcårå, barang-barang suci, sartå *religius*.

Ingkang kesenian ugi sagêd awujud mawarni-warnining gagasan, asiling pakaryan, asiling mênggalih, dongèng, utawi dhapukan sêkar ingkang èdi-pèni, nanging ugi sagêd awujud manékå warnining tindakan *interaksi berpolâ antawisipun sêsamining séniman pencipta, penyelenggara, sponsor kesenian*, ingkang mirêngakên, ingkang mriksani, ménápå déné pårå pandhêmén asiling *kesenian*. Sasanèsipun ménikå, ugi awujud barang-barang ingkang èdi-pèni, candhi, bathik, tênuñ ingkang saé, sähå sanès-sanèsipun.

Dados, andharan ing nginggil ngéwrat ngélmu ing babagan anggènipun mbêdhah wohing ciptå, raos, karså, sähå karyå ingkang awujud sératan, inggih sératan ingkang ngandharakên mawarni-warnining kadadosan ingkang sampun kalampahan. Andharan ingkang makatén dipunsébut *naskah*. Dados, *naskah* ménikå awujud sératan ingkang gêgayutan kalihan bab båså, kasusastran, sähå kabudayan. Manawi *naskah* ménikå dipunwastani asiling kabudayan jaman rumiyin, pramilå pangrêtosaning kabudayan lajêng dados '*kelompok adat kebiasaan, kepercayaan, dan nilai yang turun-temurun dipakai oleh masyarakat pada waktu tertentu untuk menghadapi dan menyesuaikan diri dengan segala situasi yang tumbuh, baik dalam kehidupan individu maupun kelompok*' (Baroroh-Baried, 1985: 1).

Kanthi kawruh budåyå utawi kabudayan ménikå sagêd dipunmangrêtosi bab ménápå kémawon ngéngingi manékå warnining tindakan *interaksi berpolâ* ingkang sampun sinérat. Dados, kawruh kabudayan ménikå pangrêtosan ingkang sagêd kaginakakên kanggé mbêdhah *naskah* ingkang ngandharakên bab ménápå kémawon ingkang sampun kalampahan, mliginipun bab piwulang.

Naskah utawi *handschrift* utawi *manuscript* mujudakên wohing karyå sastrå ingkang sinérat. *Naskah Jawa*, inggih ménikå anggitan

ingkang taksih sinérat tangan (carik) inggih ingkang asli ménápå déné salinanipun, ingkang kasérat mawi aksårå Jåwå utawi Carakan (déne urut-urutaning nyérat kapriksanå ing lampiran), kaandharakên kanthi båså Jawi, adatipun sinérat ing sanggingiling dlancang. *Naskah Jawa* ménikå ngandharakên bab manékå warnining *ungkapan pikiran dan perasaan sebagai hasil budaya bangsa masa lampau* (Baroroh-Baried, 1985: 54).

Dados, sok sinténå ingkang badhé mangrêtosi isining *naskah* Jawi, kêdah sagêd maos sératan mawi aksårå Jåwå sähå aksårå Latin kanthi båså Jawi sartå ugi kêdah sagêd nyératipun. Sasanèsipun ménikå, ugi kêdah mangrêtos ngéngingi *fungsi* sähå maknå aksårå Jåwå utawi Carakan. Kanggé nyukani sésérêpan bab *fungsi* sähå maknå aksårå Jåwå ing ngandhap ménikå andharanipun.

1) *Fungsi hå-nå-cå-rå-kå*

Aksårå Jåwå utawi Carakan (hå-nå-cå-rå-kå) ménikå gadhah *fungsi* warni kalih (Riyadi, 2002: 33-46). *Fungsi* aksårå Jåwå utawi Carakan ménikå wontén *fungsi* ingkang asipat *primer* sähå asipat *sekunder*. *Fungsi* hå-nå-cå-rå-kå ingkang asipat *primer* ménikå gêgayutan kalihan sératan, inggih *dokumen* sinérat, saéngga sagêd sinébut *fungsi literer*. *Fungsi* hå-nå-cå-rå-kå ingkang asipat *sekunder*, inggih ménikå *fungsi estetik* sähå *fungsi kultural*. Wondéné andharan kalih *fungsi* hå-nå-cå-rå-kå kados ing ngandhap ménikå.

Fungsi literer utawi *keberaksaraan*, inggih ménikå *fungsi* ingkang gêgayutan kalihan gagasan ingkang sinérat utawi lésan. *Fungsi literer* ménikå mujudakên *fungsi* ingkang pokok, awit sadåyå gagasaning manungså ingkang kawahyakakên sarånå lésan utawi sinérat témtu kémawon ngginakakên rêroncèning aksårå (kapriksanå lampiran sératan aksårå carakan). Kanthi wonténipun têtilaran ingkang awujud sératan sagêd kaginakakên kanggé nyinaoni éwah-éwahaning aksårå, wujuding aksårå, sähå tåtå panyératipun. Sasanèsipun ménikå

ugi sagêd kanggé mangrêtosi sadâyå éwah-éwahaning ngèlmu, teknologi, sâhå sanès-sanèsipun.

Fungsi literer asipat primer ingkang sinérat makatén dumugi saménikå sampun kathah, tuladhanipun prasasti, piagam, *naskah* utawi *manuskrip*, buku, sérat ibér, anggitan ing *jurnal*, sâhå sanès-sanèsipun. Saking têtilaran ménikå sagêd dipun-mangrêtosi ngéngingi wujuding sératan aksârâ hâ-nâ-câ-râ-kâ, wontên ingkang **mbâtå sarimbag, ngêtumbar, sâhå mucuk éri**.

Dados, nyinaoni bab wujud, sipat, sâhå tåtå panyérating aksârâ ménikå prêlu sangêt sâhå mumpangati kanggé mangrêtosi sadâyå pangrêtosan, ngèlmu, sâhå sanès-sanèsipun ingkang sampun sinérat. Salajengipun, ugi badhé dados paham ngéngingi bab ménâpå kémawon ingkang kalésanakén.

Fungsi estetik wontên ing aksârâ hâ-nâ-câ-râ-kâ ménikå sagêd dipundadosakén sarânå kanggé damêl *karya seni* ingkang nuwuhakén raos kaéndahan utawi *nilai estetik*. *Karya seni* ingkang éndah, inggih ménikå *karya seni* ingkang sagêd nuwuhakén raos kaéndahan tumrap tiyang sanès. *Karya seni* ingkang ngginakakén reroncèning aksârâ hâ-nâ-câ-râ-kâ mujudakén *karya seni* ingkang dipunsébut **kridhå aksârâ**. Kridhå aksârâ ménikå wontên warni kalih, inggih ménikå (1) sadâyå sératan ingkang kalébêt ing kasusastran utawi *seni sastra* inggih ingkang dipunsébut kridhå sastrå sâhå (2) sératan ingkang kaéwokakén wontên ing *seni lukis* inggih ingkang kawastanan *kaligrafi* (tuladhanipun pêpêthan Sêmar).

Fungsi kultural wontên ing aksârâ hâ-nâ-câ-râ-kâ, inggih ménikå *fungsi* ingkang gêgayutan kalihan rapal (mântrå), pétangan (ramalan), sâhå cariyos ringgit ingkang wontên gayutipun kalihan bab karyaning Bathârâ Guru dhatêng pârâ déwå sartå panduming papanipun (upaminipun wontên ing *Sérat Manikmaya* ing bukunipun Prijohutomo (1952 ing Riyadi, 2002: 50) kanthi irah-irahan *Kesasteraan Djawa Empat Serangkai*, (1) Bathârâ Mâhâdewå sâhå Bathari Dèwi

kapapanakén ing péongan Wétan kinanthèn aksârâ hâ-nâ-câ-râ-kâ, (2) Bathârâ Sumbu sâhå Bathari Suwignyânå kapapanakén ing péongan Kidul kinanthèn aksârâ dâ-tâ-sâ-wâ-lâ, (3) Bathârâ Kâmajâyå sâhå Bathari Ratih kapapanakén ing péongan Kilèn kinanthèn aksârâ pâdhå-jâ-yâ-nyå, sartå (4) Bathârâ Wisnu sâhå Bathari Sri kapapanakén ing péongan Lèr kinanthèn aksârâ mâ-gâ-bâ-thâ-ngå). Tuladhå sératan ingkang ngéwrat bab rapal (mântrå) ingkang ngginakakén aksârâ Jâwå (hâ dumugi ngå) sâhå carakan balik. Rapal (mântrå) ménikå dipunginakakén kanggé nulak sâhå nglébur sadâyå tindak awon utawi piténah saking tiyang sanès. Bab ménikå kawrat ing *Sérat Sastra Héndra Prawâtå* (Riyadi, 2002: 47) kados ing ngandhap ménikå.

Kâmå mëntah mëtu mati, sirollah rung. Såpå gawé siyå marang aku, såpå gawé gêndhak sikârâ marang aku, såpå gawé piténah marang aku, iku kabèh tinulak déning Nabi Sulaiman. Wurung, wurung saking ngarsaning Allah.

hâ, nâ, câ, râ, kâ, dâ, tâ, sâ, wâ, lâ, pâ, dhâ, jâ, yâ, nyå,
mâ, gâ, bâ, thâ, ngå

Såpå kang siyå marang aku, såpå kang miténah marang aku, iku kabèh diwalik déning aksarané bathukku dhéwé.

ngå, thâ, bâ, gâ, mâ, nyå, yâ, jâ, dhâ, pâ, lâ, wâ, sâ, tâ, dâ,
kâ, râ, câ, nâ, hâ

Wontên ing upâcårâ ruwatan inggih ing cariyos ringgit lampahan Murwâkålå ugi wontên carakan balik ingkang kasébut rajah Kâlâcâkrâ. **Rajah Kâlâcâkrâ**, inggih ménikå sératan rajah utawi mântrå ingkang kasérat ing badanipun Bathârâ Kâlå. Bathârâ Kâlå ménikå titah salah kadadèn ing lampahan ringgit ingkang dipunparingi idi déning Bathârâ Guru kénging mângså tiyang sukertå. Tiyang-tiyang sukertå ménikå sagêd kalis ing sambékålå saking mângsâning Bathârâ Kâlå manawi wontên ingkang sagêd maos rajah ing badanipun. Kacariyos, Ki Dhalang Kândhâbuwânå (titisan Déwå Wisnu) sagêd maos rajah ing badanipun Bathârâ Kâlå. Milå tiyang-tiyang sukertå

ingkang sampun dipunangkat putra ki dhalang boten dipun-ganggu malih déning Bathåra Kålå. Salajéngipun, sapéranganing masarakat Jawi pitados bilih rajah Kålå-cákra ménikå sagé dipun-anggé kanggé panulaking sésukér, milå wonten kémawon ingkang masang rajah Kålåcákra ing sangginggiling konténing griyå.

2) Maknå hå-nå-cå-rå-kå

Maknå *teks* wohing karyå sastrå ingkang kasérat mawi aksårá hå-nå-cå-rå-kå ménikå sagé kapérang dados warni tigå, inggih ménikå (1) maknå *fiktif*, (2) maknå *simbolik*, såhå (3) maknå *filosofis* (Riyadi, 2002: 51-86). Wondéné andharaning maknå hå-nå-cå-rå-kå kados ing ngandhap ménikå.

Maknå *fiktif* hå-nå-cå-rå-kå, inggih ménikå maknå ingkang gégayutan kalihan *cerita rekaan*. Maknå ménikå ingkang dipun-gayutakén kalihan cariyos (*legenda*) Aji Såkå. Cariyosipun (Riyadi, 2002: 51-53) makatén, kacariyos bilih Sembådå såhå Dorå dipuntilar ing pulo Majéthi déning Aji Såkå awit kautus njagi dhuwung pusåkå sartå sapérangan rérènggan. Kêkalihipun kaparingan pangandikan supados boten nyaosakén barang-barang ingkang dipunjagi dhaténg tiyang sanès, kajawi Aji Såkå piyambak ingkang ngérsakakén.

Sasampunipun Aji Såkå dumugi ing Mêdhankamulan, lajéng madéng rájå ing nagari Mêdhankamulan ménikå. Salajéngipun, nagari ménikå dados kalokå ngantos dumugi pundi-pundi. Kabar kalokanipun Mêdhankamulan kapiréng déning Dorå, saénggå tanpå pamit kalihan Sembådå, piyambakipun késah tumuju dhaténg Mêdhankamulan. Dumugi sangajénging Aji Såkå, Dorå matur dorå bilih Sembådå boten purun tumut. Dorå lajéng dipundhawuhi mëthuk Sembådå. Manawi Sembådå boten purun, dhuwung sartå rérènggan ingkang dipuntilar supados dipunbékta dhaténg Mêdhankamulan. Ananging, Sembådå kêkah boten purun tumut dipunjak Dorå sartå ngékah dhuwung sartå rérènggan ingkang dados tanggél jawabipun kédah dipunjagi. Bab

ménikå ingkang dados jalaran pasulayanipun Sembådå kalihan Dorå. Awit kasaktènipun imbang, kêkalihipun lajéng pêjah sampuh. Nalikå miréng aturipun Dugå såhå Prayogå ngéngingi pêjahipun Sembådå kalihan Dorå ing pulo Majéthi, Aji Såkå nglénggåna awit saking kakilapanipun piyambak. Awit saking ménikå, Aji Såkå lajéng yåså kalih dåså sastrå utawi kalih dåså aksårá utawi sastrå sarimbagan.

Sastrå sarimbagan ménikå kapérang dados sakawan wargå. Sabén wargå wonten gangsal sastrå utawi gangsal aksårá, inggih ménikå (1) hå-nå-cå-rå-kå, (2) då-tå-så-wå-lå, (3) på-dhå-jå-yå-nyå, sartå (4) må-gå-bå-thå-ngå. Sastrå sarimbagan ménikå kaandharakén wonten ing *manuskrip* Sérat Aji Såkå, pupuh VII Dhandhangkulå, pada 26 såhå 27 (Riyadi, 2002) makatén.

Dorå goroh turé wérdinèki / Sembådå témén tuhu paréntah / sun kabranan népsu turé / cidrå si Dorå iku / nulyå Prabu Jåkå anganggit- / anggit pinurwå warnå / sastrå kalih puluh / kinaryå wargå lélimå / wit hå-nå cå-rå-kå ku sawarganèki / pindho då-tå sá-wå-lå // yéku sawargå ping tiganèki / på-dhå jå-yå-nyå ku sawarganyå / må-gå bå-thå-ngå ping paté / iku sawarganipun / anglélimå sawarganèki / ran sastrå sarimbagan / iku milanipun / awit ånå sastrå Jåwå / wit sinungan sandhangan sawiji-wiji / wénèh-wénèh ungélnya //

Maknå *fiktif* hå-nå-cå-rå-kå ing cariyos nginggil ménikå, miturut ingkang dipun-andharakén Riyadi (2002) makatén. Mënggah pratélanipun aksårá kalih dåså ménikå (1) hå-nå-cå-rå-kå, tégésipun wonten utusan: Dorå kalihan Sembådå ; (2) då-tå-så-wå-lå, tégésipun anuntén sami kékérèngan, sami rêuégéjegan; (3) på-dhå-jå-yå-nyå, tégésipun sami purunipun, sami digdayanipun, sami séktinipun; (4) må-gå bå-thå-ngå, tégésipun sami némahi pêjah, wékasan dados bathang. Bab ménikå kawastanan *fiktif*, awit Aji Såkå sartå abdinipun kêkalih ménikå mujudakén cariyos utawi dongèng.

Maknå simbolik hâ-nâ-câ-râ-kâ, inggih ménikå maknå ingkang gêgayutan kalihan *simbol* utawi pralambang, sasmitå, pralampitå. Maknå simbolik cariyos Aji Sâkå sartå kêkalih abdinipun, Dorå kalihan Sêmbâdå, ing nginggil dipunwujudi aksârâ carakan. Manawi kawawas kanthi lêbêt inggih karthi wawasan *filsatafi* (Ardani, wonten ing Riyadi, 2002), cariyos Aji Sâkå ménikå isinipun boten cêthå. Awit, jangképing aksârâ carakan mujudakên pêthilan-pêthilan cariyosipun Aji Sâkå sartå abdinipun kêkalih. Ananging, urut-urutaning aksârâ carakan ménikå sagêd kaandharakên makatên.

Pralambang ingkang kawrat ing cariyos Aji Sâkå, inggih ménikå nggamarakên kawontenaning satunggaling nagari. Têmtu kémawon satunggaling nagari ménikå wonten ingkang dados panguwaosipun, inggih ménikå râjå (rumiyin, nalikå taksih kraton) utawi présidhèn (saménikå, *republik*), wonten wilayahipun, sartå wonten rakyatipun. Râjå ménikå gadhah nayâkå, punggåwå, sartå prajurit kanggé mbiyantu sâhå nyêngkuyung njéjégakên panguwaos sartå njagi katênrêmaning nagari. Olah kaprajuritan kanggé sadâyå nayakaning prâjå ménikå pênting supados gadhah kaprigélan olah kaprajuritan saénggå mrantasi ing damêl. Ing satunggaling wêkdal, salah satunggaling nayâkå kaparingan dhawuh tartamtu sartå wonten ugi ingkang kaparingan dhawuh sanèsipun. Ananging, dhawuh-dhawuhipun wonten ingkang dhumpyuk saénggå nuwuhabêkên rêgêjêgan ngantos kêrêngan nanging boten wonten ingkang misah. Tundhonipun, kêkalihipun, Dorå kalihan Sêmbâdå, pêjah sampyuuh.

Pralambang ing nginggil ménikå têgés bilih râjå utawi *pemimpin* ménikå kêdah tumindak (1) wicaksânå, mliginipun anggènipun milih pårå nayakanipun; (2) paring dhawuh ingkang cêthå murih boten nuwuhabêkên salah panampi; (3) tansah maspadakakên sadâyå nayâkå anggènipun nindakakên dhawuh; (4) paring pitêdah sâhå nglêrêskên tindakan ingkang klèntu; sartå (5) pangatos-atos ing samukawis tumindak supados boten nuwuhabêkên bab-bab ingkang boten

ngrêménakên. Sasanèsipun ménikå, tanggêl jawab râjå ugi paring dhawuh dhatêng sadâyå praboting prâjå supados tansah (1) sêtyå tuhu dhatêng sadâyå dhawuhing râjå, (2) mituhoni sadâyå anggér-anggéring nagari, (3) gadhah patrap tanggêl jawab, sâhå (4) sawégå nambahi samukawis wawasan.

Pamanggih sanès ngéngingi maknå simbolik aksârâ hâ-nâ-câ-râ-kâ, inggih ménikå Hamêngku Buwåna ingkang kaping X (Riyadi, 2002). Aksârâ Jåwå hâ-nâ-câ-râ-kâ ingkang nglêgénå sâhå kasérat wonten ing sangandhaping garis utawi nggandhul ménikå ménikå makna *simbolis*. Maknå simbolis ing aksârâ Jåwå hâ-nâ-câ-râ-kâ ménikå, bilih aksârâ hâ-nâ-câ-râ-kâ ingkang baku ménikå mujudakên aksârâ ingkang gêsang (*sukukata hidup*). Aksârâ Carakan ménikå manawi dipunsukani pasangan ménâpå kémawon ugi têtép mujudakên rêroncèning aksârâ ingkang gêsang. Aksârâ Jåwå sagêd pêjah (dados *konsonan*) manawi dipunpangku. Awit, paugérانing nyérat aksârâ Jåwå ménikå nggandhul ing péongan utawi garis nginggil, boten kasérat ing péongan utawi garis ngandhap. Bab ménikå ndadosakên pémut (*simbol*), mliginipun tumrap pårå panginggil, supados boten kasupèn dhatêng pangkoning rêmbag utawi barang ingkang kumêlip, gumêbyar, inggih ménâpå kémawon ingkang ndadosakên gêsang sakécå nanging boten lânå.

Miturut andharaning Riyadi (2002), bilih ing cariyos Aji Sâkå ménikå ngéwrat pralambang. Cariyosipun makatên, nalika Aji Sâkå angéjâwå inggih lajêng sagêd ngawonakên Prabu Déwåtâcêngkar ing Mêdhangkamulan ménikå mujudakên pralambang wontenipun *intervensi budâyå India* dhatêng pulo Jawi. Budâyå India ménikå cépet sangêt rumasuk ing masarakat Jawi, awit rikâlå samantén budâyåning masarakat Jawi dèrèng kêkah, inggih kanthi wontenipun pralambang Déwåtâcêngkar (butå agêng). Budâyå India ménikå, antawisipun awujud aksârâ, inggih aksârâ *Pallawa lajêng Déwanagari*. Sasampunipun langkung saking sadåså abad, masarakat gadhah

panganggêp bilih aksârâ hâ-nâ-câ-râ-kâ ménikâ yasanipun Aji Sâkâ. Ananging, yéktosipun aksârâ ménikâ éwah-éwahan saking aksârâ Pallawa, lajêng ugi éwah-éwahan saking aksârâ *Dewanagari*, larah-larahipun kados ing tabel ngandhap ménikâ (Riyadi, 2002).

TABEL I AKSARA

Latin	Bewarangarti	J a w a	
		Kuno / Kawi	Modern
k	ක	କା	ka
kh	ଖ	ଖା	xa
g	ଗ	ଗା ତା ହା ଟା ଦା ଣା ଳା	ga tha ha ta da na la
gh	ଘ	ଘା	ha
ng	ଙ୍ଗ	ଙ୍ଗା ତଙ୍ଗା ହଙ୍ଗା ଟଙ୍ଗା ଦଙ୍ଗା ଣଙ୍ଗା	nga tangga hangga tangga dangga naanga
ch	ଚ	ଚା ତଚା ହଚା ଟଚା ଦଚା ନଚା	cha taccha hacha taccha dacha nacha
chh	ଛ	ଛା	ha
j	ଜ	ଜା ତଜା ହଜା ଟଜା ଦଜା	ja taja haja taja daja
jh	ଝ	ଝା	ja
ng	ଙ୍ଝ	ଙ୍ଝା ତଙ୍ଝା ହଙ୍ଝା ଟଙ୍ଝା ଦଙ୍ଝା	nga tangga hangga tangga dangga naanga
!	ଇ	ଇ ତିଇ ହିଇ ଟିଇ ଦିଇ	i tihi deu
th	ଠ	ଠା	ha
dh	ଢ	ଢା ତଢା ହଢା ଟଢା	da tada hada tada
ñ	ଞ	ଞା	na
t	ତ	ତା ତାହା ହା ଟାହା ଦାହା	ta thaaha ha taaha daaha
th	ଥ	ଥା	ha
d	ଦ	ଦା ତଦା ହଦା ଟଦା	da tadha hada tada
dh	ଧ	ଧା	ha
ñ	ଞ	ଞା ତଞ୍ଚା ହଞ୍ଚା ଟଞ୍ଚା	na tangcha hangcha tancha
b	ବ	ବା ତବା ହବା ଟବା	ba taba haba tava
bh	ଭ	ଭା	ba
m	ମ	ମା ତମା ହମା ଟମା	ma tamaa hamaa tama
y	ଯ	ଯା ତଯା ହଯା ଟଯା	ya taya hayaa taya
r	ର	ରା ତରା ହରା ଟରା	ra taraa haraa tara
l	ଲ	ଲା ତଲା ହଲା ଟଲା	la talaa halaa tala
v	ଵ	ଵା ତଵା ହଵା ଟଵା	va tavaa havaa tava
ñ	ଞ	ଞା ତଞ୍ଚା ହଞ୍ଚା ଟଞ୍ଚା	na tangcha hangcha tancha
sh	ଶ		
s	ଶ		
h	ହ	ହା ତହା ହାହା ଟହା	ha tahaa haahaa taha
v	ଵୁ		

Maknâ filosofis hâ-nâ-câ-râ-kâ, inggih ménikâ maknâ ingkang gêgayutan kalihan *filsafat*. Têmbung *filsafati* mèngku têgês satunggaling ngèlmu kanggé dhasaring panalitèn ingkang ngginakakên akal budining manungså ngéngingi *hakikat* samukawis ingkang wonten, sabab, asal, sâhâ kukumipun. Miturut pamanggihipun Hamêngku Buwânå ingkang kaping X (Riyadi, 2002), nélakakêñ bilih *filsafat* adalah hasil perenungan jiwa manusia melalui pandangan reflektif yang mendasar, mendalam, dan menyeluruh sebagai pandangan hidup manusia.

Dumugi wêkdal ménikâ, aksârâ hâ-nâ-câ-râ-kâ sampun kathah ingkang damêl tapsir *filsafat*-ipun. Tuladhanipun, câ-râ-kâ dipunsukani maknâ "ciptâ, râsâ, karsâ", awit gadhah *sonem* péongan ngajêng ingkang sami. Tapsir *filsafat* aksârâ hâ-nâ-câ-râ-kâ ménikâ ugi kababar ing *naskah-naskah* kinâ. Ingkang sapisan mahyakakêñ tapsir *filsafat* aksârâ hâ-nâ-câ-râ-kâ, inggih ménikâ *Sérat Sastra Gêndhing* anggitanipun Sultan Agung ing Mataram. Teks sanèsipun ingkang ngêwrat *filsafat* hâ-nâ-câ-râ-kâ (Riyadi, 2002), inggih ménikâ *Sérat Cênthini* anggitanipun Amangkunagara III, sakâncâ (1814) ingkang sampun dipun-alihaksarakakêñ déning Kâmajâyâ (1986), *Sérat Saloka Jiwa* anggitanipun Rânggâwarsitâ (1915), *Sérat Kridhâ Mâyâ* utawi *Sérat Kridhâ Sastra* anggitanipun Mangunwijâyâ (1915), *Sérat Sastra Harjéndrâ* kaanggit déning Prawirâamidjâjâ (1918), *Sérat Rêtnâ Jiwa* kaanggit déning Djajèngwihardjâ (1931), *Apa dan Siapa Semar* anggitanipun Mulyono (1978), *Memahami Filsafat Huruf Jawa dan Angka Jawa* anggitanipun Kasmanto (1990), *Mengkaji Makna Ha-na-ca-ra-ka*, *Menguak Hakikat Sangkan Paraning Dumadi* anggitanipun Soenarto Timoer (1994), sâhâ sanès-sanèsipun.

Tapsir *filsafat* hâ-nâ-câ-râ-kâ ingkang kawrat ing *Sérat Sastra Gêndhing*, ingkang sampun kaalihtulisakêñ kanthi aksârâ Latin kawrat ing *Almanak Dewi Sri*, tahun ke-20 (1981 déning Prawirâatmâdjâ). *Sérat* kasêbut ngandharakêñ ajaran utawi piwulang mistik bab ngèlmu

kasampurnan, sangkan paranaling dumadi, sâhå manunggaling kawulå Gusti. Piwulang mistik kaandharakêñ kanthi ancas supados paugéraning dumadi tansah dados pémut dhatêng wawasan utawi *filsafat*-ing ngagésang. Bab ménikå kasérat ing pungkasaning andharan (pupuh Sinom), makatêñ: "...tan lyå titining sastrå / paugéraning dumadi / nora ånå kang liyå tuduh ing sastrå //". Wondéné isining *filsafat* hâ-nå-cå-rå-kå ménikå kawrat ing pupuh Pangkur, pådå 2 sâhå 3, makatêñ: "karan sastrå kalih dåså / wit pangëstu tuduh karêping puji / puji asaling tumuwuh / mirid sing akadiyat / sastrå hâ-nå-cå-rå-kå pituduhipun / déné kang dâ-tå-så-wå-lå / gagantyaning kang amuji // wahdat jati kang linaras / ponang pâ-dhå-jå-yå-nyå angaktèni / kang nuduh lan kang tinuduh / sami santosanirå / kahanannyå wakadiyat pamètipun / déné kang må-gå-bå-thå-ngå / wus kanyatan jatining sih //. Inti pathinipun, makatêñ: aksårå Jåwå kalih dåså ménikå isinipun pitêdah ngéngingi pandongå wilujêng sâhå pamuji dhumatêng Ingkang Akaryå Gêsang adhêdasar paugéraning agami. Aksårå hâ-nå-cå-rå-kå ménikå minångkå pitêdahipun, dâ-tå-så-wå-lå ménikå dados gantosipun ingkang mémuiji dhumatêng Gusti Ingkang Måhå- kuwaos, Måhå-tunggal, pâ-dhå-jå-yå-nyå ménikå ibaratipun Ingkang Måhå-tumitah sâhå ingkang dipuntitahakêñ ingkang sami kékéhipun miturut ajaraning agami, må-gå-bå-thå-ngå ménikå mujudakêñ ciptå-råså-karså.

Tapsir *filsafat* hâ-nå-cå-rå-kå ingkang kawrat ing *Sérat Cénthini* kawrat ing pupuh 176 Mijil, pådå 3-6, ing pérrangan cariyos nalikå Mas Cébolang sowan ing ngarsanipun Tumênggung Sujånapurå, pujanggå kraton Mataram. Kacariyos, Mas Cébolang adrêng mangrêtosi ajaran *Sastrå Harjéndra* utawi *Sastrå Jéndra* utawi *Sastrå Céthå*. Ajaran ménikå kaandharakêñ kanthi dhapukan pawicantênanipun Hyang Guru kalihan Hyang Sriyåna ngéngingi maknå *filsafat* hâ-nå-cå-rå-kå kados ing ngandhap ménikå.

hâ-nå-cå-rå-kå tégésirèki / won dutå kinaot / dunungipun winangsul swarané / kå-rå-cå-nå-hå liré puniki / lésan

pangucaping / dâ-tå-så-wå-lé-ku // tégésé dat kacihñå swaréki dununing suraos / wangslur swårå lâ-wå-så-tå-da-né / nggih punikå pratåndhå salami / pâ-dhå-jå-yå-nyè-ki / liré sami unggul // pan punikå pâncådriyå yékti / dununing suraos / wangslur swårå nyå-yå-jå-dhå-pa-né / lirnyå tan pêgat pangidhêpnèki / må-gå-bå-thå-ngè-ki / nênggih tégésipun / babatangan sarirå puniki / wit dadosing kawroh / dunungipun winangsul swarané / ngå-thå-bå-gå-må tégésirèki / ngénthå satataning / ngantarèng Hyang Agung //

Andharan ing nginggil mèngku tégés kirang langkung makatêñ. Hâ-nå-cå-rå-kå tégésipun ånå utusan. Kosok-wangsulipun, kå-rå-cå-nå-hå mèngku tégés pangucapan kanthi lésan. Då-tå-så-wå-lå tégésipun dat, ingkang dados papaning maknå. Kosok-wangsulipun, lâ-wå-så-tå-då, atègés pratandhaning kalanggêngan. Pâ-dhå-jå-yå-nyå tégésipun sami-sami jayanipun, ingkang mèngku tégés bilih pâncådriyå ménikå minångkå papaning maknå. Kosok-wangsulipun, nyå-yå-jå-dhå-på mèngku tégés boten badhé kêndhat gêgauhanipun. Må-gå-bå-thå-ngå tégésipun bilih jasadung manungså ménikå mujudakêñ bab ingkang dados sirullah awit minångkå papaning ngèlmu. Kosok-wangsulipun, ngå-thå-bå-gå-må atègés tansah ngénthå-énthå ngéngingi Ingkang Akaryå Jagad.

Tapsir *filsafat* hâ-nå-cå-rå-kå ingkang kawrat ing *Sérat Saloka Jiwa*, nggih sérat ingkang ngandharakêñ bab ngèlmu kasampurnan (ngèlmu kajawèn sâhå Islam) ménikå anggitanipun R. Ng. Rånggåwarsitå (Riyadi, 2002). *Filsafat* hâ-nå-cå-rå-kå ing sérat ménikå kawrat ing pupuh 3 Asmåradåñå, pådå 2-15 pérrangan ingkang ngandharakêñ saraséhanipun pårå ulåmå sâhå santri. Kacariyosakêñ nalikå samantêñ, Sèh Bukti Jalal nglajéngakêñ pangandikan bab ngèlmu kasunyatan saking Sèh Pramåñå Jali sâhå Takrul Salam. Panjénênganipun nambahi atur pangandikanipun ulåmå kêkalih ménikå kanthi pangangkah sagêdå nambahi jêmbaring kawruh sâhå wawasan.

Ngèlmu ingkang dipun-andharakén inggih ngèlmu ingkang dipunparingakén déning Såntådarmå, gurunipun. Ngèlmu ménikå kawastanan *sastrå darmå*, inggih gêgayutan kalihan kalih dåså sipating Gusti Ingkang Akaryå Jagad.

Miturut Simuh (wontén ing Riyadi, 2002), bilih katrangan ngéngingi kalih dåså sipating Gusti ménikå kawahyakakén kanthi kéråtåbåså aksårå Jåwå, carakan ingkang cacahipun kalih dåså. Wondéné sipating aksårå carakan ingkang gêgayutan kalihan kalih dåså sipating Gusti kados ing ngandhap ménikå.

Wandå **hå** ménikå atêgés *hèr 'toyå'*, ingkang hurip langgêng;
nå atêgés *nur 'sorot'*, inggih pitédañ ngèlmu séjatos;
cå atêgés *cahyå* ingkang mawarni-warni;
rå atêgés *rat 'jagad*, inggih jagading kawaskithan;
kå atêgés *kanugrahan*, inggih kanugrahan ingkang sampun kaparingakén ing burni;
då atêgés *dahåna 'gêni, latu'*, ingkang dados ibarating håwå napsu;
tå atêgés *lintang*, ingkang mëngku tégés linangkung ingkang mapan ing manah;
så atêgés *suryå*, ingkang dados pêpadhanging jagad råyå;
wå atêgés *wêruh ing kukus*, ingkang mëngku tégés mangrêtos asal-usulipun;
lå atêgés *gelap 'thathit'*, ibaratipun panutur såhå ingkang mirêngakén;
på atêgés *pati 'maot'*, gësang såhå pêjah ménikå awit Karsaning Gusti;
dhå atêgés *lindhu*, ingkang dados pratandhaning kêtëging jantung ingkang dados jalaraning gësang;
jå atêgés *jålä 'toyå'*, ingkang dados bêbakuning agësang;
yå atêgés *kayun 'kêkajêngan*, pêpénginan;
nyå atêgés *nyåta wêruh ing Gusti*, mangrêtos saëstu dhumatêng Gusti, kados déné awun-awun 'ebun' ingkang anjalari asrêp, adhêm-

ayêm;

må atêgés *candråmå 'rêmbulan'*, dodos papaning panyucèn;
gå atêgés *rågå sastrå 'wujud sérataning aksårå'*, mangrêtos saëstu dhumatêng manunggalipun;
bå atêgés *barat 'angin agêng'*, nyukani pratåndhå wontenipun samukawis ingkang ébah (simbol gerak);
thå atêgés *thathit*, dados pratandhaning dhatêng-késahing gaibipun Gusti;
ngå atêgés *angin*, dados jalanan manunggaling kawulå-Gusti.

Makaten maknå *filsafat* hå-nå-cå-rå-kå utawi aksårå Carakan utawi aksårå Jåwå. Saëstunipun taksih kathah malih pamanggih ngéngingi maknå *filsafat* hå-nå-cå-rå-kå ingkang kagayutakén kalihan gëlarining jagad saisinipun. Sadayanipun murakabi sagêd tumraping manungså supados tansah émut dhatêng dêdêgipun minångkå titah sawantah ingkang boten kéging mbadal ing préntah, inggih préntahing Gusti Allah SWT.

6. Bab ingkang Gêgayutan kalihan Ringgit

Ringgit ménikå mujudakén témbung kråmå saking *wayang*. Témbung *wayang* (ngoko) atêgés pêpêthan (wêwujudan têironing barang) ingkang kêtaman ing sorot (pêpadhang). Wondéné témbung *ringgit*, mëngku tégés pêpêthaning tiyang lsp. ingkang dipundamél saking wacucal utawi kajêng, dlancang, dipun-anggé mujudi cariyos (lêlampahan) kanggé tontonan ingkang dipunlampahakén déning tiyang, inggih ingkang dipunsébut *dhalang* (Poerwadarminta, 1939: 101; 653).

Lêlampahan ingkang dipunwujudi ringgit ménikå mujudakén *potrèt* utawi gêgambaraning panggësangan ingkang ngandharakén bab sanépå, piwulang, pitédañ. Sasanèsipun ménikå, ugi mahyakakén bab gëlarining gësang, solah-tingkahing manungså, såhå kawontenaning jagad (alam). Dados, lêlampahaning ringgit ménikå mujudakén

gêgambaran panggêsanganing manungså ingkang dipunlampahi wiwit saking lair, gêsang dumugi pêjah utawi purwå, madyå, wusânå. Gêgambaran ménikå mujudakên lêlampahan ingkang alamiyah, inggih saking botên wonten, lajêng wonten, lajêng botên wonten malih. Bab ménikå wonten ing panggêsanganing manungså sanyatanipun kêdah tansah ngudi murih jumbuh kawontênanipun, inggih kawontênan antawisipun alam-manungså-Gusti Ingkang Mâhâkuwaos (Sumodiningrat, 1992).

Salajêngipun, Sumodiningrat (1992) mahyakakêñ bilih cariyos lampahan ringgit ménikå dados pralambang gêsanging manungså. Lampahan cariyosing ringgit ménikå bédå-bédå utawi lampahan cariyos ringgit satunggal sâhå satunggalipun botên sami, awit ingkang nglampahi ugi bédå-bédå. Ananging, wosing cariyos ringgitipun sami, inggih ménikå nggamarakêñ panggêsanganing manungså wiwit saking lair, diwåså dumugi pêjah, inggih purwå, madyå, wusânå. Awit saking ménikå, lampahan cariyos ringgit satunggal tuwin sanèsipun dipunibaratakêñ "*kåyå suruh lumah lan kurébé, dinulu séjé rupané, ginigit pådhå rasané*". Saëstunipun, botên namung lampahing cariyos ringgit ingkang mahyakakêñ pralambang, nanging ingkang nanggap ringgit, dhalang, ringgitipun, sâhå samukawis prabotipun ugi ngêwrat pralambang. Tiyang ingkang nanggap ringgit mujudakên simbolisasi Gusti Ingkang Mâhâtunggal; dhalang ménikå pralambanging *Trimurti*; ringgit ménikå gêgambaraning manungså; dêbog pralambaning bumi; kêlir pralambanging langit; bléncong lambanging srêngéngé, wulan, sâhå lintang-lintang; gamêlanipun dados pralambang kabêtahaning manungså, antawisipun pangan, sandhang, sâhå sanès-sanèsipun.

Tumraping manungså, tiyang ingkang nanggap ringgit minångkå pralambanging Sang Hyang Atmå (jiwaning manungså), dhalang pralambanging ciptå-ésir, ringgit pralambang napsuning manungså ingkang dipun-gambarakêñ pâncâdriyå, kêlir pralambang pangangên-angên pêpengining manungså, dêbog pralambang badaning

manungså, bléncong pralambang kêtêging jantung inggih tandhaning gêsangipun manungså, gamêlan pralambang kabêtahaning manungså. Kothak ingkang dados papaning ringgit pralambang sangkan-paran utawi pinångkå sartå tujuan akiring manungså, gunungan utawi kayon pralambang gêsang, cêmpålå pralambang jantung, sartå kêpyak pralambang ilining rah ing badaning manungså.

Dados, cariyos ringgit ménikå sagêd minångkå gêgambaran gêsanging manungså, inggih gêsang wonten ing donya, sêsravungan kalihan sêsamining manungså kanggé nindakakêñ kabêtahaning gêsang jasmani, ménâpå déné gêsang ingkang sajatos, inggih gêsang kanggé mujudakêñ manunggaling kawulå-Gusti. Parågå-parågå ing lampahan cariyos ringgit nggamarakêñ sipating manungså ingkang dipungambarakêñ kanthi jangkép wiwit saking asipat saé ngantos dumugi ingkang kirang saé. Ananging, wonten ing parågå ingkang saé ménikå ugi gadhah sipayat ingkang botên saé. Kosok-wangsulipun parågå ingkang sipayatipun botên saé nanging ugi taksih gadhah sipayat ingkang saé. Dados, tiyang ingkang mriksani tontonan cariyos ringgit ménikå kêdah gadhah sipayat ingkang wicaksåna kanggé mangrétosi saëstu kadospundi sipayat-sipating ringgit satunggal sâhå ringgit sanèsipun. Gêlarung cariyos ringgit ingkang sampun lumampah dumugi sapriki ménikå kaginakakêñ minångkå tuntunan ingkang ngêwrat *falsafah*, ingkang sagêd nuntun gêsanging manungså ing alam donyå.

Miturut sajarahipun (Sumodiningrat, 1992), ringgit ménikå asalipun saking *Râmâyana* sâhå *Mahâbhârata* saking India ingkang lajêng kajumbuhakêñ cariyosipun, jinisipun, sâhå wujudipun. Wonten ing tlatah Jawi jinising ringgit ménikå warni-warni, inggih ménikå (1) Ringgit Purwå, wontenipun wiwit jamanipun Prabu Jâybâyå (Kêdhiri), nyariyosakêñ *Bhâratayuddha*; (2) Ringgit Gêdhog, kaginakakêñ Sunan Giri kanggé nyariyosakêñ râjå Jênggålå ngantos dumugi râjå Pajajaran ingkang pungkasan, ugi nyariyosakêñ lêlampahanipun Panji (Poerwadarminta, 1939: 139); (3) Ringgit Madyå, kaginakakêñ

K.G.P.A.A Mangkunagårå IV ing Suråkårtå kanggé nyariyosakén pamarintahaning råjå-råjå sasampunipun *Bhāratayuddha*, inggih ménikå jamanipun Prabu Gêndråyåna ngantos dumugi nagari Jénggålå ingkang pungkasan (cariyos antawisipun jaman purwå kalihan jaman énggal); (4) Ringgit Klithik (Krucil) kadamél saking kajéng dipunwangun kados ringgit wacucal, kaginakakén Sunan Kudus kanggé nyariyosakén *Babad Pajajaran* ngantos dumugi Måjåpahit, ugi nyariyosakén lélampahanipun Damarwulan (Poerwadarminta, 1939: 653); (5) Ringgit Golèk (Théngul) kadamél saking kajéng, kaginakakén Sunan Kudus kanggé nyariyosakén lampahan ménak ing Arab, kados tå cariyos *Wong Agung Ménak* såhå *Marmåyå*; ing Jawi Kilèn ugi wontén Ringgit Golèk kanggé nyariyosakén lampahan *Bhāratayuddha*; (6) Ringgit Dupårå, yasanipun Danuatmajan kanggé nyariyosakén ratu ing Démak ngantos dumugi Kraton Mataram ingkang pungkasan; (7) Ringgit Jåwi, yasanipun Dutådiprajan kanggé nyariyosakén *Babad Arab*; (8) Ringgit Ménak; (9) Ringgit Kancil; (10) Ringgit *Perjuangan/Ringgit Suluh*; (11) Ringgit Pancasila; (12) Ringgit Potéhi (Cinå), nyariyosakén lampahan Cinå; (13) Ringgit Bèbèr, kanthi badhé montén kagambar pépêthaning ringgit kapitononakén sarånå kabèbèr (Poerwadarminta, 1939); (14) Ringgit Tiyang, inggih ringgit kanthi dipunparagani tiyang (njogèd sartå dipungaméli), såhå sanès-sanèsipun. Déné kawruh bab ringgit kapriksanåna ing kåcå 93-98 ugi 143-167.

Dhapukan, céngkok, utawi *gaya* wujuding ringgit ménikå ugi warni-warni miturut daerahipun. Wontén céngkok Ngayogyåkartå, Suråkårtå, wontén ugi ingkang céngkok Jawa Timuran (kaprisanåna lampiran kåcå 166-167) (Kayam, 2001). Makatén ugi cårå anggènipun mitontonakén ugi warni-warni. Ananging, inti-pathi utawi bakuning cariyos pagélaraning ringgit ménikå sami, inggih ménikå minångkå *etika* gésanging alam donyå saisinipun. Kanthi makatén, pagélaraning ringgit ménikå kénging dados *media* kanggé ngandharakén bab piwulang, budi pakerti, agami, såhå sanès-sanèsipun ingkang magépokan kalihan *humaniora*.

Cariyos lampahaning ringgit ingkang murakabi tumrapipun panggésanganing manungså ménikå asring dipun-ginakakén kanggé patuladhan nyukani pité dah utawi wulang-wuruk dhaténg pårå wiranèm. Piwulang ingkang ngginakakén andharaning cariyos ringgit ménikå sawatawis sampaun sinérat. Tulådhå anggitan makatén, inggih ingkang kasérat ing *Sérat Asthåbråtå*, *Sérat Cåndrårini*, *Sérat Wulang Èstri*, såhå sanès-sanèsipun.

Sérat Asthåbråtå ngandharakén ngéngingi bab sipating ratu cacahipun wolung warni (*asthå-bråtå*). *Asthåbråtå* ménikå salah satunggaling anggitan ingkang ngandharakén ajaran saking Sri Råmåwijåyå (*Råmawijaya*) dhaténg Baråtå (*Bharata*), rikåla masrahakén cénélå minångkå pralambanging panguwaosing nagari Ngayodyå-pållå (*Ayodhyå*). Sri Råmåwijåyå ngandharakén *Asthåbråtå* nalikå Baråtå dipun-séngkakakén ing ngaluhur dados råjå Aléngkå (*Léngkå*). Sasanèsipun ménikå, Arjunå wontén ing cariyos lampahan Makuthåråmå inggih dipunparingi wéjangan *Asthåbråtå* déning Bagawan Késawåsidi, inggih Sri Råmåwijåyå.

Råjå utawi pamimpin miturut *Asthåbråtå* ménikå kédah kagungan 8 watak. Wolung warni wataking råjå ménikå (1) watak sréngéngé (*bhåskara*), inggih Bathårå Suryå, tégésipun sabén pamimpin ménikå kédah sagé dngayahi panguwaosipun kados déné sréngéngé ingkang tansah paring kakiyatan såhå panjurung-panyéngkuyung; (2) watak wulan (*candra*), inggih Bathårå Cåndrå, tégésipun sabén pamimpin ménikå kédah sagé paring sésuluh dhaténg sok sinténå kémawon; (3) watak lintang (*kartika*), inggih Bathårå Indrå, tégésipun sabén pamimpin ménikå kédah tanggél jawab saénggå sagé dados panuntuning rakyat; (4) watak angin (*samårana*), inggih Bathårå Bayu, tégésipun sabén pamimpin ménikå kédah sagé dngayahi panguwaosipun kados déné angin ingkang tansah tumindak kanthi ngatos-atos, satiti, såhå tansah niti-prikså katéñtrêmaning rakyat; (5) watak mëndhung, inggih Bathårå Rodrå, tégésipun kagungan sipat

birawå, nanging ugi sagêd damêl gêsing tumrap ménâpå kémawon rikâlå sampun dados toyå (jawah). Tégésipun, sabên pamimpin ménikå kédah kagungan kawibawan nanging ugi tansah ngayomi dhatêng rakyatipun; (6) watak latu (*dahana*), Bathârâ Brahmå, latu ménikå sipatipun jejêg, sagêd mbêsem ménâpå kémawon. Tégésipun, sabên pamimpin ménikå kédah tansah tumindak adil, têguh, tanggèn, cukat-tréngginas ngéntasi karyå; (7) watak samudrâ, Bathârâ Barunå, tégésipun sabên pamimpin ménikå kédah kagungan wawasan ingkang jêmbar sagêd momot, mèngku, sâhå mumpuni ngrêngkuh sadåyå bot-repoting rakyat; (8) watak bumi, Bathârâ Kuwérå, bumi ménikå sipatipun kêkah sâhå suci, tégésipun sabên pamimpin ménikå kédah kagungan sipat ingkang tatag, tangguh, tanggon, tanggél jawab, bér-budi, bâwå-laksânå, burus, lurus.

7. Pratélan Waosan

Baroroh-Baried. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Darusuprasta. 1984. "Beberapa Masalah Kebahasaan dalam Penelitian Naskah". *Widyaparwa*. Nomor 26, Oktober 1984. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Faruk. 1996. "Aku" dalam Semiotika Riffaterre, Semiotika Riffaterre dalam "Aku". *Humaniora III/1996*. Yogyakarta: Fakultas Sastra UGM.

Kayam, Umar. 2001. *Kelir Tanpa Batas*. Yogyakarta: Gama Media.

Ki Hadjar Dewantara. 1994. *Bagian II: Kebudayaan*. Cetakan Kedua. Yogyakarta: Majelis Luhur Persatuan Tamansiswa.

Koentjaraningrat. *Pengantar Antropologi I*. Jakarta: PT Rineka Cipta.

Mardiwarsito, L. 1981. *Kamus Jawa Kuna - Indonesia*. Ende-Flores: Penerbit Nusa Indah.

Onions, C.T. (editor). 1974. *The Oxford Dictionary of English Etymology*. New York and Oxford: Oxford University Press.

Padmosoekotjo, S. 1958. *Ngéngréngan Kasusastra Djawa I*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

_____. 1960. *Ngéngréngan Kasusastra Djawa II*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J.B. Wolters' Uitgevers-Maatschappij N.V.

Pradopo, Rachmat Djoko. 2001. "Masalah Kajian Semiotika terhadap Karya Sastra". *Tonil, Jurnal Kajian Sastra, Teater dan Sinema*. Volume 1, Nomor 2, September 2001.

Riffaterre, Michael. 1982. *Semiotics of Poetry*. Bloomington, London: Indiana University Press.

Riyadi, Slamet. 2002. *Ha-na-ca-ra-ka (Kehadiran, Penyusunan, Fungsi, dan Makna)*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama.

Saputra, Karsono H. 2001. *Puisi Jawa, Struktur dan Estetika*. Jakarta: Penerbit Wedatama Widya Sastra.

Sumodiningrat, Gunawan. 1992. "Wayang dan Budaya Karaton: Etika Kehidupan Mewujudkan Kesejahteraan Rakyat". Makalah disampaikan pada "Sarasehan Gelar Seni Pewayangan" diselenggarakan oleh Yayasan Jati Diri Jawa Tengah, Karaton Surakarta, dan Pantap Wayang Jawa Tengah di Karaton Surakarta 9 Agustus 1992.

Tarigan, Henry Guntur. 1994. *Membaca Ekspresif*. Cetakan ke-5. Bandung: Penerbit Angkasa.

Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.



ALIH TULIS TEKS, PARAFRASE, SÂHÀ TERJEMAHAN

1. Alih Tulis Teks

Teks inggih ménikå anggitan ingkang ngêwrat bab samukawising agêsang, inggih ingkang magépokan kalihan sadåyå ingkang sumpun kalampahan, inggih gêgayutan kalihan *humaniora*. Teks ménikå minångkå isining *naskah* utawi *manuskrip* utawi *handschrift*. *Naskah* tégésipun anggitan ingkang taksih dipunsérat mawi tangan (astå) utawi carik ingkang taksih asli ménåpå déné salinanipun (Darusuprapta, 1984: 1; Baroroh-Baried, 1985: 54). Dados, *naskah* asipat kasatmripat (*konkret*), déné teks ménikå asipat botén kasatmripat (*abstrak*).

Teks ménikå kasérat mawi aksårå warni tigå, inggih ménikå mawi aksårå Jåwå utawi carakan, aksårå Arab Pégon (inggih aksårå Arab kanggé nyérat båså Jawi), sâhå aksårå Latin. Kanggé damél léstantuning *teks* ingkang adatipun sumpun kasérat mataun-taun kapêngkér sagêd dipunwujudi kanthi alih tulis. Alih tulis inggih ménikå nggantos sérataning *teks* kanthi aksårå ingkang sami kalihan aksårå sérataning teks utawi mawi aksårå ingkang bédå.

Kanggé mujudakên *teks* saking asalipun dados alih tulis ménikå *teks*-ipun kêdah dipunwaos langkung rumiyin. Caraning maos *teks*, inggih ménikå kanthi *metode heuristik*. Salajéngipun, *teks* sagêd dipun-analisis miturut tégésing têmbung-têmbung ing *teks* utawi miturut tégés kontekstual-ipun. Pamaosing *teks* ménikå kêdah ngatos-atos, sêtitî, sâhå prêmati amargi manawi anggènipun maos klèntu badhé ndadosakén alih tulis têmbung-têmbungipun ugi klèntu saénggå tégésipun ugi badhé klèntu. Dados, garapan alih tulis ménikå mbéthakéñ lampah ingkang

ngatos-atos, sabar, satiti, sâhâ tlatos. Alih tulis ménikå wontêñ warni kalih, inggih ménikå *transliterasi* sâhâ *transkripsi*. Wondéné andharanipun kados ing ngandhap ménikå.

2. *Transliterasi*

Transliterasi, inggih ménikå alih tulis sérataning *teks* mawi aksârâ ingkang botén sami kalihan aksaraning *teks*. Upaminipun, *teks* kasérat mawi aksârâ Jâwâ kadamél alih tulisipun mawi aksârâ Latin utawi aksârâ Arab Pégon. Manawi *teks*-ipun kasérat mawi aksârâ Arab Pégon dipunalih-tulisakên mawi aksârâ Latin utawi aksârâ Jâwâ. Tuladhanipun kados garapan ingkang kaandharakên ing pérangan 3 sâhâ 5 ing ngandhap ménikå.

3. *Metode Transliterasi Diplomatik* sâhâ *Metode Transliterasi Standar*

a. *Metode Transliterasi Diplomatik*

Metode transliterasi diplomatik, inggih ménikå cárâ anggènipun damél alih tulis sérataning *teks* ingkang kasérat ménâpâ wontênipun kados déné sérataning *teks*-ipun kanthi aksârâ ingkang bédâ. *Teks* ing ngandhap ménikå kasérat mawi aksârâ Jâwâ cithak alih tulisipun ugi mawi aksârâ Jâwâ nanging kasérat carik. *Teks* ing ngandhap ménikå kacuplik saking buku ingkang irah-irahanipun *Sérat-sérat Anggitan Dalém Kangjeng Gusti Pangéran Adipati Ariya Mangkunagårå IV*, jilid 3, kåcå 106.

|| ତି ଅୟ ଅୟ ||

ଆ ~ ଏମିନାଦି ~ ଆ
ରୁହଣାହାନ୍ତାପ୍ରେସ୍ରାଫ୍ରାମ୍ବ୍ର
ଏଠି କା ଏଳା ହାତ୍ତି ଏଲ୍ଲା ମିନି ~
ଏ ଜା ଏଲ୍ଲା କାହା ମାତ୍ରା ~
ଏଥା ଏଥା ଏଥା ଏଥା ~
ଏଥା ଏଥା ଏଥା ~
ଏଥା ଏଥା ଏଥା ~
ଆ ~ ରୁ ~ ଆ

Garapan alih tulis *teks* ing ngiggil kanthi *metode transliterasi diplomatik* kados ing ngandhap ménikå. Tândhâ-tândhâ ingkang kaginakakên kanggé alih tulis, inggih ménikå, makatêñ

- || kanggé nggantos tândhâ adêg-adêg
- // kanggé nggantos tândhâ pådâ lungsi
- [kanggé nggantos tândhâ mangajapâ ing sangajênging sératan
-] kanggé nggantos tândhâ mangajapâ ing sawingkinging sératan
- / kanggé nggantos tândhâ pådâ lingsâ

||pitutur//
[//kinanthi//]
[dudusaratlanmardhukun/
tirakatmyangjalukhidi/
marangbuluskayuharcå/
marganéwongdadipyayi/
mungtabêrimardiguna/
ngèstokkénwajibbingkardi//
[I]

||pitutur//
[// kinanthi //]
[dudu sarat lan mardhukun/
tirakat myang jaluk hidi /
marang bulus kayu harcå /
margané wong dadi pyayi /
mung tabêri mardi gunå /
ngèstokkén wajibbing kardi //
[I]

Asiling garapan alih tulis ing nginggil, irah-irahanipun kasérat mawi aksårå alit sadåyå ménikå miturut sérataning *teks* ingkang kasérat mawi aksårå Jåwå baku. Asiling garapan alih tulis ing sisih kiwå ménikå kasérat kados déné tåtå panyérating aksårå Jåwå, inggih ménikå *scriptio-continuo*. Ananging, prêlu kauningan bilih asiling garapan alih tulis ing sisih tengen ménikå panyérating témbung sampun kapilahakén. Bab ménikå sampun kajumbuhakén kalihan tåtå panyérating aksårå Latin ingkang sampun milah-milahakén panyérating témbungipun. Asiling garapan alih tulis kadamel makatén murih gampil anggènipun maos sähå négési témbung-témbungipun.

b. Metode Transliterasi Standar

Metode transliterasi standar inggih ménikå cårå anggènipun damel alih tulis sérataning *teks* ingkang kasérat kanthi adhêdasar éjaan ingkang sampun dipunsampurnakakén utawi *Ejaan yang Disempurnakan (EYD)* ingkang lumampah. Wujuding garapanipun kados ing ngandhap ménikå.

|| Pitutur //
[// Kinanthi //]
[dudu sarat lan mardhukun

tirakat myang njaluk idi
marang bulus kayu arcå
margané wong dadi pyayi
mung tabêri mardi gunå¹
ngèstokkén wajibbing kardi
[I]

|| Pitutur //
[// Kinanthi //]
[dudu sarat lan mardhukun / tirakat myang njaluk idi / marang bulus
kayu arcå / margané wong dadi pyayi / mung tabêri mardi gunå /
ngèstokkén wajibbing kardi //

Asiling garapan alih tulis ing nginggil, irah-irahanipun kasérat mawi aksårå *kapital* ménikå jumbuh kalihan EYD. Déne anggènipun nyérat jinising námå sêkaripun, aksårå ingkang ngajêng piyambak ugi kasérat mawi aksårå *kapital*, ménika ugi jumbuh kalihan EYD. *Teks* ing nginggil ménikå kawahyakakén kanthi dhapukan sêkar, milå panyérating aksårå wiwitinaning gåträ botén kasérat mawi aksårå *kapital*. Awit, dhapukan sêkar makatén panyératipun adhêdasar klomoking témbung botén adhêdasar ukårá.

Tåndhå / ménika dipunsêbut tåndhå *metrum*, inggih ménikå tåndhå ingkang dipun-ginakakén kanggé milah-milahakén antawisipun gäträ satunggal kalihan gäträ sanèsipun. Tåndhå // ménikå dipunsêbut tåndhå *metra*, inggih ménikå tåndhå ingkang dipun-ginakakén kanggé milah-milahakén antawisipun pådå satunggal kalihan pådå sanèsipun utawi pungkasaning gäträ ing salêbeting satunggal pådå. Tåndhå-tåndhå ménikå dipun-ginakakén manawi *teks-ipun* kasérat larikan nêngén. Manawi kasérat larikan mandhap tanpa tåndhå ménåpå-ménåpå.

Tåndhå [ménikå dipun-ginakakén kanggé gantosing tåndhå mangajapå ingkang kasérat ing sangajênging aksårå swårå i. Makatén

ugi tāndhā mangajapå ingkang kasérat ing sawingkinging aksårå swårå i kasérat mawi tāndhå]. Dados, pungkasaning *teks* ingkang kaandharakén mawi dhapukan sêkar ménikå makatén [I].

4. Transkripsi

Transkripsi, inggih ménikå alih tulis sérataning *teks* mawi aksårå ingkang sami kalihan aksaraning *teks*. Upaminipun, *teks* kasérat mawi aksårå Jåwå kadamél alih tulisipun ugi mawi aksårå Jåwå. Manawi *teks*-ipun kasérat mawi aksårå Arab Pégon dipunalih-tulisakén ugi mawi aksårå Arab Pégon, såhå sapiturutipun. Tuladhå garapan *transkripsi* kanthi *metode transkripsi diplomatik* kados garapan ingkang wontén ing ngandhap ménikå.

5. Metode Transkripsi Diplomatik såhå Metode Transkripsi Standar

a. Metode Transkripsi Diplomatik

Metode transkripsi diplomatik, inggih ménikå cårå anggènipun damél alih tulis sérataning *teks* ingkang kasérat ménápå wontenipun kados déné sérataning *teks*-ipun kanthi aksårå ingkang sami. *Teks* ing ngandhap ménikå kasérat mawi aksårå Jåwå cithak alih tulisipun ugi mawi aksårå Jåwå, nanging kasérat carik. *Teks* ing ngandhap ménikå kacuplik saking buku kanthi irah-irahan *Sérat-sérat Anggitan Dalém Kangjeng Gusti Pangéran Adipati Ariya Mangkunagårå IV*, jilid 3, kåcå 106.

Teks Pitutur ing ngandhap ménikå kasérat mawi aksårå Jåwå cithak. Garapan alih tulis kanthi *metode transkripsi diplomatik* asilipun kados makatén.

" گی ای ای "

الله ۖ لِمَنْ دَعَۖ لِللهِ
يُعَذِّبُ مَا لَا يَرَىۖ
كُلُّ نَفْسٍۖ أَنْ تَبْلُغَ مَثْلَهَاۖ
وَلَمْ يَرَهُۖ
أَنَّهُ أَنَّهُۖ أَنَّهُۖ
أَنَّهُۖ أَنَّهُۖ
الله ۖ إِنَّهُ ۖ لِللهِ
الله ۖ إِنَّهُ ۖ لِللهِ

Ing ngandhap ménikå asiling garapan alih tulis kanthi *metode transkripsi diplomatik*

" گی ای ای "

الله ۖ لِمَنْ دَعَۖ لِللهِ
يُعَذِّبُ مَا لَا يَرَىۖ
كُلُّ نَفْسٍۖ أَنْ تَبْلُغَ مَثْلَهَاۖ
وَلَمْ يَرَهُۖ
أَنَّهُ أَنَّهُۖ أَنَّهُۖ
أَنَّهُۖ أَنَّهُۖ
الله ۖ إِنَّهُ ۖ لِللهِ
الله ۖ إِنَّهُ ۖ لِللهِ

الله ۖ إِنَّهُ ۖ لِللهِ

b. Metode Transkripsi Standar

Metode transkripsi standar, inggih ménikå cårå anggènipun damêl alih tulis sérataning teks ingkang kasérat kanthi adhêdhasar éjaan ingkang sampun dipunsampurnakakén utawi *Ejaan yang disempurnakan (EYD)*, ingkang lumampah. Wujuding garapanipun kados ing ngandhap ménikå.

Teks ing ngandhap ménikå kasérat mawi aksårå Jåwå cithak. Garapan alih tulis kanthi metode transkripsi standar wujudipun sami kalihan garapan nginggil amargi sérataning teks sampun jumbuh kalihan EYD ingkang kasérat carik, kados ing ngandhap ménikå.

|| ၑ ၑ ၑ ||

	ၑ ၑ ၑ	
	ၑ ၑ ၑ	
	ၑ ၑ ၑ	
	ၑ ၑ ၑ	
	ၑ ၑ ၑ	
	ၑ ၑ ၑ	
	ၑ ၑ ၑ	

|| ၑ ၑ ၑ ||

(ጀ) " ၑ ၑ ၑ "

(ጀ) " ၑ ၑ ၑ / ၑ ၑ ၑ /
/ ၑ ၑ ၑ / ၑ ၑ /
/ ၑ ၑ / ၑ /
/ ၑ / ၑ /
/ ၑ / ၑ /

(ጀ) " ၑ ၑ "

Asiling garapan alih tulis kanthi metode transkripsi standar ing nginggil ménikå sérataning teks sampun lérés. Inggih sampun miturut tåta panyérating aksårå Jåwå ingkang lérés. Namung kémawon, wujuding sératanipun botén sami, awit kasérat mawi sératan tangan (carik).

6. Parafrase sâhå Terjemahan Teks Dhapukan Sêkar Sératan Aksårå Jåwå

Parafrase, inggih ménikå ngewahi teks dhapukan sêkar dados dhapukan gancaran. Anggitan ingkang dipunwahyakakén kanthi dhapukan sêkar ménikå mujudakén ekspresi tidak langsung. Têgesipun, anggitan kanthi båså ingkang mligi, inggih båså ingkang puitis. Båså

ingkang *puitis* ménikå kadamél awit wontenipun (a) *penggantian arti* (*displacing of meaning*), (b) *penyimpangan arti* (*distorting of meaning*), sâhå (c) *penciptaan arti* (*creating of meaning*) (Riffaterre, 1982: 1-2), inggih båså ingkang rinênggå, båså pinacak. Rérêngganing båså ménikå sagèd awujud paribasan, bêbasan, salokå, wangsalan, dåsånamå, pêpindhan (Padmosoekotjo, 1953: 61-101), témbung-témbung kinå utawi *arkhais*, sâhå sapiturutipun. Dados, témbung-témbung wonten ing sératan dhapukan sêkar ménikå témbungipun pinilih utawi *diksi-nipun* tartamtu inggih båså ingkang pinacak, rinênggå, boten ngginakakén témbung-témbung limrah utawi témbung kanggé pawicantenan padintenan. Pramilå lampahing damél *parafrase* inggih ménikå ngéwahi rérêngganing båså utawi båså rinênggå dados båså limrah.

Prélu kauningan bilih anggitan ingkang mawi dhapukan sêkar ménikå dhasaripun klomoking témbung. Dhapukan sêkar ménikå dèrèng dipunmangrêtosi kanthi cêthå ngéngingi bab jêjér, waséså, lésan, sâhå katranganipun. Kanthi makatén lampahing garapan *parafrase*, inggih ménikå kédah ngéwahi dhapukaning *teks* saking dhapukan sêkar kadadosakén dhapukan gancaran. Kanthi dhapukan gancaran ménikå bab jêjér, waséså, lésan, sâhå katranganipun langkung cêthå. Bab ménikå kanggé nggampilakén sâhå njumbuhakén garapan salajêngipun, inggih ménikå *terjemahan*.

Terjemahan utawi alih båså, inggih ménikå nggantos basaning *teks* dhatêng båså sanèsipun. Upaminipun, basaning *teks* ménikå båså Jawi kagantos båså Indonesia, kanthi pangangkah supados isining *teks* ugi sagèd dipunmangrêtosi déning tiyang ingkang boten mangrêtos båså Jawi. *Terjemahan* ménikå kadhapuk adhêdhasar urutaning jêjér, waséså, lésan, sâhå katranganipun utawi dhapukaning ukårå. Kanthi makatén, *teks* ingkang kawahyakakén kanthi dhapukan sêkar ménikå kédah kadamél *parafrase-nipun* rumiyin sawêg dipundamél alih basanipun utawi dipun-*terjemah-akén*.

Salajêngipun, kaandharakén kadospundi mèggah lampahing damél *parafrase* ménikå. Tuladhanipun, damél *parafrase teks Pitutur* inggih ngéwahi dhapukan sêkar Kinanthi dados dhapukan gancaran utawi *prosa* kados ing ngandhap ménikå.

॥ ॐ अ॒ग्ने॑ अ॒ग्ने॑ ॥

॥ ॐ अ॒ग्ने॑ अ॒ग्ने॑ अ॒ग्ने॑ ॥
अ॒ग्ने॑ अ॒ग्ने॑ अ॒ग्ने॑ अ॒ग्ने॑ अ॒ग्ने॑
अ॒ग्ने॑ अ॒ग्ने॑ अ॒ग्ने॑ ॥ ॐ ॥

॥ गंगा॒गंगा॑ ॥

॥ ॐ गंगा॒गंगा॑ ॥ ॐ
॥ ॐ गंगा॒गंगा॑ गंगा॒गंगा॑
गंगा॒गंगा॑ गंगा॒गंगा॑ गंगा॒गंगा॑
गंगा॒गंगा॑ गंगा॒गंगा॑ गंगा॒गंगा॑
गंगा॒गंगा॑ गंगा॒गंगा॑ गंगा॒गंगा॑
गंगा॒गंगा॑ गंगा॒गंगा॑ गंगा॒गंगा॑
गंगा॒गंगा॑ गंगा॒गंगा॑ ॥ ॐ ॥

॥ ॐ ॥ ॥ ॐ ॥

Parafrase

Lampahing tiyang ingkang badhé dados priyantun, inggih tiyang ingkang nggrênggêp pangkat ménikå botên kénging kanthi sarâna pados sarat, mardhukun, tirakat kinanthènan nyuwun palilah dhatêng kajêng (wit ingkang agêng), utawi récâ. Ananging, lampahing tiyang dados priyantun ménikå dipunsaranani kanthi srêgêp sartå tlatos nggégulang kapintéran. Sasanèsipun ménikå, ugi tansah ngèstokakên wajibing agêsang (inggih ménikå sétiyar sâhå nyambut damêl).

Terjemahan

Bagi orang yang ingin menjadi orang yang mempunyai kedudukan itu tidak boleh menggunakan cara minta bantuan dukun, paranormal, minta bantuan makhluk lain, seperti berpuasa, meminta pada pohon atau arca. Akan tetapi, sebagai manusia wajib untuk berusaha dengan cara bekerja.

7. Pratélan Waosan

Baroroh-Baried, Siti dkk. 1985. *Pengantar Toeri Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Darusuprasta. 1991. "Dunia Naskah Jawa". Makalah yang disampaikan di Auditorium Asana Widyawara Museum Negeri Propinsi DIY Sonobudoyo tanggal 9 November 1991.

Darusuprasta. 1984. "Beberapa Masalah Kebahasaan dalam Penelitian Naskah". *Widyaparwa* No. 26 Oktober 1984. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa Departemen P & K.

Faruk. 1996. "Aku" dalam Semiotika Riffaterre, Semiotika Riffaterre dalam "Aku". *Humaniora III/1996*. Yogyakarta: Fakultas Sastra UGM.

Riffaterre, Michael. 1982. *Semiotics of Poetry*. Bloomington, London: Indiana University Press.

Onions, C.T. (editor). 1974. *The Oxford Dictionary of English Etymology*. New York and Oxford: Oxford University Press.

Pradopo, Rachmat Djoko. 2001. "Masalah Kajian Semiotika terhadap Karya Sastra". *Tonil, Jurnal Kajian Sastra, Teater dan Sinema*. Volume 1, Nomor 2, September 2001.

Tarigan, Henry Guntur. 1994. *Membaca Ekspresif*. Bandung: Penerbit Angkasa.

Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.

1953. *Sérat-sérat Anggitan Dalém K.G.P.A.A. Mangkunagårå IV*. Jilid 3. Jakarta: Noordhoff Kolff N.V.

I. PANUTUP

- Dêntâwyajanâ inggih ménikå carakan utawi urut-urutaning aksârâ Jâwâ wiwit saking nm dumugi m Dados, sadâyå wonten kalih dâså.
- Aksârâ Jâwâ kathahipun wonten 20, saben aksârâ kawastanan aksârâ lègénâ, tégésipun aksârâ wudå, tanpå sandhangan.
- Miturut kédaling pakécapanipun, aksârâ Jâwâ 20 ménikå kénging kapérang dados gangsal, inggih ménikå:

- a. aksârâ gorokan : nm nn m m
- b. aksârâ untu : m nn nn m
- c. aksârâ cêthak : m rr nn mm
- d. aksârâ ilat : m ns nr er
- e. aksârâ lambé : m r er mn

Kéjawi ménikå wonten aksârâ ingkang dipunwastani

- a. aksârâ irung : m nm er m
- b. aksârâ luluh : n m
- c. aksârâ mândåswârâ : m nn

- Sipating aksârâ Jâwâ ménikå *silabik* (aksârâ ingkang madêg satunggal-satunggal, saben aksârâ sampun mujudakên satunggal wandå) sâhå *konsonantal* (sêsigéging aksârâ utawi aksârâ ingkang kapangku, dados aksârâ swaranipun sampun ical).
- Wujud panyérating aksârâ Jâwâ ménikå wonten ingkang jêjêg sâhå dhoyong. Kalih-kalihipun kanggé ing sératan mawi aksârâ Jâwâ cap-capan sâhå sératan carik. Ingkang dhoyong limrahipun dhoyong manêngén mangun mojok kirang langkung 60° .
- Tapaking sératan aksârâ Jâwâ limrahipun kandêl tipis. Sératan ingkang tapakipun minggah ménika tipis, mandhapipun ingkang kandêl, kasérat ing sangandhaping garis.
- Aksârâ Jâwâ kasérat ing sangandhaping garis ménikå mèngku têgés gêgambaranipun manungså minângkå titahing Gusti Ingkang Murbèng Dumadi, inggih ménikå nasibipun nggandhul utawi gumantung pêparingipun Ingkang Mâhâ-kuwaos. Kanthi gêlarine gêsing kandêl-tipis, agal-alus, jasmani-rohani, *vertikal-horisontal*, inggih lair-batos ing samukawisipun katindakakên miturut paugérانing agêsang ingkang saé. Bab ménikå kagambarakên kanthi nyérat aksârâ Jâwâ condhong utawi miring manêngén boten *mangiwa*.
- Sasanèsipun aksârâ Jâwâ baku cacahipun 20, wonten aksârâ murdå, aksârâ rékan, sâhå aksârâ swârâ.
- Sandhangan minângkå praboting aksârâ Jâwâ kanggé mbédakakên ungêling wandå wonten tigå, inggih ménikå sandhangan swârâ, sandhangan panyigéging wandå, sâhå sandhangan wyanjânå.
- Têtengéripun wonten: pådå lingså, pådå lungsi, pådå pancak, pådå pangkat, adêg-adêg, pådå guru, pådå luhur, pådå madyå, pådå andhap, purwå pådå, madyå pådå, wasânå pådå, tåndhå kurung.
- Sasanèsipun kanggé nyérat têmbung-têmbung lsp., aksârâ Jâwâ ugi kanggé nyérat ångkå.

II. WAOSAN

a. Waosan kanthi Sératan Aksárå Latin Cithak Dhapukan Gancaran sâhå Pawicantênan

Waosan ing ngandhap ménikå kapéthik wétah saking buku anggitanipun S. Poedjowardojo sâhå T. Hadidjaja kanthi irah-irahan *Petikan Mantja Warna, Seri Sastra Pustaka No. I untuk S.M.A./S.G.A.* kababar déning Ganaco N.V. ing Bandung - Djakarta rikålå 1958. Waosan ing ngandhap ménikå ngéwrat bab kawruh bâså, sastrå, sâhå budåyå Jåwå.

XXIX. KANG TETEP MANTEP ING SEDYA, WIDADA KANG SINEDYA

Katjarijos lampahipun Arja Séna, boten dangu sampun tebih. mlebet wana medal wana, minggah redi mandap redi. Ing manah sakalangkung suka, gandrung dateng toja amerta. Lampahipun ladju, boten nolih ngiwa nengen, tuwin boten manah dateng bebajaning margi, ingkang pinandeng boten sanès namung toja gesang, ingkang bađé nutjékaken badanipun. Saksana ngambah djurang pepérèng, nglangkungi redi mengger pinten-pinten, ketingalipun saking ketebihan ndjenggereng. Kaťah lelurung ingkang dipun langkungi, sanget rupit ingapit-apit ing séla. Rupi-rupi tetaneman ingkang tukul sapิงgingring margi, sekarpun éndah ing warni, saha mbabar ganda marbak arum. Dasar andjrah déning kađawahanañ djawah ing mangsa kapat. Warnining sesekekan : banar, bogem, puđak, tjapaka, andul, angssana, kanigara, wilasa, malați, tandjung, prabusétmata, srigading, kananga, kemuning. Sawenéh wonten ingkang tumelung manglung ing margi. istanipun anambrana dateng Radèn Wrekodara, ingkang saweg gandrung dateng toja gesang. Brengengeng kombang ngisep sarining sekar lir péndah tangisipun sang dyah kaswasih déning kepéntjut dateng Sang Séna.

Kala samanten surja sangsaja inggil, saha sangsaja mindak sanget bentéring sorotipun, ngrangsang dateng Radèn Wrekodara, kringetipun ngantos kumjus. Saréhning keblerengen ing surja, lampahipun nundjang-nundjang. Wasana njanđung sukuning redi, ngantos ngrebah-

ken wiwitán pinten-pinten, saha ngwontenaken swara atri gumuruh. Saisining wana sami kagégéran katradjang ing sindhung prahara, tuwin pantjawora tarik. Kéwan-kéwan sami kebrasat, swaranipun ramé mawurahan. Pladjengipun salang tundjang arebat dutjung, kaťah ingkang kebentus ing séla utawi kekadjengan. Saking agenging ampuhan kidang sangsam sami ketjemplung ing djedjurang ngantos manggih pedjah. Kantil patjitilan mripatipun lumadjeng nggendring boten mawi nolih wingking, kados binudjeng ing sima bađé kamangsa. Kuwuk, rasé, jingsang, garangan tuwin mumuk, saha sawarnining bebudjengan wana ingkang alit-alit, pladjengipun kađungsangan aniba tangi. Banđèng warak, sima saha andapan kaťah ingkang sami gedjegur ing lebak, blag-blug, ketatap ing séla saéngga petjah sirahipun. Déné sawer ingkang agengipun sawiting putjang sami mulet ing uwit-uwit, temahan witipun rungkat ndawahi sawer ngantos rantas. Peksi-peksi ing kekadjengan sami kabur, swaranipun ramé pating tjaruwèt. Menggah waruning peksi : glatiķ, emprit, peking, kepodang, gočilang, drekuku, dara, platuk, prendjak, srigunting, djowan, gagak, wulung, biđo.

Kotjapa para tjantrik, wewasi, tjékél, manguju saha para adjar ingkang sami tapa wonten ing paredèn, sadaja sami kaget, gumredeg pladjengipun numruk bentus, awit adjrih mireng swaraning prahara gumuruh ngédab-édabi. Saking kesesanipun ketunipun mentjelat pating blesar, sandanganipun mèh sami mlesat, tjawetipun kesingsal, satemah sadaja sami kaſéteran, wonten ingkang brangkangan, wonten ingkang keglundung ing pepérèng. Sawarnining para tapa manahipun sami tabtaban, sedyanipun sami ngupados pangungsèn ing pađusunan ing sakiwa tengenipun ngriku. Sawenéh wonten ingkang saweg amemudja, ngungkung swaraning genja pamudjan, datengipun angin sindhung prahara, pantjawora tarik, temahan gugup anggenipun njawuraken sekar-sekar ura, margi kesesa ngungsekaken gesang.

Lampahipun Radèn Wrekodara, panenggaking Pandawa, sampun dumungkap ing redi Tjandra-muka. Guwanipun énggal binukak, redi dinunungan, sélanipun inguntjalaken tebih pating blesar. Kekadjengan ageng-ageng kabédołan binutjal ngiwa nengen, redi Tjandramuka ngantos ketingal bosah-basih. Ananging kangélanipun Sang Séna djebul tanpa tuwas, awit toja gesang ingkang dipun padosi boten pinanggih.

Gantos ingkang katjarijos, buta kembar kekalih ingkang ade-dangka wonten ing ngriku, anama Rukmuka tuwin Rukmakala. Sareng mireng swara pating glabruk saha angin gumuruh, sakalangkung kagét saha maras manahipun. Boten dangu mambet gandaning djanma. Buta kembar kekalih medal saking guwanipun sarwi gero-gero kados Batara Kala bađé nggempur bumi. Saking seruning panggero siti kados bađé bengkah, langit kados kontrag-kontrag. Tumunten sumerep Sang Wrekodara, énggal dipun bandem séla. Nanging Arja Séna boten padja-padja adjrih, panggah sadjangkah boten mundur saking panggénipun, ladjeng sesumbar : „He buta kembar, kowé pantjén watak

dursila, djer kowé arep ngarah patiku". Sang Rukmuka tuwin Sang Rukmakala bengis wangulanipun : „Hèh manungsa, banget anggonmu ora weruh ing tata, ora wurung kowé mati déning aku, awit kowé wis dosa, wani-wani ngrusak gunung sing takenggoni."

Dérèng telas anggèmpun witjanten, Arja Séna ladjeng katubruk, kinereg sinebrak-sebrak, nanging Sang Séna boten busik, malah wasis ing panangkisipun. Buta kekalih sanget kawekèn ing manah anggènipun nanđingi Arja Séna. Dipun tjakot boten tejas, dipun suduk boten pasah. Déné Arja Séna tansah panggah abakuh, boten kirang ing we-wéka. Sang Rukmuka énggal kadjambak, sijungipun kabiți ngantos tugeł. rambutipun kaukel, ladjeng kasabetaken ing wit gurda, adjur rumur anggalepung, utekipun mantjurat sumamburat. Sang Rukmakala nunten mangsah bađé apepulih, pangamukipun sampaun kados tiwikramanipun Baṭara Kala. njakot, ndupak, mbiți, ndengkul saha njikut. Radén Wrekodara boten talompé. Sang Rukmakala ladjeng katjanđak, kabanting ing séla gegilang, adjur mbaledug, rahiipun pating semburat. Sapedjahipun Sang Rukmuka tuwin Sang Rukmakala, wangkénipun sirna dadakan. djer kakalihipun déwata ingkang saweg manggih papa tjintraka. Menggah sadjatosipun Sang Hjang Endrabaju, dinukan dateng Sang Hjang Pramési. ladjeng malih dados danawa kembar, adedangka ing guwanipun redi Tjandramuka.

Prabu Judistira ladjeng ngrangkul Arja Séna. Radén Ardjuna, Nakula lan Sadéwa sami njungkemi sukunipun sarwi nangis ngamali-amah. Radén Patjawala senggrug-senggrug njepengi pontjoting dodotipun : déné Déwi Sumbadra saha Déwi Srikanđi nggondeli sabukipun kalijan rawat waspa. Déwi Drupadi nggubel ing ngadjeng sarwi nangis ngantos magep-magep. Akaṭah-kaṭah pangandikanipun Sri Naréndra Kresna, tingalipun akembeng waspa, menggak pikadjengipun satrija ing Djodipati. Radén Danandaja nunten njepengi tanganipun ingkang kiwa, Radén Nakula saha Radén Sadéwa sami njikep tanganipun ingkang tengen sarwi nangis tanpa kendat. Nanging sampaun watakipun Radén Wrekodara boten kéging dipun ampah, pinalangana mlumpat, dinađunga međot. Ladjeng kroda, ingkang sami nggudjengi kiwa teingen saha ngadjeng wingking sami kakipataken, ngantos sami mantjelat dawah ing siti. Arja Séna wekasan mberot, medal saking kađaton, lampahipun ngitar boten mawi nolih wingking, sakedap sampaun tebih.

Kotjapa ingkang tinilar ing kađaton Ngamarta, sadaja sami nangis ramé awajang-wujungan. Para Pandawa sagarwa putra sami ngadep dateng Prabu Kresna, sami ndeku ing ingarsanipun. Bađé nusul Arja Séna kapenggak Prabu Kresna. Kaṭah-kaṭah anggènipun ngrerapu saha paring pitutur. Para Pandawa sakalangkung kuwur ing manah, temahan sami këndel, namung pasrah dateng Baṭara ingkang linuhung. Prabu Kresna nunten kondur amakuwon.

Mangsuli tjarijosipun Arja Séna, sakedap sampaun mandjing ing wanadri. Saking adrenging manah, boten ngétang sawarninining bebaja

ing margi. Tetijang ingkang sami kepetuk sami gawok. Kekadjengan ingkang katut ing angin sumjak swaranipun kados nangisi késahipun Sang Séna. Sekar-sekar mbabar ganda marbuk arum. ébahipun sairib ngawé-awé Arja Séna, kapurih wangsl dateng Ngamarta. Sekar ga-dung sumjar binarung sekaring kemuning. Sekar angsana tuwin pudak kasilir ing angin lir péndah wentisipun para putri nggondeli Radén Wrekodara. Tjanggerétnong swaranipun mawurahan kados panangisipun Déwi Drupadi. Merak njangungong ing wingking sareng kalijan swaranipun peksi tjutjur, saémper panguwuhipun para Panđawa akèn wangsl Arja Séna dateng Ngamarta. Swaraning peksi pating tjaruwèt asauran kados suka pitutur dateng panenggaking Panđawa, ing margi ingkang ngatos-atos. Beluk, darès tuwin dokan sami njamber-njamber ing langit, tandukipun pinda bađé ngadangi lampahipun ingkang saweg gandrung ing toja gesang, akèn wangsl manggih para kadang. Ungeling kongkang ing blumbang saha pangorékking kođok kados déné ngéngetaken sawarninipun durgamaning margi ingkang kaambah dateng panenggaking Panđawa.

Sareng surja sampaun serap, ing wanadri repet-repet ladjeng peteng. Rembulan panudu boten ndadari, namung lintang-lintang ingkang ketingal pating kreliп kados sesotya sinawuraken ing awang-awang, niunangka dedamaring dalu. Sirep swaraning peksi alit-alit, namung peksi kuđasih mungel ing pang asauran, swaraning tikus pating tjirilit, kados-kados ngéngetaken Arja Séna dateng beabajaning margi, kabekta saking sandi-upajanipun Danjang Drona. Saéstu jén udjaripun resi Drona nganandaka, nedya adamel tjilakaning agesang.

Kawuwusa Radén Wrekodara, Satrija ing Djodipati. Lampahipun namung anut ing sukuning redi medal ing djurang trebis. Boten dangu ing sisih wétan ketingal wonten tjahja sirat-sirat abrit ragi katutupan ing méga, pratañjanipun Baṭara Surja mađangi djagad, mungup-mungup ing putjaking redi, kados putri adi ngawé dateng semajanipun. Nunten ramé swaranipun paksi ing kekadjengan pating tjaruwèt milengi kuping. Panjengaking peksi tjakak pinda asung wangsit akèn wangsl dateng ingkang saweg kalunta-lunta. Pandjeritipun ajam wana kados awewarah dateng Sang Séna njingkirana wana pringga. Akaṭah-kaṭah sasmitaning sato kewan saha sesekaran dateng Arja Séna. tangèh jén kautjapna sadaja.

Lampahipun Radén Wrekodara njanđung séla njémpar lungka, minggah mandap tanpa këndel. Boten antawis dangu dumugi ing kisiking samodra, alunipun ageng gumuruh nempuh parang, sumjak lir suraking pradjurit aprang, Sang Séna njaketi sarwi lonlonan. Ing ngriku ketingal karangipun pating panđukul kataweng ing ampak-ampak. Sawenéh wonten ingkang mèmper liman méngo, sawenéh malih sairib liman ndjerum. Radén Wrekodara mandeg mangu lampahipun sinambi njawang ombakipun saganten, golong gumulung kados guling. Kepjuring ombak nempuh karang kados sekar glagah katempuh ing

angin. Déné ombak ingkang wonten ing tengah mawalikan, gora guerah nggegiris, adamel kuwuring manah. Kapjuk-kapjuking toja sa-antawisipun kekarangan kados nambrama datengipun Sang Arja Séna.

Ing ngriku Radén Wrekodara ngadeg ndjenger, oneng dateng para kadangipun ingkang kantun ing pura. Tumunten kènetan dateng wewarahipun ingkang raka Nata ing Ngamarta, sajektos jén pandita Drona ngamandaka udjaripun. Nanging gék kados pundi malih, watak wantunipun satrija, lingsem jén wangtsula. Iuwung nempuh bjat nge-masi ing samodra.

Wau ta ingkang ketingal ing saganten, pinten-pinten kaṭahing baita, lajaripun pating karelab kasorotan ing surja. Tijangipun pating karedap kados walang sumamburat. Déné warnining baita : djong, djukung, majang, wangkang, kunting, sampan, gjota. Sang Séna ndje-nger kados tugu manik sinukarta, njawang sawarnining baita, kадамел ngleledjar manahipun. Alun ageng nggegilani langgeng agolong gunulung, tojanipun mantjur njiprati kekisik. Wedi maléla ketingal nengsemaken kados sarining sekar. Sangsang lémbak-lémbak lir péndah tjemara uwah saking gegelungan sang dyah adamel brangta. Pinten-pinten langening toja ing samodra, adamel sengseming manah, pandjang jén winarnia ing tulis.

Katjarios Radén Wrekodara, dangu anggènipún nggagas kawon-tenaning badanipun, winangwang saking wiwitán dumugi ing wekasan, sinambi njawang langening sainodra. Ingkang kaépi-épi boten wonten sanés namung toja amreta. Manawi boten saged manggih toja sutji, suka lila pedjah ing samodra. Nunten tjantjut taliwanda, saksana nem-puh bjat nggebjur ing samodra, ladjeng nglangi manengah. Alun ageng agolong gunulung melek badanipun. Ombak djumegur sumembur nam-pék rainipun tanpa këndel. Sang Séna boten kirang ing wewéka, ladjeng inggék, toja sumaput dumugi ing gulu. Sanalika kènetan adjinipun anama adji Djalasangara. Énggal winatek kalijan patitis, sangsaja wewah kakendelanipun, sapandurat sampun dumugi ing satengahing saganten.

Wau ta ing telenging samodra, dumadakan wonten ketingal kumambah ing toja, kampul-kampul manut lampahing alun, agengipun angébat-ébatí, swaranipun ngakak, tandangipun agalak. Sangsaja dangu sangsaja tjaket ngambang kejingal gumawang, agengipun saredi anakan kumelap sarwi njembur-njembur sakalangkung nggegiris. Toja kinebur kados saganten umob, swaraning ombak djumegur kados badé ngrentahná langit.

Sareng Sang Séna sumerep, sakalangkung kagét, manahipun deg-degan, panggraitanipun : „Iki ana behaja nekani”. Wrekodara lang-kung déning éram sumerep agengipun. Sanalika swaraning saganten djumegur kados guntur. Ingkang kumambah swaranipun ngikik tjekikikan, tjangkemipun nunten mangap saémper lènging guwa, sijungipun mingis-mingis kumilat lir taṭit, déné wisanipun sumembur kados grimis.

Saksana njaut wani, ladjeng mulet Arja Séna saha ndengkék sairib bađé mbanting Sang Bajusuta, satemah angles kesungsang kapulet ing naga. Wisanipun tumampek ing rainipun, mila Arja Séna sangsaja kewedan ing manah, sampun njana jén bađé pedjah, sajah marlupa dipun obat-abitaken déning naga. Badanipun sakodjur sampun ginubet, namung gulunipun ingkang boten, nunten sarosa ginéndèng manengah. Nalika samanten sakaṭahing baita ingkang wonten ing saganten énggal sami ontjat, njana jén wonten angin prahara tuwin pantjawora tarik dateng, pramila sadaja sampun sumingkir tebih.

Kawarna Radén Wrekodara ingkang saweg pantjakara kalijan naga. Sang Arja Séna tansah prajitna, awas angén mangsa. Trang-ginas pun naga ladjeng dipun tjubles kalijan kukunipun pantjanaka. Pun naga ketaton, temahan rahipun sumamburat aderes. Kuku pantjanaka mandjing ing badanipun naga, nunten djinuwung-djuwing ngan-tos pating saluwir. Rahipun aderes tanpa kendat, awor kalijan toja saganten, saéngga kiwa tengen sapaningal tojaning saganten dados abrit, sampun prasasat ketingal kados rah. Boten dangu pun naga sampun tiwas, pedjah déning Sang Arja Séna, ndadosaken suka bingahing manahipun sawarnining isén-isénipun saganten.

Sadangunip Radén Wrekodara aperang tanding kalijan naga. Sang Murbèng Djagat boten kekilapan. Sanget kamiwelassen dateng Arja Séna, déné sakalangkung kaswasih kekah ing sedya, ngupadosi toja gesang manut pitedahing guru.

Bimasutji sasampunipun angsal pantjaretna, ladjeng énggal medal saking guwa-garbanipun Déwarutji. Sadaja paningal sampun malih, sakala sampun wangslu ing ngalamipun ingkang lami. Déwarutji sak-sana sirna.




Katjarijos Radèn Wrekodara, inggih Bimasutji, sasampunipun tampi kanugrahan saking Déwarutji, manahipun dados mulus rahaju, awit hardaning manah dateng pepinginan sampun sirna. Sariranipun maja-maja kados nganggé sutra adi, rinengga ing manik nawaretna. Mila asesumping sekar mas winarni sekar puçak, kawastanan kasturi djati, minangka pratanda jén sampun putus ing sakliring kawruh. Akekampuh saha atjalana polèng bang bintulu, awarni sakawan, ginubet ing naga minangka pangèngét-èngét nalika pantjakara kalijan naga ing telenging saganten. Déné warni sakawan wau minangka pangèngét-èngét nalika mandjing ing guwa-garbanipun Déwarutji. Warni ingkang tjemeng, abrit saha djené punika mengsah ingkang ngadhangi lampah ingkang prajogi, déné warni peçak punika pralambangipun kassebadungan pangangkah ingkang utami. Rupi gangsal punika ginambar ing busananipun Radèn Wrekodara.

(Bima Sutji)

b. Teks Sératan Aksárå Jåwå Cithak Dhapukan Gancaran sâhå Sêkar

Waosan ing ngandhap ménikå kapéthik wêtah saking buku anggitanipun Mas Mangun Sastrawardaja kanthi irah-irahan *Campur-Bawur* kababar déning J.B. Wolters' Uitgevers Maatschapij N.V. ing Groningen - Djakarta rikålå 1950. Waosan ménikå kaangkah sagêdå dados gêgambaraning kawruh ing bab kawruh båså, sastrå, sâhå kawruh budåyå Jawi.



m a m

॥ अ॒र्द्ध॑ या॒र्द्ध॑ ॥

॥ अ॒र्द्ध॑ या॒र्द्ध॑ ॥ गी॑ ली॑ ली॑ ली॑ ली॑ ली॑ ली॑ ली॑ ली॑
गी॑ ली॑ ली॑ ली॑ ली॑ ली॑ ली॑ ली॑ ली॑ ॥

॥ဟାତ୍ରାଗଣନ ॥

(8^o — 8 — 8^o — 8 — 7 — 8 — 0 — 8 —)

ଆମେ ପାଇ ଦେଖି କି ବା କାହିଁ ହୁଏ
ଗପନ ଲିଖିଲା ଯାଏରୁ ତଥାବ୍ଧୀ ଶବ୍ଦରେ ତଥା
ଲିଖିବା ଲିଖିବା ବା କିମ୍ବା କାହିଁ ହେଲା କାହିଁ
କାହିଁ ବା କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ
କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ
କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ
କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ
କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ
କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ
କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ
କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ
କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ

(ବିଚିହ୍ନିକାହିଁ କିମ୍ବା କାହିଁ କାହିଁ)

" ଓ ଏ "

ଆମେ ପାଇଲା କିମ୍ବା କାହିଁ ହେଲା
କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ
କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ କାହିଁ

III. NÂMÂ-NAMANING WÊKDAL

a. Namaning Taun

Pétangan pananggalan Jawi ménikå manut lampahing rémbulan, inggih ménikå wiwit jumédhulipun rémbulan ngantos satêlasing rémbulan. Pétangan dintên ugi makatén, kawiwitan saking jumédhuling rémbulan, ngajéngakén sérap suryå dumugi séraping suryå malih. Milâ lajéng gèsèh sangêt kalihan dintên pétangan taun Masèhi, gantosing tanggal utawi dintên kawiwitan tabuh kaping 24.00 utawi pukul 00.00 dalu (Prawiradisastra, 1987).

Pananggalan Jawi wonten sésambétanipun kalihan pananggalan Islam ingkang ugi sami-sami awéwaton lampahing rémbulan. Taun Hijrah kawiwitan ing taun Masèhi 622.

Awit saking karsanipun Kangjéng Sultan Agung, taun Jawi kalarasakén kaliyan taun Islam. Inggih ménikå, kawiwitan nalikå dintên Jêmuah Légi tanggal 1 Surå, taun Alip 1555, windu Kunthårå, lambang Kulawu. Kanthi makatén, nalikå taun Šaka 1555 ingkang alêlandhesan pétangan suryå, dados taun Jawi 1555 ingkang adhêdhasar pétangan rémbulan. Taun Jawi yasan Sultan Agungan kasébut cacahipun wonten wolu, inggih ménikå: (1) Alip, (2) Éhé, (3) Jimawal, (4) Jé, (5) Dal, (6) Bé, (7) Wawu, sâhå (8) Jimakir.

b. Namaning Windu

Windu ménikå cacahipun wonten sakawan, gadhah nâmå sâhå waték piyambak-piyambak. Wondéné urut-urutanipun, inggih ménikå makatén.

- 1) Windu Adi (linangkung), watékipun kathah wêwangunan énggal,
- 2) Windu Kunthårå (ulah), watékipun kathah solah båwå,
- 3) Windu Sêngårå (banjir), watékipun kathah lèpèn banjir,
- 4) Windu Sancåyå (sêsravungan), watékipun kathah tiyang dados pawong mitra.

Lampahing windu ingkang laminipun 8 taun ménikå gêntosan. Kawiwitan saking windu Adi, sasampunipun jangkép sa-ubêngan (4 windu utawi 4 windu x 8 taun = 32 taun), lajéng wangslu malih saking wiwitan tanggal 1 Surå taun Alip, windu Adi, makatén sapiturutipun.

c. Namaning Dintên

Namaning dintên ménikå wonten pâncåwårå, sadwårå, sâhå saptawårå. Ingkang kawastanan "pâncåwårå" ménikå dintên gangsal ingkang kasébut ugi dintên pêkênan, inggih ménikå: Paing, Pon, Wagé, Kliwon, sâhå Légi.

Sadwårå inggih ménikå namaning pétangan "nênêm" ingkang kanggé nênitèni wataking bayi lair sartå pétangan mupangat sâhå sirikan tumrap tiyang ingkang badhé nindakakén pikajéngan. Sadwårå ménikå ugi dipunwastani **Paringkêlan**. Nâmå-namanipun, inggih ménikå: (1) Tunglé, (2) Aryang, (3) Wurukung, (4) Paningron, (5) Uwas, sartå (6) Mawulu. Jaman samangké sampaun awis-awis kagatosakén kanggénipun. Lampahing Paringkêlan ménikå giliran sabén dintên, wiwitipun Tunglé dipunpungkasi Mawulu. Sasampunipun jangkép saubêngan (6 dintên), lajéng wangslu malih saking wiwitan. Sadwårå utawi Paringkêlan ing pananggalan jaman samangké sampaun botén kasérat malih. Ananging, taksih ngéwrat **Saptawårå**, inggih ménikå nâmå sartå pétangan dintên 7, inggih ménikå:

- | | | | | |
|-----------|----------|--------------|-----------|----------|
| 1) Ngaad | = Akhad | = Adityå | = Dité | = Radité |
| 2) Sénèn | = Senin | = Somå | | |
| 3) Séláså | = Selasa | = Anggårå | | |
| 4) Rêbo | = Rabu | = Buddhå | | |
| 5) Kêmis | = Kamis | = Wrêhaspati | = Rêspati | |
| 6) Jêmuah | = Jumat | = Sukrå | | |
| 7) Sêtu | = Sabtu | = Tumpak | | |

d. Namaning Wuku

Wuku ménikå pétangan kanggé nyumérêpi watak sâhå lampahing bayi lair. Wuku ménikå lampahipun sabén 7 dintên sapisan, wiwit dintên Ngaad dumugi Sêtu. Lampahing wuku ménikå giliran, kawiwitan Sintå kaptingkasan Watugunung. Nâmå-namaning wuku, inggih ménikå: (1) Sintå, (2) Landêp, (3) Wukir, (4) Kuranthil, (5) Tulo, (6) Gumbrêg, (7) Warigalit, (8) Warigagung, (9) Julung-wangi, (10) Sungsang, (11) Galungan, (12) Kuningan, (13) Langkir, (14) Mandhåsiyå, (15) Julung-pujut, (16) Pahang, (17) Kuruwêlut, (18) Marakèh, (19) Tambir, (20) Madhangkungan, (21) Maktal, (22) Wuyé, (23) Manail, (24) Prangbakat, (25) Bâlå, (26) Wugu, (27) Wayang, (28) Kulawu, (29) Dhukut, sartå (30) Watugunung.

Satunggal wuku umuripun 7 dintên. Lampahipun sasampunipun sa-ubêngan = $7 \times 30 = 210$ dintên, lajeng wangsl saking wiwiton malih.

e. Namaning Asthåwårå

Asthåwårå kasébut ugi Déwå dinå, Padéwan. Asthåwårå ménikå namung kanggé nyumérêpi wataking bayi lair (kawaoså buku *Primon*). Caranipun ngétang sasat mèh botén naté kasrambah ing padintenan. Ananging bab ménikå kalébêt ing kabudayan Jawi. Asthå = 8, wårå = pétangan, inggih pétanganing dintên. Dados, Asthåwårå ménikå wonten wolu: (1) Sri (Bathari Sri), (2) Indrå (Bathårå Indrå), (3) Guru (Bathårå Guru), (4) Yâmå (Bathårå Yâmå), (5) Rudrå (Bathårå Rudrå), (6) Bråmå (Bathårå Bråmå), (7) Kålå (Bathårå Kålå), sâhå (8) Umå (Bathari Umå).


f. Namaning Nåwåwårå

Nåwåwårå utawi Padangon ménikå pétangan dintên cacahipun sångå. Nåwåwårå ménikå kanggé nyumérêpi wataking bayi lair. Nâmå-namaning Nåwåwårå, inggih ménikå: (1) Dangu, (2) Jagur, (3) Gigis, (4) Kérangan, (5) Nohan, (6) Wogan, (7) Tulus, (8) Wurung, sâhå (9) Dadi.


IV. CÅRÅ ANGGÈNIPUN NYÉRAT CARAKAN

Kadospundi mènggah lampah-lampahing anggènipun nyérat aksårå Jåwå ménikå sagêd dipun-gatosakên wonten ing tulådhå ngandhap ménikå. Bab wêwangunaning sératan aksårå Jåwå ménikå dipunpêndhêtakên saking sératan ingkang irah-irahanipun "Bab Wêwangunanipun Aksara Jawa" anggitanipun B. Arintaka (1983) kanthi éwah-éwahan sawatawis.


Gambar sapéranganing awak-awak aksårå Jåwå
doyong kirang langkung 60°




Carakan




Gambar
saperanganing
awak-awak aksarâ Jâwâ
doyong
kirang langkung
60°




Gambar 1
Aksarâ: hâ
pérganipun:
1 - 2½ - 2 - 2




Gambar 2
Aksarâ: nâ
pérganipun:
1 - 1½ - 2




Gambar 3
Aksarâ: câ
pérganipun:
2 - 2½ - 1
cucuk - 1




Gambar 4
Aksarâ: râ
pérganipun:
2 - 2
angkatanipun wiwit
tengah-tengahipun



Gambar 5
Aksarâ: kâ
pérganipun:
1 - 1½ - 2 - 2




Gambar 6
Aksarâ: dâ
pérganipun:
1 - 2½ - 2




Gambar 7
Aksarâ: tâ
pérganipun:
a) 1 - 1 - 2½ - 2
b) 1 - 2½ - 1 - 2




Gambar 8
Aksarâ: sâ
pérganipun:
2 - 2½ - 1




Gambar 9
Aksarâ: wâ
pérganipun:
1 - 2½ - 1
cucuk - 1




Gambar 10
Aksarâ: lâ
pérganipun:
2 - 2 - 2½ - 1



Gambar 11
Aksarâ: pâ
pérganipun:
1 - 2½ - 1




Gambar 12
Aksarâ: dhâ
pérganipun:
a) 1 - 3 - 1
b) 1 - (1½ - 1½)
cucukipun 1



Gambar 13
Aksarâ: jâ
pérganipun:
2 - 2½ - 1
cucuk - 1




Gambar 14
Aksarâ: yâ
pérganipun:
1 - 2 - 1 - 2 - 1




Gambar 15
Aksarâ: nyâ
pérganipun:
a) 1 - 1½ - 1 - 2 - 2 - 2
b) 1 - 2½ - 2 - 2 - 2




Gambar 16
Aksarâ: mâ
pérganipun:
a) 1 - 1 - 1½ - 1
b) 1 - 2½ - 1
cucuking ing tengah




Gambar 17
Aksarâ: gâ
pérganipun:
2 - 2 - 2
wiwitipun ing
tengah-tengah



Gambar 18
Aksarâ: bâ
pérganipun:
a) 1 - 1½ - 1 - 2 - 2
b) 1 - 2½ - 2 - 2



Gambar 19
Aksarâ: thâ
pérganipun:
a) 1 - 1½ - 1 - 2
b) 1 - 2½ - 2
c) clékénthog
dumugi
tengah-tengah




Gambar 20
Aksarâ: ngâ
pérganipun:
a) 1 - 1½ - 1 - 2
b) 1 - 2½ - 2


Pasangan




Gambar 21
Pasangan : pâ
pérganipun:
3½ - 1




Gambar 22
Pasangan : sâ
pérganipun:
3½ - 1
corakipun klérés
ing tengah




Gambar 23
Pasangan : pâ
cérék (kérék no. 21)
nggandhulipun
cérék dhawah
tengah-tengah




Gambar 24
Pasangan : pâ
murda
pérganipun:
2½ - 1½ - 1
bundhelinipun
dhawah ing tengah



Gambar 25
Pasangan : hâ
pérganipun:
3½ - 2 - 2



Gambar 26
Pasangan : râ
kaliyan gâ sami
pérganipun
namung kaot
sak-suku



Gambar 27
Pasangan : kâ
pérganipun:
1 - 1½ - 2
katambah 3½




Gambar 28
Pasangan : kā murdā
pérenganipun:
1 - 1½ - 2 - 1 - 2



Gambar 29
Pasangan : lá
pérenganipun:
2 - 2 - 3½



Gambar 30
Pasangan : tā
pérenganipun:
a) 1 - 2½ - 1 - 3½
b) 1 - 1 - 2½ - 3½




Gambar 31
Pasangan : tā
murdā, wā
pérenganipun: 3
awangun
bundéran




Gambar 32
Pasangan : dā
pérenganipun : 5



Gambar 33
Pasangan :
nā, wā, mā,
pérenganipun:
sami 3




Gambar 34 Pasangan : já, cā, bā.
pérenganipun: kapriksanánā
gambar



Gambar 35 Pasangan : pā murdā, dhā, thā.
pérenganipun: kapriksanánā
gambar


Sandhangan




Gambar 36 Sandhangan swārā:
taling tarung= O



Gambar 37 Sandhangan swārā: wulu,
cēcak, pépēt cēcak




Gambar 38 Sandhangan panyigéging
wandā = layar, wignyan. Tétengér ing
sératán: pádā lingsā, pádā lungsi,
pádā pangkat




Gambar 39 Adég-adég
(tétengér ing sératán), sandhangan suku,
sandhangan wyanjánā cákra




Gambar 40
Sandhangan
wyanjánā
cákra kérét




Gambar 41
Sandhangan
nyā
Sandhangan
wyanjánā
péngkal




Gambar 42
Sandhangan
wyanjánā
cákra suku



Gambar 43
Tandhā
pangkon
(patèn)



Gambar 44
Aksará murdā: nā




Gambar 45
Aksará murdā: kā




Gambar 46
Aksará murdā: tā




Gambar 47
Aksará murdā: sā




Gambar 48
Aksará murdā: sā
(sá kembang)



Gambar 49
Aksará murdā: pā



Gambar 50
Aksará murdā: gā




Gambar 51
Aksara murdā: bā




Gambar 52
Aksara murdā: nyā


Rékan



Gambar 53
Aksara rékan: kha




Gambar 54
Aksara rékan: fa/va




Gambar 55
Aksara rékan: nya


Swårå



Gambar 56
Aksara swårå: a




Gambar 57
Aksara swårå: i



Gambar 58
Aksara swårå: u




Gambar 59
Aksara swårå: é




Gambar 60
Aksara swårå: o


Ångkå




Gambar 61
Ångkå: 1
(siji/satunggal)




Gambar 62
Ångkå: 2
(lоро/kalih)




Gambar 63
Ångkå: 3 (tēlu/tigå)




Gambar 64
Ångkå: 4 (papat/sakawan)




Gambar 65
Ångkå: 5
(limå/gangsal)




Gambar 66




Gambar 67
Ångkå: 7 (pitu)



Gambar 68
Ångkå: 8 (wolu)




Gambar 69
Ångkå: 9 (sangå)




Gambar 70
Ångkå: 0 (nul/das)


Pådå




Gambar 71 Pådå guru (pådå ugér-ugér)




Gambar 72 Pådå pancak




Gambar 73 Pådå luhur



Gambar 74 Pādā madhyā




Gambar 75 Pādā andhup



Gambar 76 Purwā pādā/mangajapā bēcik






Gambar 77 Madyā pādā/mangajapā mandrāwā



Gambar 78 Wasāmā pādā/mangajapā iū (iū)




Canto seratan ageng = 1 godhagan = 8 mm.



Canto seratan cikanan = ½ godhagan = 4 mm.




Canto secahan alit = ¼ godhagan = 2 mm.



Contoh kerjaan alit (dakor) 5 mm. (1/2 mm)

KRIDHA SASTRA JAWA (Kaligrafi)



KALIGRAFI (KRIDHASASTRA)

Ekt.agan kanthé ringkosi

- a) wujud gambar sangkorongan, liarshikun gambar ringgit wasucul: Semar, Garong, Potruk, Bagoag, utawi anaesipun malih.
- b) Salobitpun sangkorongan weu iei suratan Arab, Latin, Kanji, Jawi lan
- c) Suratan wan wujud ukara, saloka, paribahasa, lafal, doang-doang esanwanggil-anipuna.
- d) Suratnugor suratnugor liarshikun wonjuk suratu pendhidhikan budi pakarti. Nggak pangajab cupades pura cawangan sani manggih kawblujongan ing donya tuwih akurat. Apesiapa sagek miguwanal dhuente ngasarakut utawi Nuus lae Bungsu.
- e) Gambar kaligrafi utawi Kridha-sastru weu ingkang langkung kautamahalan amung kaandhaaning suratana, alus, luwe, lessa, Dudes weangandineing suratna sagek warini-warini. Bhayong silang-suriyan, pajaung-colakigen, kundul-tipto ipua lep. manut nascipuna ingkang agunggit. ?rusilai pascipuna rudi angke, eadon angolipun maoe candru sangkala.
- f) Gunungan, liarshikun namung kaeggo rovraggingan kumar tuwu.

Wasana onduyu atur kula wanu purwa, endya, wanana nyumanggekehane


Yogyakarta, 4 Juli 1983

Atur kula,

V. KAWRUH WUJUD SÂHÂ CÉNGKOK UTAWI GAMBARING RINGGIT


Wujud sâhâ céngkok utawi gambaring ringgit ing ngandhap ménikâ péongan sårâsilahing ringgit kapêndhêt wétah saking buku anggitanipun Toeriman M kanthi irah-irahan *Wayang Purwa (Silsilah)*, Jilid 1 awujud makalah kasérat ing Purwokerto, 28 Oktober 1984. Sasanèspun buku ménikâ ugi kaginakakén gambar-gamabar ringgit ingkang kapêndhêt wétah saking gambar reproduksi (*Koleksi Pranowo*) ing buku *Kelir Tanpa Batas* kaanggit déning Umar Kayam, rikålå 2001 babaran Gama Media ing Yogyakarta. Gambar-gambar ringgit ménikâ kaangkah minångkå sarânå tambahipun sésérepan ngéngingi bab kawruh ringgit ing kabudayan Jawi.

SILSILAH BAMBANG SAKUTREM → BEGAWAN ABIAYASA




SILSILAH BAMBANG PALASARA → R. YAMAWIDURA


Palasara pencipta negara Astina, karena permintaan Dewi Durgandini, ia putri raja harus bersuami seorang raja pula; kata Durgandini




SILSILAH DARI BEG. ABIYASA PANDHAWA DAN KORAWA




SILSILAH DARI ABIYASA → LESMANA MANDRAKUMARA




PRABU DRESTRARAstra PEPUTRA 100 (SATA KURAWA)




Prabu Pandhudewanatan
dengan dua permaisuri dan
putra-putranya Pandhawa




PR. KRESNA DIPAYANA - B. ABIYASA




**SILSILAH DARI
PRABU PANDHUDEWANATA
HINGGA GATHOTKACA**



SILSILAH PRABU PANDHU → PRABU PARIKESIT




SILSILAH MATSWAPATI RAJA DI WIRATHA





SEMAR BADRANAYA DAN PARA DEWA PUTRA-PUTRANYA

KILURAH SEMAR
(Bathara Ismaya)
ବାହରା ଇସମ୍ୟା



PARA PUNAKAWAN

Urutan saka tuwa/berurut dari yang tua

Mataraman : Semar, Gareng, Petruk, Ian Bagong

Banyumasan : Semar, Bawor, Gareng, Ian Petruk



Carub Bawor

yen Banyumasan ora migunakake Bagong
jika Banyumasan tidak mempergunakan Bagong



Bagong

yen Mataraman ora nganggo Bawor
jika Banyumasan tanpa Bawor



Kyai Lurah Togog

Punakawan sabrangan/bala buta, raseksa



Sarawita (bilung)

BATHARA GURU LAN SAWATAWIS PARA DEWA PUTRA-PUTRINIPUN
dan sebagian para Dewa putra-putrinya


Sang Hyang Tunggal
peputra/berputra




Sang Hyang Guru
សោង ឃុំ ពុំ


Sang Hyang Narada
សោង នារោដា

1. Sang Hyang Tejamaya
2. Sang Hyang Ismaya
3. Sang Hyang Manikmaya




Prabu Dasarata raja di Ayodya
berputra 4 orang laki-laki semua





PRABU BASUDEWA RAJA DI MANDURA MENGGANTIKAN AYAHANDA PRABU BASUKUNTHI




Ratu ing Mandura anggentosi ingkang rama, Prabu Basukunthi



PRABU SRI BATHARA KRESNA RAJA DI DWARAWATI

Ratu ing Dwarawati

Ketika muda bernama Nayarana
Nalika enom ajeneng Nayarana




Patiñ Udawa
ପାତିନ୍ ଉଦାଵ
Satriya Lesanpura

Satriya Widarakandang

R. ARJUNA LAN PARA GARWA

R. Arjuna dengan para istri




R. ARJUNA LAN GARWA PUTRA

R. Arjuna dan anak istri





BEGAWAN BAGASPATI
DENGAN ANAK CUCUNYA


ia mati oleh menantunya sendiri
Narasoma yang akhirnya
bergelar Prabu Salya




SILSILAH KAPI JEMBAWAAN



Para putri



Ringgit Wacucal Pandåwå (Céngkok Ngayogyåkartå)



Ringgit Wacucal Kuråwå (Céngkok Ngayogyåkartå)





Ringgit Wacucal Gathotkåcå Céngkok Ngayogyåkartå, Suråkartå, sâhå Jawi Wétan



Ringgit Wacucal Dursåsåna Céngkok Ngayogyåkartå, Suråkartå, sâhå Jawi Wétan



Ringgit Wacucal Dåsåmukå Céngkok Ngayogyåkartå, Suråkartå, sâhå Jawi Wétan



Profil-ing Panyérat



Hesti Mulyani kalairakêñ wontên ing Nyayogyakarta Hadiningrat rikålå taun 1961. Pamulangan luhuripun (*Strata 1*) kagayuh wontên ing Jurusan Sastra Nusantara, Fakultas Sastra Universitas Gadjah Mada (1987), déné ingkang *Strata 2* kagayuh wontên ing **Program Studi Sastra, Jurusan Ilmu-Ilmu Humaniora, Program Pascasarjana Universitas Gadjah Mada** (2003). Sératan kanggé nggayuh sarjananipun kanthi irah-irahan *Babad Trunajaya: Bagian Kematian Pangeran Alit* (*skripsi*), déné sarjana S-2-nipun kanthi irah-irahan *Serat Asmaralaya: Suntingan teks, Terjemahan, dan Analisis Semiotika* (*tesis*). Wiwit taun 1988 dumugi sapriki dados guru wontên ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. Sératanipun ingkang gayut kalihan panalitèn, antawisipun “*Falsafah Hidup Jawa dalam Serat Centhini*”, “*Bentuk dan Isi Ajaran K.G.P.A.A. Mangkunagara IV dalam Naskah Sriyatna*”, “Ajaran Moral dalam Grénda Budaya Karya Ki Hadiwidjana”, “Penyelamatan Naskah-naskah Jawa Melalui Penelitian Filologi”. Sératanipun ingkang sampun kababar, antawisipun *Pengantar Tatabahasa Sansekerta* (Kanwa Publisher Yogyakarta, 2012) sâhå *Membaca Manuskrip Jawa* (Kanwa Publisher Yogyakarta, 2012).



REPUBLIK INDONESIA
KEMENTERIAN HUKUM DAN HAK ASASI MANUSIA
SURAT PENCATATAN CIPTAAN

Menteri Hukum dan Hak Asasi Manusia Republik Indonesia, berdasarkan Undang-Undang Nomor 28 Tahun 2014 tentang Hak Cipta yaitu Undang-Undang tentang perlindungan ciptaan di bidang ilmu pengetahuan, seni dan sastra (tidak melindungi hak kekayaan intelektual lainnya), dengan ini menerangkan bahwa hal-hal tersebut di bawah ini telah tercatat dalam Daftar Umum Ciptaan:

- I. Nomor dan tanggal permohonan : **C00201504203, 25 November 2015**
- II. Pencipta
Nama : **HESTI MULYANI, M.Hum.**
Alamat : Perum Griya Pesona B-3 Tangkilan Rt.006 Rw.023
Kel. Sidoarum, Kec. Godean, Kab. Sleman
D.I. Yogyakarta.
Kewarganegaraan : **Indonesia**
- III. Pemegang Hak Cipta
Nama : **LPPM UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**
Alamat : Jalan Colombo No. 1, Karang Malang
D.I. Yogyakarta 55281
- Kewarganegaraan : **Buku**
- IV. Jenis Ciptaan : **KOMPREHENSIV TULIS**
- V. Judul Ciptaan : **01 Juni 2013, di Yogyakarta**
- VI. Tanggal dan tempat diumumkan : **Berlaku selama 50 (lima puluh) tahun sejak pertama kali diumumkan.**
untuk pertama kali di wilayah Indonesia atau di luar wilayah Indonesia
- VII. Jangka waktu perlindungan : **078120**
- VIII. Nomor pencatatan

Pencatatan Ciptaan atau produk Hak Terkait dalam Daftar Umum Ciptaan bukan merupakan pengesahan atas isi, arti, maksud, atau bentuk dari Ciptaan atau produk Hak Terkait yang dicatat. Menteri tidak bertanggung jawab atas isi, arti, maksud, atau bentuk dari Ciptaan atau produk Hak Terkait yang terdaftar. (Pasal 72 dan Penjelasan Pasal 72 Undang-undang Nomor 28 Tahun 2014 Tentang Hak Cipta)

a.n. MENTERI HUKUM DAN HAK ASASI MANUSIA
REPUBLIK INDONESIA
DIREKTUR JENDERAL KEKAYAAN INTELEKTUAL
u.b.
DIREKTUR HAK CIPTA DAN DESAIN INDUSTRI

Dr. Dra. Erni Widhyastari, Apt., M.Si.
NIP. 196003181991032001